

## BAB 3

### SUNTINGAN TEKS

#### **Pupuh I (Pangkur)**

- //o// 1. //Yata kawarnaa enjang/ Seh Jangkung mangetan lampahneki<sup>(-1)</sup>/ ambekta kitiran wau/ pan sarwi den plajengna/ sakarsaning dugi Blambangan wau<sup>(-1)</sup>/ gangsal wulan laminira/ ambekta kitiran nenggih//
2. //Awangsul kiduling Rembang/ wonten bathang mahesa dipunlebeti<sup>(+1)</sup>/ tigang wulan laminipun/ ing jro bathang mahesa/ dupi wonten lare angon kathah wau/ abebathang mahesa<sup>(-1)</sup>/ wonten ingkang anjejegi//
3. //Kangge dolanan<sup>(-3)</sup>/ dene remen bathang tan bosok<sup>(i)(-2)</sup> / dalunipun Ki Seh wau/ sigra denira medal/ linggih sela thenguk-thenguk denya manduk/ aran dhusun Landhoh ika/ punika purwane nguni//
4. //Dadya yasa patilasan/ masjid alit damel salat ta nenggih/ wus sawarsa laminipun/ Seh Jangkung duk kelingan/ yata sanget dhateng bok ayunipun<sup>(-1)</sup>/ yen dalu ngipi<sup>1</sup> supena/ kadya sinendhal kang galih//
5. //Sak sajadhek bang lumampah/ datan towa [...]//
6. // [...]gapyak irinya<sup>(-3)</sup>/ ting sasenggruk wau tiyang kekalih/ Nyai Banjur alon muwus/ dhuh adhi aku nadyan/ lawas temen gonmu lunga sira iku/ dene nora nana teka/ gonku muji saben bengi//
7. //Mung ariku bae arya/ anyandhungaken rasa apa iki/ sawaluh gedhene iku/ luputa sakara-kara<sup>(+1)</sup>/ saparane bisa amanggya rahayu/ saparane den sihana/ iya ing dhadhaning jalmi//

---

<sup>1</sup> Bentuk baku dari kata ini adalah ‘ngimpi’ (bermimpi).

8. //Kang rayi alon turira/ kasinggihan dhawuh sampeyan ugi/ kula sampaun tigang taun/ lumajangaken kitiran<sup>(+1)</sup>/ inggih boten kauban griya puniku/ bilih bakune dhukuhan/ dhusun Landhoh samaneki//
9. // [...] kula supena<sup>(-3)</sup>/ pan pinanggih kelayan gon sun kang nyalib<sup>(+1)</sup>/ tur alon muwus<sup>(-3)</sup>/ apan pesthi kapanggih sabab<sup>(+2)</sup>/ saben ingsun muji iku<sup>(-4)</sup>/ sira kaundang muliha/ isun cipta jro ning ati//
10. //Abanget kangen mara<sup>(-1)</sup>/ datan darbe sadulur maning-maning/ lan maninge iya imanira<sup>(u)(+2)</sup>/ darbe nadir<sup>(-3)</sup>/ lamun sira nora sida nemu ukum/ utawa isih uripa/ aku nadar kurmat Nabi//
11. //Karo ngirima donga pisan<sup>(+1)</sup>/ marang bapak ibu ingkang wus mulih/ maring kramatolah iku/ luhur-luhur sadaya/ sun memulia nganti saka tekamu/ ing mangke sira wus prapta/ iya nuli son takoni//
12. //Lan sira ja lunga-lunga/ ta muliha iya mring wismamu lami<sup>(+1)</sup>/ ahliwaris samya lampus/ Dipati Pathi wus pati<sup>(a)(+1)</sup>/ ingkang rayi umatur anuwun nyuwun/ inggih wus karsaning Allah/ tiyang gesang angemasi//
13. //Nyai Banjur langkung suka/ ingkang rayi dene kok sampaun mulih/ genya gadhah nadar wau/ dhikir Nabi punika/ linuwaran sarwi memulih mring dhuwur/ arame tamiyan rowang/ motong mesa miwah kambing//
14. //Gancang kacarita<sup>(-2)</sup>/ iku kang Seh Jangkung pan lajeng dhukoh<sup>2</sup> nenggih<sup>(+2)</sup>/ sampaun kathah tiyangipun/ Seh Jangkung tinuwa tuwa/ dhukuhipun ingkang aran Landhoh wau/ sampaun karya patilasan/ pesalatan nami majid<sup>3</sup>// //o//

<sup>2</sup> Silap tulis dari *dhukuh*.

<sup>3</sup> Kata yang seharusnya adalah *masjid*.

## **Pupuh II (Sinom)**

- //o// 1. //Yata sampun lama-lama/ sakwarsa ing laminika<sup>(i)</sup>/ Ki Seh Jangkung kesah sowan/ jeng pangeran Kudus nenggih/ anggeguru sedyaki/ ing marga datan winuwus/ wus prapteng pasiraman/ pangeran Kudus nujoni/ pan pinarak pra santri nganther ing arsa//
2. //Seh Jangkung dhepok<sup>4</sup> ing arsa/ jeng pangeran ngandika aris<sup>(+1)</sup>/ eh si iku wong apa<sup>(-1)</sup>/ Seh Jangkung umatur aris/ kawula inggih gusti/ tiyang dhusun Landhoh ngriku/ mila kawula sowan/ dhumateng arsa jeng gusti/ bilih karsa kawula yen puruhita//
3. //Pangeran Kudus ngandika/ sun narima sira iki/ asal sira atemena/ sira madhep manthep iki/ mara kumpula dhisik/ kelawan santri akeh iku<sup>(+1)</sup>/ melu ngaji sira<sup>(-1)</sup>/ Ki Seh Jangkung matur aris/ gih sandika mung sakarsa panduka (-1)//
4. //Seh Jangkung pan sampun kempal/ kalih santri kathah nanging/ Seh Jangkung punika datan/ karsa dherek ngaji<sup>(-2)</sup>/ karyanya saben ari/ ngiseni padasan wau/ sakwarsa laminira/ Seh Jangkung neng Kudus nenggih/ karyanira namung ngiseni padasan//
5. //Bangun enjang wayahira/ Seh Jangkung sampun atangi/ lajeng atewa<sup>5</sup> kalenan/ pangeran Kudus miarsi/ sarwi ngandika bengis/ eh santri Landhoh sireku/ apa kurang karyan<sup>(-1)</sup>/ esuk-esuk nawu iki/ lan maninge apa ana iwakira//

---

<sup>4</sup> Silap tulis dari *dheprok*.

<sup>5</sup> Silap tulis dari *atawa*.

6. //Seh Jangkung alon turira/ saben toya inggih Kiyai<sup>(+1)</sup><sup>6</sup>/ amasthi wonten ulamnya/ Pangeran Kudus nulyaglis/ kinen ngalapa krambil/ rila kang kinon sampun<sup>(-1)</sup>/ pikantuk sinaosaken ngarsa<sup>(+3)</sup>/ enggal dipunpecah nuli/ nglebet krambil wonten badhere sajuga//
  
7. //Anulya mundhut lan katingal/ sekawan kathahe sami/ kinen angiseni toya/ wus cumaos aneng arsi/ pangeran Kudus mriksani<sup>(+1)</sup>/ salebetung kanthi wau/ wonten ulame sadaya<sup>(+1)</sup>/ sepat lantungan satunggil/ wader pari isinya inggih punika//
  
8. //Genthong sanga kabehira/ sanget kinen amriksani/ wonten ulame sadaya/ nanging ulamipun bethik/ pangeran mundhut malih/ toya bokor saos ngayun/ anulyanipun priksa/ pan wonten kutuk satunggil/ amancolot kolet-kolet aneng arsa<sup>(+1)</sup>//
  
9. //Pangeran Kudus saksana/ semu dangu ingkang galih/ anulya wau ngandika/ eh jebeng Landhoh sireki/ apa sira wus mangerti<sup>(+1)</sup>/ masalah sadat<sup>7</sup> puniku/ Seh Jangkung riseksana/ enggal menek uwit krambil/ dugi pupus nginggil krambil sigra dhawah//
  
10. //Punika sadat kawula/ Sunan Kudus ngandikaris/ dudu iku kang sun tanya/ sahadat kalimah kalih/ Asshaduanla Ilahaillallah<sup>(i)(+4)</sup>/ Seh Jangkung alon umatur/ niku sahadat<sup>(-1)</sup> punapa/ kala kula taksih alit/ sampun saget sahadat kadya punika//
  
11. //Pangeran Kudus usiking tyas<sup>(+1)</sup>/ wong iki wus angungkuli/ iya marang jenengingwang/ barang ciptanira nadi/ arsa guru mring mami/ kelahiran bae

<sup>6</sup> Kata ‘Kiyai’ terkadang ditulis ‘Kyai’ tergantung penggunaannya untuk memenuhi *guru wilangan*.

<sup>7</sup> Silap tulis dari *sahadat*.

iku/ apa kang den gurokena<sup>(+1)</sup>/ wong iki bakal ngungkuli/ marang ingwang ya bengcik<sup>8</sup> ingsun tundhunga//

12. //Pangeran Kudus ngandika/ jebeng Landhoh sira iki/ ingsun durung bisa mejang/ iya sira mulih dhisik/ yen wus pinaringan osik<sup>(+1)</sup>/ sira baliya mring Kudus/ Seh Jangkung umaturira<sup>(+1)</sup>/ inggih sandika Kiyai/ Ki Seh Jangkung dyan wiwit lengser ingarsa<sup>(-1)</sup>//

13. //Seh Jangkung osiking nala/ boten mantuk wismaneki/ sareng dalu wayahira/ balik tapa sedyaneki/ Seh Jangkung malebeng aglis<sup>(+1)</sup>/ aneng jumbleng puniku<sup>(-1)</sup>/ sawarsa laminira/ tan wonten janma udani/ bangun enjang wayahnya jam pitu ika//

14. //Datan kocap naminira/ selirnya pangeran nenggih/ neng jumbleng arsa tatoya/ jembutira den gambyongi/ sekar kenanga gadhing/ malathi tuwin menur<sup>(-1)</sup>/ Seh Jangkung mesem mulat/ saking jero jumbleng nenggih/ kang tetoya kaget lamun wonten janma//

15. //Siga muncul sanalika/ umatur pangeran nenggih/ pangeran dhawuh saksana/ jumbleng kinen ngepung nuli/ nimbali para mantri/ pra santana punggawa gung/ sampun pepak sadaya/ gegaman tumbak lan keris/ amiranti kados nglurug neng barisannya<sup>(+1)</sup>//

16. //Jumbleng pan sampun kinepang/ Seh Jangkung medal tumuli/ den alokaken wong kathah/ Seh Jangkung lumajeng gendring/ mangilen purugneki/ nenggel pasar kliwon wau/ ramene pasar ika/ pasar kebek gubras tai/ miwah eset agengnya sagagang-gagang//

---

<sup>8</sup> Silap tulis dari *becik*.

17. //Tiyang sapeked<sup>9</sup> sadaya/ luntak-luntak samya mulih/ Seh Jangkung sapurugira/ den bujung santana mantri/ Seh Jangkung dhelik nuli/ plingak-plinguk kang ambujung/ katelah sapunika/ wonten dhusun Klitreh nenggih/ gih punika ing nguni purwanira<sup>(-1)</sup>//
18. //Kabujeng badhe binanda/ Seh Jangkung ngatinggal malih/ binuru ing tiyang kathah/ tiyang satus kang nututi/ yen tebih den antosi/ den cepeng mlajeng Seh Jangkung/ dumugi kilenira/ ing Dengmak<sup>10</sup> ingkang nagari/ samya buyar ingkang bujeng sami kasayahannya<sup>(+3)</sup>//
19. //Katelah ing sapunika/ wonten dhusun ingkang nami/ Buyaran duk kalanira/ Panembahan Landhoh uni/ binuru duk rumiyin/ mantri prajurit ing Kudus/ anulya buru-burunya<sup>(+1)</sup>/ tiyang Kudus sami mulih/ Ki Seh Jangkung dugi lereh dhusun Gebang//
20. //Kapethuk tiyang lumampah/ bekta bumbung kalih iji/ pan isi legen ika<sup>(-1)</sup>/ Seh Jangkung angasih-asih/ bok inggih kula sungi/ manira ngorong lumayu/ legen liru ringgit tiga<sup>(+1)</sup>/ kang jaler gedheg ngesahi/ dhateng sabin karsaning amanggihan<sup>(-1)</sup>//
21. //Seh Jangkung taksih alenggah/ tiyang bogor ngucap aris/ lah adhi dika lereha/ dhateng wisma kula rumiyin<sup>(+1)</sup>/ Seh Jangkung anauri/ asanget panrimaningsun/ dika ngampiraken kula<sup>(+1)</sup>/ nanging wektu dinten iki/ dereng kenging kula kauban griya<sup>(-1)</sup>//
22. //Ing dinten wingking kewala/ dika nglarah wisma mami<sup>(-1)</sup>/ yen wonten dhusun kang nama/ inggih Landhoh pondok mami/ niku dika tiliki<sup>(-1)</sup>/ Kyai

---

<sup>9</sup> Silap tulis dari *sapeken*.

<sup>10</sup> Silap tulis dari *Demak*.

Praya asru muwus/ inggih mangsa sandaya<sup>11(-1)</sup>/ temtune kula tuweni/ tiyang bogor naminira Prayaguna//

23. Seh Jangkung ing wuwusira/ yen dika inggih gadhahi/ krambil kalih ingkang tuwa/ pikantuka sampun garing/ wonten damele ugi/ saksana Ki Praya wau/ gadhahi badhe cikal/ kathahipun kalih iji/ Prayaguna mantuk mendhet krambilira//
24. //Krambil sampun tinampenan/ dhateng Ki Seh Jangkung singgih/ anulya buru-burunya<sup>(+1)</sup>/ Seh Jangkung dhatengaken karsi<sup>(+1)</sup>/ ambyur saganten nuli/ ambekta krambilnya wau/ kang kinarya tatunggangannya<sup>(+2)</sup>/ kumambang aneng ing warih/ Ki Seh Jangkung anut saparannya ombak//
25. //Yen sampun boten rumaos<sup>(a)</sup>/ yen wonten inggiling warih/ sampun pejah raosira/ sumepak dya ngemasi<sup>(-1)</sup>/ sarta salamineki/ Seh Jangkung neng tengah laut/ pan anut purugya<sup>12</sup> ombak<sup>(+1)</sup>/ kalunta-lunta ing warih/ dugi gisiking kramat siti Jepara// //o//

### **Pupuh III (Pangkur)**

- //o// 1. //Ki Seh Jangkung nulya mentas/ aningali bathang mahesa nenggih/ Seh Jangkung sigra lumebu/ dhumateng bathang mahesa<sup>(+1)</sup>/ kawan dasa ari wau laminipun/ bathang gogrok nulya medal/ ambyur sagara malih<sup>(-1)</sup>//
2. //Krambil kalih tunggangannya<sup>(+1)</sup>/ lamun wonten angin saking wetan nenggih<sup>(+1)</sup>/ mangilen ing purugipun/ sumepa kadya sarah/ angin saking ing eler surugnya<sup>13</sup> ngidul/ sataun ing laminira/ dugi ing Palembang gisik//

---

<sup>11</sup> Silap tulis dari *sandaya*.

<sup>12</sup> Silap tulis dari *purugnya*.

<sup>13</sup> Silap tulis dari *purugnya*.

3. //Ing dalu pan lajeng mentas/ ing dharat tansah Jangkung malebeng aglis<sup>(+1)</sup>/ daleme jeng sultan wau/ Palembang samana<sup>(-1)</sup>/ terus wingking malebet ing jumblengipun/ tigang sasi laminira/ datan wonten kang udani//
  
4. //Sampun pejah raosira/ datan ngrasa yen mambet ganda bacin/ lir kadya lenggah neng babut/ gandanya amrik ngambar/ yen upami mambet ganda tan wrh<sup>14</sup> wau/ sawengi bae tan tahan/ raose dipunpejahi//
  
5. //Warnanen nagri Palembang/ tinerajang prahara pagering<sup>(-1)</sup>/ nagara miwah ing dhusun/ tan ana kaliwatannya<sup>(+1)</sup>/ tiyang sakit enjing sonten lajeng lampus<sup>(-1)</sup>/ tiyang sakit sonten ika/ enjing lajeng angemasi//
  
6. //Sultan Palembang sungkawa/ dene kathah abdine kang ngemasi/ kalangkung sejatosipun/ tan karsa dhahar nendra/ dyan warnanen enjang wanci pukul pitu/ cethinya sultan palembang/ dyan tetoya jumbleng nenggih//
  
7. //Seh Jangkung dupi tumingalan<sup>(+1)</sup>/ pan pinuju tumenga ningali inggil<sup>(+1)</sup>/ cethi kang tatoya wau/ jembutnya kinanthilan/ sekar adhi<sup>15</sup> kenanga pituwin menur/ Seh Jangkung mesem tumingal/ kadya lidhah kinaeksi//
  
8. //Cethi kagyat duk tumingal/ jroning jumbleng wonten tiyangnya nenggih/ cethi enggal nulya mantuk/ umatur kangjeng sultan/ inggih gusti kawula matur saestu/ lebet jumbleng wonten janma<sup>(+1)</sup>/ hamba waspadeng pribadi//
  
9. //Jeng sultan Palembang ngandika<sup>(+1)</sup>/ dhawuhaken jumbleng kinen ngepung aglis<sup>(+1)</sup>/ prajurit punggawa agung/ pan samya ngepung sadaya<sup>(+1)</sup>/ ingkang banter prajurit lajeng malebu/ jumblengnya sigra priksa<sup>(-1)</sup>/ leres wonten tiyangneki//

<sup>14</sup> Silap tulis dari *wruh*.

<sup>15</sup> Silap tulis dari *adi*.

10. //Parentah kinen medal<sup>(-1)</sup>/ Seh Jangkung anulya medal nuli<sup>(-1)</sup>/ sampaun binekta ing ngayun/ dhumateng ngarsa sultan/ Ki Seh Jangkung alenggah ngarsa tumungkul/ jeng sultan Palembang ngandika<sup>(+1)</sup>/ sinten sing nambet mawangi//
11. //Lah ing pundi wisma dika/ lawan malih punapa sedyaneki/ dhateng jumbleng kang jinujug/ kelangkung sukerira/ napa dika badhe dhusta marang gusti<sup>(u)</sup>/ Seh Jangkung alon turira/ kula tiyang Tanah Jawi//
12. //Seh Jangkung nami kawula/ wisma kula dhusun Miyana gusti/ jeng sultan ngandikarum<sup>(-1)</sup>/ punapa ingkang sinedya<sup>(+1)</sup>/ dhateng jumbleng puniku ingkang jinujug/ amasthi kenging hukuman/ dika kula ukum pati//
13. //Seh Jangkung alon turnya<sup>(-1)</sup>/ lah sumangga karsa paduka gusti/ wonten mutangalim ngriku/ majeng turi<sup>16</sup> panimbang/ saos unjuk dhateng kangjeng sultan wau/ gih tiyang punika<sup>(-2)</sup>/ sampaun dipunukum gusti//
14. //Sabab nagari Palembang/ waktu niki kathah kang penyakit<sup>(-1)</sup>/ luhung katedhani tulung<sup>(+1)</sup>/ kinen namba kang lelara<sup>(+1)</sup>/ lamun saguh boten estu ulun ukum/ jeng sultan dadya ngandika/ leres rembang dika kyai//
15. //Jeng sultan lajeng ngandika/ mring Seh Jangkung kinen majeng mariki/ Seh Jangkung umareg gupuh/ sultan alon ngandika/ napa dika nyagahi dadi dhukun<sup>(-1)</sup>/ nambani abdi kawula/ sadaya kang nandhang sakit//
16. //Yen saget mulyakaken<sup>(-1)</sup>/ boten estu dika kula ukumi/ Seh Jangkung alon turipun/ sagah dereng kantenan/ bok manawi katrima ingih panuwun/ dhateng Allah kang kwasa<sup>(-1)</sup>/ mangke dalu den lekasa<sup>(-1)</sup>//

---

<sup>16</sup> Silap tulis dari *ture*.

17. //Jeng sultan kondur jro pura/ angedhaton punggawa samya mulih/ warnanen ing dalunipun/ Seh Jangkung andedonga/ anenuwun ing Gusti Kang Maha Luhur/ asalat kalih rekangat/ katrima panuwuneki//
18. //Sadaya tiyang kang lara/ enjang waluya kados ing nguni<sup>(-1)</sup>/ nagari miwah ing dhusun/ pan samya multha sadaya<sup>(+1)</sup>/ kangjeng sultan arena penggalihipun<sup>(-1)</sup>/ enjang jeng sultan sineba/ mring punggawa para mantri//
19. //Ki Seh Jangkung munggeng ngarsa/ kangjeng sultan ngandika arum amanis<sup>(+1)</sup>/ lajeng ngandika Seh Jangkung/ sun mesthi tampi ganjarannya<sup>(+2)</sup>/ lamun wonten saget nambani wau<sup>(-1)</sup>/ panyakit nagri Palembang/ mesthi kula ganjar putri//
20. //Separo nagri Palembang/ ing sakniki mesthi dika tampani/ Seh Jangkung umatur nuwun/ sumangga karsa sultan/ Ki Seh Jangkung pan sampun katriman wau/ putrane jeng sultan Palembang<sup>(+1)</sup>/ Retnadiluwih kang nami//
21. //Tan cinandra warnanira/ inggih ayu tur sedhep mrak ati<sup>(-1)</sup>/ sapolahé gawe wuyung/ kaduk raga ke raga/ sampun atut genya palakramaku<sup>(-1)</sup>/ Seh Jangkung jumeneng sultan/ Palembang ingkang sapalih//
22. //Sasampunira pinrenah/ Ki Seh Jangkung aneng Palembang nagri/ sataun ing laminipun/ boten sakeca manah/ sabab dene dereng dugi lampahipun/ lereh jumenenga sultan/ pan dereng eca kang galih//
23. //Warnanen ing dalunira/ wayahipun kinten ing tengah wengi/ dyan lolos wau Seh Jangkung/ datan pamit kang garwa/ atut wuri ing sedya ciptanipun<sup>(-1)</sup>/ dadya ambyur samodra<sup>(-1)</sup>/ nunggang krambilnya kekalih//

24. //Tan kantenan purugira/ ombak ageng kombul pan kadya ardi/ asilem wau  
Seh Jangkung/ cat katon cat katingal/ apan anut saparannya ombak wau/  
sangang sasi laminira/ dugi gisik Cerbon nuli//
25. //Yen enjang dhedhe dharatan/ lamun dalu ambyur sagara malih/ krambil  
kalih datan kantun/ byar enjang nulya mentas/ lamun wayah bedhug aneng  
toya kungkum/ saben dina datan pegat/ Seh Jangkung amendha<sup>17</sup> wisya<sup>(+1)</sup>//
26. //Seh Jangkung sapungkurira/ garwanira babar wawratan neki/ miyos estri  
langkung ayu/ anenggih sultan Palembang<sup>(+1)</sup>/ amriksani ingkang putra darbe  
sunu/ jeng sultan Palembang ngandika<sup>(+1)</sup>/ lakimu ana ing endi//
27. //Kang putra alon turira/ boten pamit kaliyan kula nenggih/ kesahnya dalu-  
dalu<sup>(-1)</sup>/ kula tilem tinilar/ ingkang rama pangandikanira arum/ dene iku wayah  
ingwang/ sun arani Rara Sunthi<sup>(-1)</sup>//
28. //Lairnya bapa tan ana/ dadi sisilih iku sunthi<sup>(+1)</sup>/ kang putra alon umatur/  
sumangga karsa rama/ enengena sultan Palembang winuwus/ kocapa Seh  
Jangkung ika/ inggih dhateng Cerbon gisik// //o//

#### **Pupuh IV (Sinom)**

- //o// 1. //Setaun ing laminira/ dhateng gisik Cerbon nenggih/ lajeng wonten gara-gara/  
tiyang Cerbon sami sakit/ sakit enjang sonten mati (+1)/ sonten sakit enjang  
lampus/ jeng sultan Cerbon punika<sup>(+1)</sup>/ adat goning prihatin/ lamun dalu tan  
dhahar kalawan nendra//
2. //Kados dugi pitung dina/ sultan Carebon<sup>18</sup> neng tritis/ ing dalu ana suwara/  
tan katingal wujudneki/ sultan Cerbon sireki/ aja banget sira angluh/ ing gisik  
kene ana/ sujanma amendha druwis/ iya iku ingkang bisa nulak lara//

---

<sup>17</sup> Silap tulis dari *amindha*.

3. //Yaiku den timbalan<sup>(-1)</sup>/ kinon nambani wong sakit/ amesthi bisa waluya/ nanging yen wus bisa becik/ anakmu wadon iki/ tarimakna uwong iku/ sultan Carbon samana/ janggirat anulya tangi/ bangun enjang sultan Carbon anulya pinarak<sup>(+2)</sup>//
  
4. //Sineba para ulama/ apan andher aneng arsi/ kangjeng sultan angandika/ eh gandhek sira sun tuding/ nimbali marang druwis/ aneng gisik gone iku/ ana pinggir sagara/ abareng lakumu iki/ yen tina[...]<sup>19</sup> ingsun bakal angersaya<sup>(-1)</sup>//
  
5. //Gandhek sakawan nya mentar/ tan kocap aneng ing margi/ wus prapta pinggir sagara/ ngupados kang amindha druwis/ uluk salam tumuli/ ing ambal kaping telu/ Seh Jangkung pan katingal/ gandhek matur awotsari/ sarwi nembah kawula inggih dinuta//
  
6. //Inggih jeng gusti kawula/ sultan Carbon kang anuding/ ngaturi dhateng sampeyan/ supados sarenga mami/ Seh Jangkung ngandikaris/ nginsak Allahi ya melu Seh Jangkung<sup>(+3)</sup>/ dyan lumampah<sup>(-3)</sup>/ gandhek sekawan angiring/ tan kawarna sampun prapta ngarsa sultan//
  
7. //Alenggah jajar jeng sultan/ anulya salaman sami/ jeng sultan Carbon ngandika/ punapa sami basuki/ punapa sampun lami/ gennya dhateng gisik ngriku/ lan sinten ingkang nama/ miwah ing pundi wismeki/ lan malihe punapa ingkang sinedya//
  
8. //Seh Jangkung nauri sabda/ dhateng gisik sampun lami/ Seh Jangkung nami kawula/ Miyana ing wisma mami/ bawah nagari Pathi/ dene

---

<sup>18</sup> Kata ‘Carbon’ dalam naskah ditulis berbeda-beda seperti ‘Carbon’, ‘Carbon’, dan ‘Carebon’. Tetapi penulisan yang sering digunakan di dalam teks adalah ‘Carbon’.

<sup>19</sup> Tulisan pada bagian ini tidak dapat terbaca karena kertas berlubang. Namun diperkirakan kemungkinan kata lanjutan dari kata tersebut adalah ‘tinanya’.

- pikajenganingsun/ punapa saosikira<sup>(+1)</sup>/ dhumateng Hyang Suksmanadi/  
inggih anut punapa kersaning dhalang//
9. //Sultan Cerbon angandika/ mila adhi kula aturi/ inggih wadher angrasanya/  
abdi kula kathah sakit/ jeng ngandika jampeni/ ilapate wau dalu/ adhi kang  
nambanana/ Seh Jangkung alon nauri/ gih prayogi yen Allah amarengna<sup>(-1)</sup>//
10. //Mugi wonten karsanira/ toya dhateng mengko nenggih/ kang den utus  
sampun prapta/ toya mangkok munggeng ngarsi/ Seh Jangkung dyan tumuli/  
toya kinen ngombe wau/ den tambakna saksana/ sekathahe tiyang sakit/  
samya saras kang ngombe toya punika//
11. //Tiyang kang sakit punika/ inggih tan kena winilis/ ing dhusun miawah  
nagara/ wus sami keratan jampi/ sapalih toyaneiki/ ngratani sedayanipun/  
sadaya pan sampun mulya<sup>(+1)</sup>/ kadi wingi-wingi nguni/ jaler estri kang sakit  
sampun samya waluya//
12. //Jeng sultan Cerbon ngandika/ pangulu dipuntimbali/ sampun prapta ngarsa  
nata/ seh pangulu sira iki/ sira ningkahna nak mami<sup>(+1)</sup>/ Raden Ajeng Pandhan  
Arum/ Seh Jangkung lakinira/ mas kawin Kur'an puniki/ lan masdare rolas  
katinya bratira//
13. //Wali ngatur ngurus medal/ kinepung ing ketib modin/ pituwin para sentana/  
weradin lan magersari/ abubar kepungan sami<sup>(+1)</sup>/ berkatnya binekta mantuk/  
panjang ambeng saptangan/ satunggil tiyang ngijeni/ pan wus bibar samya  
mantuk sowang-sowang//
14. //Warnanen sampun alama/ Seh Jangkung neng Cerbon nenggih/ lulut denya  
palakrama/ kang garwa sampun garbini/ wus dhateng masaneki/ sampun babar

putranipun/ amiyos dalu<sup>20</sup> ika/ warnanya kelangkung pekik/ kangjeng sultan saklangkung bingahira<sup>(-1)</sup>//

15. //Dene nadhah<sup>21</sup> wayah lanang/ warnanya kelangkung pekik/ puput puser winarna<sup>(+1)</sup>/ sultan Cerbon ngurmati Nabi<sup>(+1)</sup>/ nimbali para santri/ pangulu lan ketibipun/ arame swaranira/ bandhulnya tiyang satunggil/ pan saringgit kalayan saptangan sutra//

16. //Kang wayah pinaringan nama<sup>(+1)</sup>/ anenggih Rahaden Mukmin/ pangulu kinen andonga/ ketib modin angamini/ anulya ambeng mijil/ kendhuren sampun kinepung/ bakdanya akepungan/ anulya bibaran sami/ sampun mantuk ketib modin santrenira//

17. //Warnanen Seh Jangkung ika/ krampil kalih kang winarni/ nalika kange tunggangan/ waktu ngambang neng jeladri/ krampil ingkang satunggil/ inggih damel beruk wau/ ingkang satunggil punika<sup>(+1)</sup>/ kadamel bathok anenggih/ lamun bukti bathoknya kinarya ajang//

18. //Nengena Seh Jangkung ika/ agantya carita nenggih/ nagari Banten kocapa/ wonten kraman pacak bangris<sup>22</sup>/ kathah telukaneki/ badhe ngepung kitha wau/ jeng sultan Banten winarna<sup>(+1)</sup>/ asanget genya prihatin/ garwa putra wus sami ngili sadaya//

19. //Sultan Banten enget ing tyas/ ingkang raka Cerbon singgih/ darbe mantu tur dikdaya/ dadya nimbali kang abdi/ gandhek mantri kekalih/ ingutus ing Cerbon gupuh/ sultan Banten winarna/ kalih sultan Cerbon nenggih pranah<sup>23</sup> ipe kang sepuh sultan Cerbon ika//

<sup>20</sup> Silap tulis dari *jalu*.

<sup>21</sup> Silap tulis dari *gadah*.

<sup>22</sup> Silap tulis dari *baris*.

<sup>23</sup> Silap tulis dari *prenah*.

20. //Gegancangan lampahira/ gandhok<sup>24</sup> sampun prapta nuli/ jeng sultan Cerbon ngandika/ ana apa sira mantri/ gandhek umatur aris/ kawula inggih ingutus/ dhumateng rayi paduka<sup>(+1)</sup>/ sultan Banten kang palinggih/ putra tuwan Ki Seh Jangkung tinimbalan//
21. //Kinen methukaken kraman/ tiyang Banten sami ngisis/ kithane sampun kinepang/ rayi paduka adhi<sup>(-1)</sup>/ Ki Seh Jangkung nujoni/ sampun dhateng ngarsanipun/ jeng sultan Cerbon ngandika<sup>(+1)</sup>/ dhateng Ki Seh Jangkung nenggih/ rayi Jangkung prayogine lumampaha//
22. //Akeh [...]nika<sup>(-4)</sup>/ Seh Jangkung ngandika aris/ inggih sumangga ing karsa/ anulya adan aglis<sup>(-1)</sup>/ sarta pamit kang rayi/ ingkang putra dipunambung/ Seh Jangkung sigra budhal/ beruknya datanya kari/ tan kawarna neng marga apan wus prapta//
23. //Anjujug panggonanira/ kraman ingkang pacak baris/ pan lajeng mangsuh<sup>25</sup> ngayun kraman<sup>(+1)</sup>/ bendrong ambedhil<sup>(-2)</sup>/ pan rame swaraneki/ ing tawang pan kadya pedhut/ mimisnya pan kadya udan<sup>(+1)</sup>/ Seh Jangkung sigra nadhahi/ sekathahe mimis kebak berukira//
24. //Lamun mimis sampun kebak/ neng beruk wangsl nuli<sup>(-1)</sup>/ kenging dhateng mungsuhera/ kang kenging lajeng ngemasi/ wangkenya sungsan<sup>26</sup> tindhuh/ kepala kraman puniku/ kathahnya sakawan<sup>(-1)</sup>/ sampun sami den kethoki/ ingkang kantun agiris teluk sadaya//
25. //Jeng pangran miyarsa warta/ yen kraman wus nungkul sami/ kepala ne kinethokan/ abungah sajroning ati/ anulya utusan nuli<sup>(+1)</sup>/ nimbali dhateng Seh

---

<sup>24</sup> Silap tulis dari *gandhek*.

<sup>25</sup> Silap tulis dari *mangsa*.

<sup>26</sup> Silap tulis dari *sungsun*.

Jangkung/ wus prapta aneng ngarsa/ pan pinarak aneng kursi/ Ki Seh Jangkung ajajar lawan pangeran//

26. //Pangeran alon tetanya/ gih adhi Seh Jangkung singgih/ asanget panrima kula/ saged nambak mungsuh mami/ manawi benjang ugi/ kula sanget angsul-angsul/ mangkana aturira/ kang rayi nuwun aturing/ bilih karsa punapa den kersaken<sup>(-1)</sup>//
27. //Seh Jangkung nauri sabda/ pan boten rumaos lami/ inggih sampeyan kang begja/ kula dermi anglampahi/ warnanen sangang sasi/ Seh Jangkung neng Banten wau/ saben ari binoja/ dhateng pangran Banten nenggih/ genya mondhok inggih ing gedhong ngajengan//
28. //Kawarnaa injangira/ Seh Jangkung pan sami mulih/ apan nuli sesalaman/ rangkul-rinangkulam sami/ pangeran kurmat nuli/ ngantos dugi jawi pintu/ datan kawarnaa ing marga<sup>(+2)</sup>/ Seh Jangkung apan wus prapti/ dhateng Carbon dyan panggih kalayan sultan//
29. //Wus tinutur solahira/ miwiti dalah mekasi/ sultan Carbon dadya rena/ Seh Jangkung dipunlayoni/ apan lengser sing ngarsi/ pinanggih lan garwanipun/ kang putra gya cinandhak/ Raden Mukmin den arasi/ ingkang garwa nulya saos dhaharan<sup>(-1)</sup>//
30. //Ajangnya bathok kelapa/ ponang beruk ngunjuk warih/ sampun bakda adhedhaharan<sup>(+1)</sup>/ linorot rencangireki/ tan kawarnaa lamineki<sup>(+1)</sup>/ Seh Jangkung neng Carbon wau/ kalih taun laminya/ garwanya ingkang anami/ Nimas Ayu putranira sultan Carbon//
31. //Yata wau kawarnaa/ Seh Jangkung ingkang garweki/ pan ginanjaran nandhang gerah<sup>(+1)</sup>/ sampun wonten tigang ari/ asanget genira sakit<sup>(+1)</sup>/

tinambah kathahnya dhukunnya<sup>(u)(+2)</sup>/ tan ana marasna<sup>(-1)</sup>/ wus puput yuswanira nenggih<sup>(+1)</sup>/ tengah dalu Raden Ayu genira seda<sup>(+1)</sup>//

32. //Enjang layon binersihan apan<sup>(+2)</sup>/ wus den kubur singgih<sup>(-2)</sup>/ warnanen Seh Jangkung ika/ asanget genya prihatin/ putrane taksih alit/ tinilar ing ibunipun/ saweng<sup>27</sup> pitulas wulan/ yuswanipun Raden Mukmin/ datan enget tinilar ibune seda//

33. //Dadya ndherek eyangira/ pinaringan emban nenggih/ pan sakawan kathahira/ warnanen Seh Jangkung singgih/ angun jroning galih<sup>(-1)</sup>/ tan pegat istiyaripun/ yen sampun awali [...]<sup>(+1)</sup>/ manawi supe kang ati/ upamine taksih rinekseng pangerannya<sup>(+1)</sup>//

34. //Ing dalu Ki Seh Jangkung kesah<sup>(+1)</sup>/ nuruti osiking ati/ mangetan ing lampahira/ beruk bathok datan keri/ ginendhong aneng wuri/ kados santri lampahipun/ ing marga datan winarna<sup>(+1)</sup>/ dumugi kendhal nagari/ trus mangidul dumugi dhistrik Perbuwan//

35. //Seh Jangkung damel dhukuhan/ ing Landhoh namanya desi<sup>28</sup>/ setaun sendhen kewala/ datan saret ana bukti/ enget ciptaning ati/ inggih amung putranipun/ kalisa ing lelara/ enggala ageng tumuli/ umur panjang tumuten saget lumampah//

36. //Dhumateng dhukuhanira/ Seh Jangkung ayasa masjit/ pan kinarya pasalatan/ akathah tiyang dhatengi/ wuwusen enjang neki/ Seh Jangkung ing ciptanipun/ dhatengaken ing karsa/ nulya kesah ngetan malih/ dugi kidul kilene nagri Mataram//

---

<sup>27</sup> Silap tulis dari *saweg*.

<sup>28</sup> Kata ‘desi’ seharusnya adalah ‘desa’. Namun, untuk memenuhi ‘*guru lagu*’ kata ‘desi’ tersebut tetap dipertahankan dan tidak diubah ke bentuk bakunya.

37. //Dhukuh Landhoh naminira/ kalih tahun lamineki/ Seh Jangkung anulya kesah/ dhateng blog gung krapyak nenggih/ kersanya amertapi/ inggih dhateng rawa blog gung/ sarwi damel agethekan<sup>(+1)</sup>/ yen dalu ngambang ing warih/ lamun siyang amunggah ing dharatan<sup>(-1)</sup>//
38. //Badannya bebel sadaya/ lintah ingkang angantupi/ Seh Jangkung alon wacana/ apa durung wareg iki/ olehmu ingantupi/ dene sawengi amuput/ lintah regel sadaya/ Seh Jangkung anulya manggil/ buron wana pan samya prapta sadaya//
39. //Sima bantheng lawan kidang/ menjangan kalawan kancilnya/ kethek lutung lan garangan/ kebodanu rase prapti/ ingaben sami uthik<sup>29</sup>/ arame suwaranipun/ Seh Jangkung langkung bingah/ ningali buron wanadri/ lamun serap genipun sami bibaran//
40. //Yen enjang prapta sadaya/ buron wana sami beriknya<sup>(+1)</sup>/ kang sima sami gelutan/ kidang manjangan kang berik/ sami rencang pribadi/ Seh Jangkung kekel gumuyu/ mangkana selaminira<sup>(+1)</sup>/ Seh Jangkung neng blog gung rawi/ dugi gangsal welas sasi laminira//
41. //Wonten kepala tampingan/ ingkang minangka nglurahi/ ing dhusun krapyak punika/ pan uning tiyang mertapi/ kesah dhateng nagari/ matur dhateng Sultan Agung/ wus seba aneng ngarsa/ atur pranata ngabekti/ sigra nembah umatur ngarsa narendra//
42. //Duh gusti unjuk pariksa/ siti krapyake blog gung rawi<sup>(+1)</sup>/ wonten sujanma mertapa/ karyanya pan saben enjing/ sakeh buron wanadri/ aprapta sami den adu/ kethek sami gelutan kidang<sup>(+2)</sup>/ menjangan lan kancil<sup>(-2)</sup>/ pan berikan sami rencange pribadya//

---

<sup>29</sup> Silap tulis dari *suthik*.

43. //Sultan Agung angandika/ utusan gandhek lumaris/ animbali wong kang tapa/  
sekawan gandhek lumaris/ mantri ingkang pinilih/ kawan dasa kathahipun/  
dhawuhnya sri narendra/ yen bakang<sup>30</sup> penaten nenggih/ banjur kethoke  
sepanjer pisannya//
44. //Datan kawarnaa ing marga<sup>(+1)</sup>/ gandhek mantri sampun prapti/ aneng rawa  
blog gung krapyak/ anulya dipunubengi/ tan wonten kedhang-kedhang awit  
<sup>(+2)</sup>/ enjing ngantos surup<sup>(-2)</sup>/ mantri gandhek Mataram/ tan kapanggya  
angulari/ kantos sipeng gangsal dinten laminira<sup>(-1)</sup>//
45. //Wus enjang sami rembagan/ nedya mantuk ing nagari/ wus seba ngarsa  
narendra/ umatur ngabyantaraji/ hamba matur ing gusti/ angemban dhawuh<sup>(-3)</sup>/  
pukulan nimbali janma<sup>(+1)</sup>/ tapa dhateng blog gung krapyak nenggih<sup>(+3)</sup>/ amba  
pados tiyangipun tan kepanggya//
46. //Gangsal dinten laminira/ hamba ugi anca geni/ hamba upados sadaya/  
dhusun miwah kanan kering/ taksih datan kapanggih/ sumanggeng karsa  
pukulannya<sup>31(+2)</sup>/ dadya jeng sultan ngandika<sup>(+1)</sup>/ wis mantri muliha dimin/  
lamun ana timbalaningsun sebaa//
47. //Jeng sultan kondur ngedhatyan/ pra mantri bubaran mulih/ kuneng wau  
winursita/ Seh Jangkung sapungkurneki/ gandhek kang sami mulih/ Seh  
Jangkung sigra angadu/ sakehe buron wana/ berikan kadya ing nguni/ dyan  
kapirsa mantri tampingan kang jaga//
48. //Sigra kesah ing nagara/ asaos ngarsa nerpati/ dyan wuwu atur pernata/ aduh  
gusti sang nerpati/ hamba ngunjuk sang aji/ tiyang mertapi wau<sup>(-1)</sup>/ ing

---

<sup>30</sup> Silap tulis dari *mbangkang*.

<sup>31</sup> Silap tulis dari *pukulunnya*.

mangke katingalan/ ing panggenira malih<sup>(-1)</sup>/ kangjeng sultan animbal  
patihira//

49. //Wus cumundhuk ngarsa narendra<sup>(+2)</sup>/ patih Danupaya nenggih/ jeng sultan  
alon ngandika/ patih lungaa den aglis/ anggawa prajurit<sup>(-1)</sup>/ lan bupati gawa  
telu/ sujanma ingkang mertapa<sup>(+1)</sup>/ kang aneng blog gung kang rawi/  
timbalana yen bangga pateni pisan//

50. //Kyana patih tur sandika/ sigra budhalan tumuli/ kairing prajuritira/ gangsal  
atus kathahneki/ bupati kang angiring/ sekawan sami gebedhuk<sup>32</sup>/ tan kocap  
aneng margia/ wus prapteng ing bglog gung rawi<sup>(+1)</sup>/ dyan kinepang kang rawi  
krapyak punika//

51. //Seh Jangkung osiking driya/ becik ngatingal wak mami/ pan arsa weruh jeng  
sultan/ manawa ta awak mami/ dadi jalaran becik/ saksana Seh Jangkung wau/  
anulya angatingal/ kya patih sigra nguluki/ assalamungalahi wasallam<sup>(-2)</sup>//

52. //Lajeng sami sesalamen/ kya patih ngandika aris/ manira niki dikuta<sup>33</sup>/ Sultan  
Agung ing Mentawis/ ing jengandika kyai/ katimbalan ing Mentarum<sup>34</sup>/ Seh  
Jangkung aturira/ dhumateng rekyana patih/ inggih sumangga punapa karsa  
paduka<sup>(+1)</sup>// //o//

### **Pupuh V (Kinanthi)**

//o// 1. //Sapraptanira Mentarum/ Seh Jangkung binojakrami/ siyang dalu akasukan/  
tandhanya respati<sup>(-2)</sup>/ anggung gawe (dheh digna?)<sup>(-1)</sup>/ mring santri kaum  
ningali//

<sup>32</sup> Silap tulis dari *gegedhuk*.

<sup>33</sup> Silap tulis dari *dinuta*.

<sup>34</sup> Dalam teks terdapat variasi penulisan kata ‘Mataram’ yaitu ‘Mantaram’, ‘Mentaram’, ‘Mentarum’, ‘Metarum’, dan ‘Mentawis’. Penggunaan kata-kata ini disesuaikan dengan *guru lagu* yang seharusnya.

2. //Modin Ali nabuh bedhug/ kaji bukak serbaneki/ ngelus-elus gundhulira/  
anebut astagpirolahi<sup>(+1)</sup>/ dene nora akayaha<sup>(-1)</sup>/ ayu temen wong puniki//
  
3. //Danureja gone nayub/ tigang dalu lamineki/ Seh Jangkung sinoba-soba<sup>35</sup>/  
yen enjang dherek ki patih/ asaos ing dalem pura/ sumungken ngabyantaraji//
  
4. //Kuneng wau laminipun/ Seh Jangkung aneng Mentawis/ nenggih wonten  
sangang wulan/ datan pegat saben ari/ gunem raos lan jeng sultan/ mungguh  
wekasaning pati//
  
5. //Bupati ingkang rahayu/ rahayu tumekang<sup>36</sup> mesthi/ pesthi amrih kautaman/  
utamaning ruh ing lapis/ lapis nirbating tingal<sup>(-1)</sup>/ tingal ing waspadeng Widi//
  
6. //Jeng sultan ngandika arum/ eh kakang Seh Jangkung nenggih/ manawi  
kakang akersa/ gih ugi kula pasrahi/ salere gunung punika/ kidulipun lepen  
lusii//
  
7. //Pun kakang prentah sadarumnya<sup>(+1)</sup>/ mung saboronga puniki/ pun dados  
langgeng (planingra?)/ pendhak mulud seba ngriki/ dugia salaminira/ tumurun  
mring putra siwi//
  
8. //Seh Jangkung alon umatur/ pan sarwi amangan bukti/ asaweg pamopo kula/  
anampik pasiyan gusti/ inggih adamel punapa/ anyar gih mengku nagari//
  
9. //Saben dinten pados mungsuh/ datan ngenakaken ati/ pinten agenging  
padharan/ yen pun tuwuk genya bukti/ pan malihe kauripan/ boten umur sewu  
warti<sup>37</sup>//

<sup>35</sup> Silap tulis dari *sinuba-suba*.

<sup>36</sup> Silap tulis dari *tumekeng*.

<sup>37</sup> Silap tulis dari *warsi*.

10. //Mung Nabi Adam puniku/ ingkang umur sewu warsi/ upami ing badan kita/  
iya adamel tai<sup>(-1)</sup>/ abrate dasa pakarya/ karya ingkang amrih sukci<sup>38</sup>//
11. //Punika atur sukulun<sup>39</sup>/ yen jeng sultan amarengi/ wonten panuwun kawula/  
dhusun kang kula dhodhoki/ pan sela sekathahira/ kula suwun ing jeng gusti//
12. //Dhusun Landhoh ingkang catur/ kula suwun ing jeng gusti/ wonten malih  
tunggilira/ Miyana keringan nenggih/ pitonipun<sup>40</sup> Pajegotan/ wolu dhusun Siti  
Abit//
13. //Sanganipun dhusun Gadhu/ sedasa ing Bentos desi/ sawelasipun Sukalila<sup>(+1)</sup>/  
kalih welas dhusun Kantil/ Sokasumber tiga welas/ kawan welasipun malih//
14. //Wanakusuma dhusun gangsal<sup>(+1)</sup>/ welas Mrambah nenggih<sup>(-2)</sup>/ nem belas  
Jember kang desa/ pitulas ing dhusun Pering/ wolulas dhusun Dermaya/  
sangalas Buwaran desi//
15. //Kalah dasa Watulunyu/ selikur ing Krapyak niki/ kalih likur Sedholika/ tiga  
likur ing Wanuri/ kawan likur ing Panjunan/ Gebanganom jangkep neki//
16. //Jeng gusti ngandika rum<sup>(-1)</sup>/ sumangga ing kersaneki/ kakang Jangkung  
boten kersa/ kula pasrahi nagari/ mung dhusun selawe nika/ sumangga kakang  
puniki//
17. //Lawan malih kakang Jangkung/ inggih kula angkat linggih/ ajumeneng  
panembahan/ dhateng Landhoh kang winarni/ dhusun selawe punika/ kakang  
Jangkung kang darbeni//

<sup>38</sup> Silap tulis dari *suci*

<sup>39</sup> Silap tulis dari *pukulun*.

<sup>40</sup> Silap tulis dari *pitunipun*.

18. //Sampun dados dhaharipun/ tumurun mring putra siwi/ sampun kagungan sampeyan/ Seh Jangkung umatur aris/ asanget panuwun kula/ pasiyanira nerpati//
19. //Kalayan ta malihipun/ bilih pareng hyang nerpati/ amung ing turun kawula/ jeng sultan paringa idi/ sageta angidenana/ pan nami rahaden iki//
20. //Wonten malih donya agung/ sakadaripun pribadi/ tuwuka kang dipuntedha<sup>(+1)</sup>/ sandhang sampun anyenyilih/ upami asugih dunnya/ nora kenging bekta lali//
21. //Yen pejah teka angerut/ ewuh lebet lawan jisim/ raganya pinendhem lemah/ bosok ajur lawan siti/ kajawi kang wus waspada/ waspadeng enggonging pati//
22. //Ragane tan bosok wau/ pan nganggo kersa pribadi/ puniku janma utama/ pan boten rumaos mati/ anggalih anggonira<sup>(-1)</sup>/ alamipun duk ing nguni//
23. //Jeng sultan mesen dikarum/ kawula inggih ngamini/ pan inggih karsa sampeyan/ kawula anembadani/ kangjeng sultan dhawuh sigra/ sakehe para bupati//
24. //Sakehe pra bupati iku<sup>(+1)</sup>/ mancanagara pasisir/ kabeh pada estokena/ yen ing waktu dina iki/ kakang Jangkung ingsun angkat/ nama panembahan iki//
25. //Sarta ing saturunipun/ tumeka putunireki/ anama raden pra samya/ sakehe para bupati/ nembah matur mring sang nata/ sandika dhawuh jeng gusti//
26. //Putra santana sadarum/ tuwin rangga demang mantri/ pra samya nembah sadaya/ dhateng Ki Seh Jangkung nenggih/ margi dhawuh kangjeng sultan/ genipun wau ngurmati//

27. //Dadya jeng sultan dikarum/ kakang Jangkung binjing-injing/ pan samya kesah ing Mekah/ lajeng dhateng Ngerum nagri/ margi kula mireng yen raja<sup>(+1)</sup>/ Ngerum nagari<sup>(-3)</sup>//
28. //Imam Sapingi kang turur/ yen badhe nekani mriki/ sarta mawi bekta bala/ badhe bedhah ing Mentawis/ mila usiking tyas kula/ badhe kula rumiyini//
29. //Seh Jangkung umatur arum/ sultan sampun walang galih/ yen raja Ngerum kewala/ kula sagah bantah ngelmi/ inggih pundi kang kasoran/ amesthi kaukum mati//
30. //Yen ngaben dikjayanipun<sup>41</sup>/ kangjeng sultan piyambaki/ yen bantah ngelmi kawula/ punapa saget nimbangi/ sampun dalu wayahira/ wernanen lajeng lumaris//
31. //Kangjeng sultan Ki Seh Jangkung/ wus bidhal ing Mekah nuli/ datan kocap aneng marga/ wus prapta Mekah nagri/ kapanggya imam sekawan/ Sapingi Imam Maliki//
32. //Anulya salaman sampun/ Sultan Agung matur aris/ dhumateng imam sakawan/ mila kula sowan mriki/ lajeng dhateng Ngerum pisan/ badhe panggih rajanekei//
33. //Inggih punapa saestu/ badhe mecah tanah Jawi/ manah kula tan sakeca/ Imam Sapingi nauri/ punapa kersane sultan/ kula amung ingamini<sup>42</sup>//

---

<sup>41</sup> Seharusnya *dikdayanipun*.

<sup>42</sup> Silap tulis dari *angamini*.

34. //Anulya bibaran sampun/ Sultan Agung kang winarni/ dhateng Ngerum karsanira/ Ki Seh Jangkung atut wuri/ tan kocapa aneng ing marga<sup>(+1)</sup>/ sakedhap Ngerum wus prapti//
35. //Sami jujug ngalun-alun/ Ki Seh Jangkung bekti telik/ Sultan Agung nyekel walang/ Seh Jangkung ingkang bektani/ anuju raja pinarak/ Ngerum pepekan sami<sup>(-1)</sup>//
36. //Punggawa gelar supenuh/ jeng raja Ngerum mriksani/ waspada kekalih tiyang/ mansak<sup>43</sup> walang karyaneki/ sanes tiyang Ngerum ika/ dyan raja dhawuhaken patih<sup>(+1)</sup>// //o//

### **Pupuh VI (Dhandhanggula)**

- //o// 1. //Kyana patih utusan aglis<sup>(-1)</sup>/ animbali wong loro ika<sup>(-1)</sup>/ katingalen<sup>44</sup> ing kene<sup>(-1)</sup>/ kang padha dhingkal-dhingkul/ kaya-kaya dudu wong mriki<sup>(-2)</sup>/ patih gawa utusan<sup>(+1)</sup>/ mantri saos ngayun/ sakedhap sampun kapanggya/ kang dipunutus mantri alon wacana ris<sup>(+1)</sup>/ lah dika tinimbalan//
2. //Inggih dhateng raja rum nerpati/ Sultan Agung umiring saksana/ Seh Jangkung tansah wingkinge/ sakedhap prapteng ngayun/ Sultan Agung sampun alinggih/ aneng ngarsa narendra/ Seh Jangkung tan ayun/ boten purun ndherek lenggah/ taksih ngadek patih nyandhak astaneki/ sigra den ajak lenggah//
3. //Raja Ngerum angandika aris/ uwong ngendi lan paparanira/ kaya dudu wong ing kene<sup>(-1)</sup>/ Sultan Agung umatur/ kula tiyang ing tanah Jawi/ nagari ing Mentaram/ abdi Sultan Agung/ inggih masak mendhet walang/ ngupadosi walang kang ageng niki<sup>(-1)</sup>/ adamel loloh gemak//

<sup>43</sup> Silap tulis dari *masak*.

<sup>44</sup> Silap tulis dari *katingalan*.

4. //Sampun ludhes walang tanah Jawi/ damel loloh puyuhe Jeng Sultan/ Agung Mentaram daleme<sup>(-1)</sup>/ mila kawula nglurug/ kantos dugi nagari ngriki/ ngupados walangira/ ingkang ageng ngasua<sup>(a)(+1)</sup>/ raja Ngerum wuwusira/ gonmu mlaku teka kana pirang sasi/ tumekaa ing Ngerum sira<sup>(+2)</sup>//
5. //Sultan Agung pan umatur aris/ wau enjang gen kula lumampah/ wayah mekaten dhatenge/ kados wanci jam sapuluh/ raja Ngerum ngandika malih/ Sultan Agung Mentaram teka<sup>(+2)</sup>/ amisuwur<sup>(-2)</sup>/ sapira ing dedegira/ apa dhuwur apa gedhe apa cilik/ dene gok<sup>45</sup> akuwasa//
6. //Iya bakal manira lurugi/ patihingsun ingkang isun<sup>46</sup> duta/ bedhah sasi ngarep kiye/ patih bakal lumaku/ gawa bala bana prajurit/ kongkon nuli sadiya/ beteng ingkang dhuwur/ sarta maning gawa rata/ prajurite aja kongsi nguciwani/ mungsuh prajuritingwang//
7. //Sultan Agung dadya matur aris/ gih prayogi saos dara kula/ binjang yen kula mantuke/ wateknya Sultan Agung/ kados boten kaget anggalih/ nadyan dipunkeriga/ prajurit ing Ngerum/ ngebakana tanah Jawa/ dara kula Sultan Agung boten ngungsi/ malah matur abingah//
8. //Kang pinuji siyang klawan ratri/ Sultan Agung sageta mungsuhan/ raja ingkang geng nagarine<sup>(+1)</sup>/ yen makaten kantuk mungsuh<sup>(+1)</sup>/ raja Ngerum babone nagri/ mendah genira bingah/ kathah saguhipun/ sampun lama datan perang/ pra bupati sakathahe tanah Jawi/ suyut ajrih mring sultan//
9. //Sampun mungsuh kalih gusti mami/ dawek bantah kelawan kawula/ sampun raja age-age/ nungkulken Mentarum<sup>(-1)</sup>/ inggih kula lamun kajopi<sup>47</sup>/ angaben

<sup>45</sup> Silap tulis dari *sok*.

<sup>46</sup> Kata yang seharusnya adalah *ingsun*.

<sup>47</sup> Silap tulis dari *kacobi*.

kadigdayan/ kalayan raja Ngerum<sup>(+1)</sup>/ leres kula niki rencang/ Sultan Agung sampun percaya ing mami/ ruwet renteng nagara//

10. //Agengipun sultan Mentawis<sup>(-1)</sup>/ inggih sami kalayan kawula/ tan wonten wau kaceke/ tan pendhek datan dhuwur/ boten ageng pituwin alit/ baplang sami kawula/ tan geseh serambut/ sultan aken saudara<sup>(-1)</sup>/ lamun wonten mungsuh kang nekani<sup>(-2)</sup>/ kula kang magut yuda//
11. //Lamun kula kawon ing ajurit/ Sultan Agung prasasat akalah/ inggih punika estune/ raja Ngerum arengu/ netra andhik wuwusnya bengis/ idep mangada-ada/ jaja bang wuwuh mung/ kadya sinipi dukanya<sup>(-1)</sup>/ alah patih sira cekelen tumuli/ wong loro iki pisan//
12. //Patih sigra angadeg tumuli/ Ki Seh Jangkung karsa ingayat<sup>(-1)</sup>/ tan sarenge ngawe astane<sup>(+1)</sup>/ Seh Jangkung kethunipun/ dipunputer kopyahipun ngering/ patih dhawah kalumah/ raja Ngerum wau/ badhe nyepeng dhateng sultan/ Agung kethunya pinuter nuli<sup>(-2)</sup>/ raja Ngerum pan dhawah// //o//

### **Pupuh VII (Pocung)**

- //o// 1. //Niba tangi raja Ngerum gluntung-gluntung/ sarwi jempalikan/ patihe semanten ugi/ molak-malik amubeng kadya gangsingan//
2. //Mungsuhipun patih lawan Ki Seh Jangkung/ raja lawan sultan/ kethu seser ubengneki/ raja patih dherek seser ubengira//
3. //Balanira kang ngadhep ing ngayun<sup>(-2)</sup>/ bupati satriya/ tumenggung demang lan mantri/ arya raga senthana prajuritira//
4. //Datan wonten kang samya dherek tutulung/ domblong tiningalan/ sima bekes sami amrih/ malah madar gumeter sariranira//

5. //Sami pucet boten wonten darbe bayu/ lir tinebak macan/ sima ngiyas ulatneki/ pangrasane kados datan darbe nyawa//
6. //Mangu-mangu patih lawan raja Ngerum/ sami nuwn tobat/ sabab sayah molak-malik/ bapak banyak sariranira sadaya//
7. //Patihira bathuknya mumbul sabluluk/ dhawah neng sor saka/ mangkana jeng sultan nenggih/ semu welas ningali Ngerum sang raja//
8. //Kethu nerpun jeng sultan lawan Seh Jangkung/ sami dipunbukak/ raja patih ujung sami/ Sultan Agung enggal nyandhak astanira//
9. //Datan arsa lajeng rinangkul<sup>(-3)</sup>/ lajeng kathah asta/ ingaturen<sup>48</sup> malebeng puri<sup>(+1)</sup>/ Ki Seh Jangkung kinanthi lawan kya patya//
10. //Jrone dalem wus wadiya raja Ngerum/ nulya pinarakken/ sang raja Rum matur aris/ yen mekaten sampeyan Sultan Mataram//
11. //Sultan Agung nauri sabda Ngerum<sup>(-1)</sup>/ inggih kula Sultan/ Agung nagri ing Mentawis/ ingkang dherek inggih punika ipe kawula<sup>(+2)</sup>//
12. //Pernah sapuhi gih nami Ki Seh Jangkung/ lajeng lenggah jajar/ sami pinarak ing kursi/ raja Ngerum manthuk-manthuk aturira//
13. //Boten estu kula utusan anglurug/ inggih sampun panggya/ sultan sampun rawuh ngriki/ nuwun tobat kula mungkul dhateng sultan//
14. //Anak putuku ya boten purun-purun/ jeng sultan aturnya/ kula inggih angamini/ lan malihe panuwun kula ing raja//

<sup>48</sup> Silap tulis dari *ngaturan*.

15. //Dinten wingkang<sup>49</sup> lamun<sup>(-6)</sup>/ wonten kajiwana<sup>(-1)</sup>/ saking tanah Jawa sujarah ing<sup>(+2)</sup>/ Mekah nagri lamun wonten kakirangan sangunira<sup>(+4)</sup>//
16. //Kang supadaya tiyang Mekah samya tulung/ sampun siya-siya/ raja Ngerum anauri/ Ingsak Allah sampun ngangge walangdriya//
17. //Duk semana Sultan Agung dhateng Ngerum/ tri dalu laminya/ sinuba-suba angenting/ raja Ngerum naminya Tasangsulngalam//
18. //Sultan Agung apamit mantuk<sup>(-3)</sup>/ anulya salaman/ Seh Jangkung dherek nganthuki/ bidhal kondur Seh Jangkung lan kangjeng sultan//
19. //Tan kawarna ing marga datan winuwus/ sampun prapta Mekah/ pinighi Imam Sapingi/ wus tinutur aneng Ngerum solahira//
20. //Purwanipun miwiti wekasnipun/ yen Ngerum sang raja/ sampun takluk dhateng mami/ nanging kula inggih gadhah ing paminta//
21. //Dinten wingking supados saget tetulung/ tiyang saking Jawa/ kang sami sujarah mriki/ lamun wonten kakirangan sangunira//
22. //Imam Sapingi lon wecanan Ngerum (-1)/ inggih kangjeng sultan/ tiyang saking tanah Jawi/ ingkang kangji<sup>50</sup> dhateng ing tanah Mekah (-1)// //o//

### **Pupuh VIII (Pangkur)**

- //o// 1. //Sanadyan boten parintah/ raja Ngerum kula inggih nyagahi/ yen estu kirangan sangu/ wajib atulung kula/ printah tiyang ing Mekah sedarum sampun/ sultan walangdriya<sup>(-2)</sup>/ kados boten nyulayani//

---

<sup>49</sup> Silap tulis dari *wingking*.

<sup>50</sup> Silap tulis dari *kaji* dan *haji*.

2. //Ana guneman-gunemannya<sup>(+1)</sup>/ Sultan Agung lawan Sapipi<sup>(-2)</sup>/ gale pikambali wau/ Maliki sekawannya/ anemipun anenggih wau Seh Jangkung/ genya gunem ngelmu rasa/ wus supakat samya ugi//
3. //Sultan Agung wuwusira/ kenging kula wapat ing benjing<sup>(-2)</sup>/ pinendhem ing Mekah kubur/ tuwin dhateng Medinah/ inggih melik siti suci kang linuhung/ imam sekawan aturnya/ Sultan Agung seda mriki//
4. //Tanah Jawi dipuntilar/ dinten wingking linuri-luri<sup>(+1)</sup>/ inggih amung Sultan Agung/ ngungkuli buyut canggah/ ngibaratnya sampun ical esohipun/ temtune akethatharan/ kula boten nuwa weni//
5. //Tanah Jawa wonten uga/ ingkang suci kados tanah ing ngriki/ dereng mirsa Sultan Agung<sup>(+1)</sup>/ siti ing Girilaya/ inggih caket Gunung Gamping eleripun/ Sultan Agung den priksaa/ yen siti gandanya wangi//
6. //Punika siti kuburan/ apan inggil pucaking ardi siti/ lembut dhasar alus<sup>(-2)</sup>/ wangi gandanya ngambar/ Sultan Agung kakilapan ing pituduh/ yen sampun kondur jeng sultan/ prayoga den priksani<sup>(-1)</sup>//
7. //Sultan Agung aturira/ yen makaten kawula nuwun pamit/ kalayan wau Seh Jangkung/ anulya sami salaman<sup>(+1)</sup>/ Sultan Agung sigra budhal lan Seh Jangkung/ tan kocap aneng marga/ wus prapta ing Gunung Gamping//
8. //Tan saranta galihira/ dipunpriksani pucukipun kang ardi<sup>(+1)</sup>/ Magiri<sup>51</sup> ninggil gunung<sup>(-1)</sup>/ tinupiksani denira<sup>(+1)</sup>/ inggih leres sitinya gandanirarum/ Seh Jangkung matur jeng sultan/ kados lepas siti niki//

<sup>51</sup> Silap tulis dari *Imagiri*.

9. //Jeng sultan nauri sabda/ kakang Jangkung leres siti puniki/ mambet gandanira arum/ dhateng pucak aldaka/ boten sisip Imam Sapangi atuduh/ Gunung Gamping Girilaya/ puniki siti Magiri//
10. //Seh Jangkung kalih jeng sultan/ samya mudhun mriksani toya mili/ saking kilen sumberipun/ Sultan Agung kuwasa/ osiking tyas toya saged taman dhuwur/ supados angubengana/ dumugi pucaking wukir//
11. //Wonten lare angon kathah/ rubung-rubung inggih samya ningali/ lare angon sami catur/ iku mangsa sageta/ toya saking ngandhap mili mandhuwur<sup>(-1)</sup>/ inggih ing jaman punapa/ toya saget nusung inggil//
12. //Sultan Agung sigra salat/ rekangat nenuwun Hyang Widi<sup>(-2)</sup>/ kaliyan wau Seh Jangkung/ pan inggih ndherek salat/ kajat satiti nunuwun gone Hyang Agung<sup>(+1)</sup>/ Gustiku Allah tangala/ supados anembadani//
13. //Asanget ngiring kawula/ lare angon angina kawula Gusti<sup>(+1)</sup>/ katrima panuwunipun/ Seh Jangkung riseksana/ tepi sasira sekar mulih aranipun<sup>(+1)</sup>/ ginarit tinurut toya/ manginggil ngubengi ardi//
14. //Sultan Agung dhateng ngandhap/ nyebul toya supados anurut garit<sup>(+1)</sup>/ uwisira Seh Jangkung<sup>(-1)</sup>/ toya kemriwak enggal/ minggak-menggok genya garit Seh Jangkung<sup>(-1)</sup>/ margi menek lampahira/ punika purwaning nguni//
15. //Mila kantos<sup>52</sup> sapunika/ ing Magiri toya minggah manginggil/ pasarehan Sultan Agung/ kuwasa jagat Jawa/ nora nana bebasan ing anak agung/ ngungguli bapa myang eyang/ buyut canggah den ungguli//

<sup>52</sup> Silap tulis dari *ngantos*.

16. //Sultan Agung ngandikanya/ dhateng raka Ki Seh Jangkung puniki/ binjang kakang sedanipun/ ndherek mriki kewala/ inggih caket kaliyan kula akumpul/ Seh Jangkung alon turira/ siti Landhoh kula pilih//
17. //Sanadyan dhateng kawusanan<sup>(+1)</sup>/ dhusun Landhoh ingkang kula remeni/ sawek tapel kula ngriku/ nalika ananira/ asal siti bebuka ing purwanipun/ boten kenging ngowah-owah/ punapa asaling lami//
18. //Sultan Agung aturira/ gih karsa kakang pribadi<sup>(-3)</sup>/ lare angon kathahipun/ wetawis kalih dasa/ samya rujeng ting pekakak samya muwus/ kakek tan nana denira/ bisa nulungena warih//
19. //Lare angon sami kesah/ Sultan Agung lajeng kondur Mentawis/ sakedhap sampuna rawuh/ pinethuk ingkang garwa/ Ki Seh Jangkung ingkang garwa inggih methuk/ anulya samya pinarak/ kang garwa sultan ngabei//
20. //Sarwi matur awot sekar/ dene lami tindak paduka gusti/ kantos wonten pitung dalu/ Sultan Agung ngandika/ iya lawas manira ana ing Ngerum/ sang raja Tasangsul Ngalam/ wus kasor marang lan mami//
21. //Sultan lurugi kang emas/ kakang Jangkung mungsuh kelawan patih/ ingsun mungsuh rajanipun/ samya ijen kewala/ raja Ngerum ing mengko pan uwus nungkul/ yen ta ingsun nglilanana/ nulya seba ing Mentawis//
22. //Dadi ingsun tan pangrasa/ raja Ngerum babone para aji/ anane janma sedarum/ pan ing Ngerum bibitira<sup>(+1)</sup>/ dadi ingsun nalar ingkang tanpa kusur/ ora wurung nemu galap/ kasiku marang Hyang Widi// //o//

### **Pupuh IX (Dhandhanggula)**

- //o// 1. //Kangjeng sultan malebeng<sup>53</sup> jro puri/ abibaran denira sineba/ Seh Jangkung ing pondhokane/ kuneng wau winuwus/ Ki Seh Jangkung rembagan nuli/ kalawan ingkang garwa/ tinantun ing ngayun/ dhimas priye karsanira/ iya aku bakal pamitan mulih<sup>(-1)</sup>/ marang adhimu Sultan//
2. //Sabab aku uwis lawas awak mami<sup>(+1)</sup>/ enak-enak aneng nagri Mantaram<sup>(+1)</sup>/ wus ana sangang sasine/ awaku kongsi lemu/ esuk-esuk ta nyambut kardi/ apan sinuba-suba/ saben dinanipun/ mring adhimu kangjeng sultan/ iya priye wekasane dina buri/ enak dhukuh priyoga<sup>54</sup>//
3. //Pan arep dadya gawene wong iki<sup>(+1)</sup>/ nora enak amangan gedhongan/ enak budi kasil dhewe/ apa sekadaripun/ pan wong urip aja melik sugih<sup>(+1)</sup>/ cukupa kang den pangan/ lan sinandhang iku/ aja kongsi utang-utang/ yen bisa iku lakune wong urip/ aja tindak belasar//
4. //Yen wong sugih ingsunnya puniki/ akeh lali mring pangeranira/ iya kibir pangucape/ tatela dhawuhipun/ Kangjeng Nabimu kyangmat<sup>55</sup> iki/ mustapa rasul ngulalah<sup>(+1)</sup>/ utusan Hyang Agung/ dhawuh telung prakara<sup>(-1)</sup>/ siji drajat loro dunya telu ngelmi/ apan mendem dadi sira//
5. //Lah kapriye dhimas sireki<sup>(-1)</sup>/ apa melu mulih marang ingwang/ apa bae neng kene<sup>(-1)</sup>/ kang rayi alon matur/ inggih tumutut wingking laki/ dhateng pundi purugnya/ malebeng lobang semut<sup>(+1)</sup>/ kawula dherek kiwala/ pun mesthine wanudya tumut ing laki/ nglakoni printah ing priya<sup>(+1)</sup>//
6. //Ingkang raka nauri aris<sup>(-1)</sup>/ yen mangkana lega tyasingwang<sup>(-1)</sup>/ gonku mature mring adhine<sup>(+1)</sup>/ Jeng Gusti Sultan Agung/ kuneng dalu wuwusen enjing/ Seh

<sup>53</sup> Silap tulis dari *malebu*.

<sup>54</sup> Silap tulis dari *priyangga*.

<sup>55</sup> Silap tulis dari *kyangmat*.

Jangkung lan kang garwa/ sewan<sup>56</sup> mring kedhatun<sup>57</sup>/ jeng sultan nuju pinarak/ dipunandhep pra santana neng arsi<sup>(-1)</sup>/ atap andher sap-sapan//

7. //Ki Seh Jangkung ingacaran kursi/ sampun lenggah saha apernata/ kapernah aneng keringe/ Seh Jangkung alon matur/ kangjeng sultan bilih marengi/ karsa paduka nata/ kawula anuwun/ pamit mantuk ing Miyana/ sampun lami gen wonten ngriki<sup>(-3)</sup>/ sangang sasi laminya//
8. //Pun Bak Ayu Retnajinoli<sup>(-1)</sup>/ dherekaken sah antuk kawula/ tan purun katilar dhewe/ Jeng Sultan Agung guyu/ aneh temen kakang Jangkung niki<sup>(+1)</sup>/ wontene palakrama/ yekti runtung-runtung/ laki rabi namanira/ namung rabi dhateng sasedyanning estri/ dunya ngakeratira//
9. //Benjang napa kakang budhal neki/ Ki Seh Jangkung alon aturira/ dinten punika kang sae/ Jeng Sultan sigra dhawuh/ animbali mantri sinelir/ sadasa kathahira/ tiyang pikul<sup>(-2)</sup>/ kathahipun kawan dasa/ gunggungipun pakathik ingkang angiring/ satus sekawan dasa//
10. //Kakang Jangkung kula ambektani/ pandhe dhalang ringgit lawan bedhaya<sup>(+1)</sup>/ gong sawayang sarancake/ kula bektani sangu/ ing Bok Ayu Retnajinoli/ sewu ringgit kathahnya/ embanipun tumut/ para Nyai pan sekawan/ kang ngladeni Bok Ayu Retnajinoli/ sampun ngantos sangsara//
11. //Kilih dasa rembat gunggung neki/ bekakase Raden Ayu iku/ kajawi gong sawayange/ kelawan kothakipun/ wus sadiya aneng ing ngarsi/ mantrinipun sadasa/ numpak kuda wau/ gunggung kuda kawan dasa/ Ki Seh Jangkung ingkang badhe den tumpaki/ lembu remenanira//

---

<sup>56</sup> Silap tulis dari *sowan*.

<sup>57</sup> Bentuk baku dari kata ini adalah ‘*kedhaton*’ namun untuk memenuhi *guru lagu* ditulis ‘*kedhatun*’ sesuai dengan naskah aslinya.

12. //Ki Seh Jangkung nulya nuwun pamit/ dyan salaman dhumateng Jeng Sultan/  
Agung selamet selamine<sup>(+1)</sup>/ kang rayi pamit sampun/ dhateng sultan ngandika  
aris/ sultan ingsun apangkat/ slamet aneng dlanggung/ jeng sultan nauri sabda/  
iya kang bok ayu slamet aneng margi/ aja ana bebuka//
13. //Pan bisa atutug sasedyaneki<sup>(+1)</sup>/ para garwa miwah para putra/ dherek medal  
ngaturake/ dumugi lun-alun<sup>(-1)</sup>/ dyan rangkuluan lungayaneki/ sigra numpak  
jempana/ raden ayu wau/ seksana sampun bidhalan/ Ki Seh Jangkung dyan  
nitih kang lemduh<sup>58</sup> singgih/ ngiringaken kang garwa//
14. //Yata lajeng lampahireng margi/ ngaler ngetan wau purugira/ duk semana ing  
jamane/ dereng wonten margi agung<sup>(+2)</sup>/ inggih wonten mung margi alit/  
kathah simpanganira/ kathah ingkang bingung/ begalan margi kathah<sup>(-1)</sup>/ wana  
ketel tur kathah sima kang muni/ gadhungan mangsa janma//
15. //Langkung randhat lampahnya ing margi/ sabab kanthi ambekta wanudya/  
putuwin wau pikule/ yen sayah ingkang mikul/ dadya mandhah tengah  
wanadri/ olah kang panekulan/ arep sedalu<sup>(-1)</sup>/ enjangnya pan lajeng bidhal/  
pan saari denira lumaris<sup>(-2)</sup>/ sareng asar wayahnya//
16. //Lembunira kang den ngumpani<sup>(-1)</sup>/ Ki Seh Jangkung sanget sayahira/  
ambiyuk jengklok sukune<sup>(-1)</sup>/ den degaken tan purun/ inggih kantos  
dipunrewangi/ maksih datan kuwawa/ mangkana Seh Jangkung/ alon denira  
ngandika/ pan wus sayah apan dhadheprok ngriki<sup>(-1)</sup>/ (pandhoh?) ngajak  
lerennya//
17. //Dadya lereh sakeh para mantri/ sikep saking nagri Mataram<sup>(-1)</sup>/ wus  
(rinuwut?) sambatane/ kuda den othaki sampun<sup>(+1)</sup>/ raden ayu miyos ing joli//

---

<sup>58</sup> Silap tulis dari *lembu*.

nulya rakit pondhokannya<sup>(+1)</sup>/ sampun wonten wau/ driya ageng jejer tiga/  
sana sita lajeng kenging den enggoni/ mantri saking Mataram//

18. //Raden ayu pun Retnajinoli/ langkung resep penggalihira/ tan enget dhateng  
daleme/ anulya susul sampun/ santun sinjang semektaneki/ gandes<sup>59</sup> kaduk  
lalewa/ mangkana winuwus/ sapolahé asung brangta/ raden ayu datan enget  
wismaneki/ lajeng kraos ing driya//
19. //Inggih lembu ingkang den titihi/ sampun sayah tan purun lumampah/  
angajak dheprok karsane/ (mandhoh?) aneng ing ngriku/ Raden Ayu  
Retnajinoli/ adhawuh ingkang ngrambat/ [...] ki sampun wangsu<sup>(-1)</sup>/ ingiring  
punggawanira/ mila karan dhusun Jajar ing semangkin/ punika purwanira//
20. //Raden ayu ingandika aris/ kinén bethak uwos sangunira/ saking Mataram  
kathahe/ wolū las dhucin<sup>60</sup> wau/ ulam dhendheng manjangan iki/ sampun  
semakta sedaya<sup>(+1)</sup>/ boten luru-luru/ sampun surup sang hyang surya/ para  
mantri anulya dipuningoni/ sikep game<sup>61</sup> wrata<sup>(-1)</sup>//
21. //Tabuh wolū dhawuh babar ringgit/ dhalang saking nagari Mataram/ den  
anyari caritane/ dhawuh lampahanipun/ Kurupati denira rabi/ tiyang nonton  
akathah/ jalu estri wau/ rare miwah ingkang tuwa/ kaki-kaki nini-nini  
andhutangi<sup>62</sup>/ tinut ing putunira//
22. //Ambelaba tiyang aningali<sup>(-1)</sup>/ rebut papan margi kanyaran dhalang<sup>(+1)</sup>/  
Mataram critane<sup>(-2)</sup>/ tatag trangginas patut/ lamun ngringgit arjuna  
jemparing<sup>(+2)</sup>/ gurisa tembangira<sup>(-1)</sup>/ kathah estri kenyut/ ingkang kedhik

<sup>59</sup> Silap tulis dari *gandhes*.

<sup>60</sup> Silap tulis dari *dhacin*.

<sup>61</sup> Silap tulis dari *damel*.

<sup>62</sup> Silap tulis dari *andhatengi*.

sebutira/ lajeng dherek anggender aneng wingking<sup>(-1)</sup>/ saking senenging driya//

23. //Yata wau mantri ing Mentawis/ pitung dina genira reran punika<sup>(+2)</sup>/ dereng rinilan wangsole/ marmanya sikepipun/ den kersakna tatulung nenggih/ andamel griya anyar/ tuwin langgaripun/ kang kinarya pesalatan/ sampun dadya griya sarta langgarneki/ nuwun pamit mantuk neng Mataram<sup>(+3)</sup>//
24. **Seh Jangkung pangandikane/ eh mantri ing Mentarum iya banget panrima mami/ sira angaterken<sup>(-1)</sup>/ marang ulih ingsun padha slametane merga/ dyan den ayu paring sangu marang mantri/ ngaringgit bunderat//<sup>63</sup>(-4)**
25. //Raden ayu angandika aris/ sira mantri matura jeng sultan/ selamete dhukuh kiye/ mantri nembah umatur/ gih sandika dhawuh jeng gusti/ raden ayu mundhut arta<sup>(+1)</sup>/ dhateng embanipun/ ringgit satus kawan dasa/ den bayarken sikep ing Mentawis<sup>(-2)</sup>/ sampun radin sadaya//
26. //Siga budhal mantri ing Mentawis/ ingkang numpak kuda kawan dasa/ rumiyin wau lampuhe/ kang lampah suku wau/ sami kantun tinilar wingking/ tan winarna aneng marga<sup>(+1)</sup>/ wus prapteng Mentarum/ dyan mantri saos Narendra/ pan pinuju siniweng para bupati/ pangeran demang arya//
27. //Dan dumrojog cumundhuk neng arsi/ ngaras pada bungkuk konjem pratala<sup>(+1)</sup>/ manembah asru ature/ dhuh gustiku sang aprabu<sup>(+1)</sup>/ hamba utus dhoreken ngiring/ jeng raka den ayu retna<sup>(+1)</sup>/ gusti gih lestantun/ wilujeng aneng ing marga/ tigang dinten hamba rereh aneng margi/ (apipe?) aneng wana//

---

<sup>63</sup>'pada' ini tidak memenuhi syarat tembang dhandhanggula. *Guru lagu, guru wilangan*, dan jumlah gatra tidak sesuai dengan 'metrum' tembang dhandhanggula.

28. //Enjangipun apan budhal gusti/ pan sadinten lumampah kewala/ dugi wanci ing ngarsane/ lembu titihanipun/ jeng rakanta panembahan gusti<sup>(+1)</sup>/ dadosaken sayahnya/ lumampah sukunipun<sup>(+1)</sup>/ datan purun alumampah/ den gebar ti meksa tan purun lumaris/ lajeng dheprok kewala//
29. //Radha dalem pan lajeng nuruti/ lajeng (pandhoh?) ing ngriku kewala/ pan nulya dados pandhoke/ dyan wonten griya wau/ jejer tiga kang den panggoni/ kawrat tiyang sedaya/ saking ing Mentarum/ dalunipun raringgitan/ dhalangipun inggih ingkang saking ngriki/ kang nonton langkung kathah//
30. //Mila hamba ngantos pitung ari/ dipunandhek ing raka sang nata/ mantri tiyang sedayane/ kersa kados wau<sup>(-1)</sup>/ amewahi griya ing Jawi/ pondhokan tamunira/ damel langgar sujut/ kinarya ing pesalatan/ mung punika atur kula mring jeng gusti/ sampun kawrat sedaya//
31. //wonten malih hamba den sangoni/ tiyang sikep kanthi sadaya<sup>(-1)</sup>/ tiyang satunggil nyiringgrite/ kadamel sangu mlaku/ kangjeng sultan ngandika aris/ eh mantri ingsun tarima<sup>(+1)</sup>/ iya ing lakumu/ caritamu kabeh ika/ sun tampani kaya dhalang ringgit<sup>(-2)</sup>/ dhasar mantri weweka//
32. //Kangjeng sultan angandika aris/ dhateng Raden Jayawidikda<sup>(-1)</sup>/ juru gedhong ing lungguhe/ kinen amundhut wau/ ing pekkasireng mantri<sup>(-1)</sup>/ sedasa katahira/ sapengadegipun/ wus cumaos aneng ngarsa/ sigra dhawuh kinen maringaken mantri/ sedaya mantrinira//
33. //Ingkang ndherek ngaturaken nenggih/ kang bok ayu raden ayu retna/ wus katrima lakune<sup>(-1)</sup>/ pan wus adat Sultan Agung<sup>(+1)</sup>/ lamun wonten kang den asihi/ dhasar sultan tega lali/ ingsunnya puniku/ katedha ing abdinira/ boten karsa sugih ing dunya puniki/ mung andi kang den (piara?)<sup>(+1)</sup>//

34. //Sampun kathah tiyang kang dhatengi/ saklangkung gemah dhusunira/ ing kawitan wekasane/ kuneng gusti winuwus/ kawarnaa pakabehe mantri<sup>(+1)</sup>/ selamine ana<sup>(-1)</sup>/ dhukuh ing ngriku/ ingkang ladosi punika/ Ki Seh Jangkung nami panembahan nenggih/ wus misuwur ing wong kathah//
35. //Pandhenira dine kekasaring/ Ki Berganjing pandhe namanira/ dhalang aneng banyol gone/ jogednya saleripun/ kama putra jan kampunganeki<sup>(+1)</sup>/ mranggi aneng Karang Tengah<sup>(+1)</sup>/ wus sami ingatur/ dhalang nami Ki Gulungan jogedira naminira Simbar Akik/ meranggi nama Prayongsa// //o//

### **Pupuh X (Pocung)**

- //o// 1. //Duk semana panembahan laminipun/ pan sampun sawarsa/ neng dhusun Landhoh winarni/ sampun arja akathah tiyang prapta<sup>(-1)</sup>//
2. //Kawarnaa nenggih wau Nyai Banjur/ sampun sireng warta/ yen kang rayi sampun mulih/ lajeng dhukuh neng Landhoh kiduling desa//
3. //Sarta angsal pinaringan putri ayu/ (bandhun?) ning Jeng Sultan/ Agung nagara Mentawis/ wus kagarwa dhateng Panembahan ika//
4. //Nyai Banjar asanget ing bingahipun/ lajeng tata-tata/ nedya tuwi mring kang rayi/ bekta rencang kathahipun kalih welas//
5. //Bekta duren kathahnya ban wonglung<sup>64</sup> pikul/ pelem kang sarembat/ kalih rembatan kuweni/ lan kaluwek kamirine kalih rembat//
6. //Nyai Banjur aneng marga tan cinatur/ apan wus saprapta/ neng Landhoh kidul winarni/ kapang-kapang pinanggih lan arinira//

---

<sup>64</sup> Silap tulis dari wolung.

7. //Panembahan nya methuk plataranipun/ nulya ingkang garwa/ Den Ayu Retnajinoli/ dherek methuk marga anut ingkang raka //
8. //Sampun lenggah neng bangsul lagu<sup>(-3)</sup>/ samya jejagongan/ panembahan muwus aris/ gih bok ayu punapa sami slametan //
9. //Nyai Banjur nauri sabdanya arum/ iya keslametan/ dene bisa teka ngriki/ uwis lawas abanget kangen manira//
10. //Duren iku duwe (jukang?) ingsun gaduh/ nuju kabeneran/ ana wohe kang nyalandri/ wolung pikul iya ingkang ingsun gawa//
11. //Panembahan driya kuweni kang awuh/ klawan kemiri kang/ ing gawa namung sathithik/ kanggo bumbu raden ayu karsa mindhang//
12. //Nuli dhahar den ayu lan Nyai Banjur/ tiga panembahan/ linadosan para nyai/ bakda dhahar linoroten<sup>65</sup> rencangira/
13. //Nyai Banjur dene dhateng Landhoh kidul/ tigang dasa dina/ sinuba-suba kang rayi/ panembahan kalawan ing garwanira//
14. //Nyai Banjur enjangipun pamit mantuk/ pan sampun rinilan/ tan kocap aneng ing margi/ sampun prapta ing wismanireng Miyana//
15. //Yata wau nulya ganti ingkang winuwus<sup>(+1)</sup>/ inggih nagri Tuban/ wonten kraman pacak baris/ sampun kathah patahan telukanira//
16. //Badhe gempur dhumateng nagri Mentarum/ mejang kangjeng sultan/ animbalii dhateng patih/ sampun prapta raden patih aneng arsa//

<sup>65</sup> Silap tulis dari *linoroban*.

17. //Kangjeng sultan pangandikanira arum/ lah patih printaha/ mantri prajurit pinilih/ satus bae prajurit ingkang prayoga//
18. //Besuk-besuk ingsun budhal aneng Landhoh/ pan arsa rembugan/ lan Ki Seh Jangkung kinanthi/ raden patih aturipun gih sandika//
19. //Kangjeng sultan nulya kondur ngadhatun<sup>(-1)66</sup>/ patih mrintahira/ mring mantri miji pinilih/ amung kang sami anumpak kuda<sup>(-2)</sup>//
20. //Sultan Agung sampun rawuh rereh gunung/ kendhang gong ing ngarsa/ panembahan aneng sabin/ macul siti supados sageta rata//
21. //Ing kakang mas amacul dhateng ing sabin kang wus<sup>(+2)</sup>/ katingalan<sup>(-2)</sup>/ anenggih saking ing ngriki/ lamat-lamat dene wus katingal<sup>(-2)</sup>//
22. //Kangjeng sultan dene angawasaken wau<sup>(+1)</sup>/ dheweke nawang<sup>(-1)</sup>/ sakilene Purwadadi/ mila aran nami dhusun Penawangannya<sup>(+1)</sup>//
23. //Gih puniku purwane Sultan Agung<sup>(-1)</sup>/ nawang ingkang raka/ mila akantos samangkin/ Kangjeng Sultan ingkang paring nama desa//
24. //Dhusun Landhoh inggih wonten sabinipun/ kang nami pun Tamat/ kantos karan dinten mangkin/ gih punika purwane carita kuna//
25. //Tan kawarna ing dalu Jeng Sultan Agung/ dyan wuwusen enjang/ jeng sultan budhal tumuli/ pan ingiring prajurit anumpak kuda//

---

<sup>66</sup> Seharusnya kata yang tepat adalah ‘*ngedhaton*’, namun untuk memenuhi *guru lagu* ditulis ‘*ngedhatun*’ sama seperti dalam naskah asli.

26. //Sampun rawuh dhukuh Landhoh Sultan Agung/ geger apuyengan/ tiyang alit sami ngili/ pengrasane wonten kraman ingkang prapta//
27. //Jaler estri sadaya ngungsi ing gunung/ ingkang gadhah anak/ alit-alit den bektani/ ingkang meteng anak-anak aneng dalam//
28. //Panembahan sareng ngarsa Sultan Agung/ methuk neng plataran/ salaman sarwi kinanthi/ Raden Ayu Retnajinoli nya medal//
29. //Dyan pinarak dhateng kursi kanthil agung/ raden ayu wuwusnya<sup>(+1)</sup>/ aku iya nora ngipi/ kangjeng sultan yen rawuha wismaningwang//
30. //Kangjeng sultan anauri sabda arum/ mila ningsun prapta/ kangen bok ayu Jinoli/ dene lawas setaun nora kepanggya//
31. //Raden ayu nauri sabdanya arum/ (benjake?) mayangan/ banget temen bengah<sup>67</sup> mami/ pan sumepa kebanjiran madumangsa//
32. //Yen supama kangjeng sultan nora rawuh/ marang wismaningwang/ sasi mulud ngarep iki/ kang sun sedya tilik maring Mataram<sup>(-1)</sup>//
33. //Iya kangen maring adhi nimas ratu/ Raden Mukmin wungu/ Retnadiluwih<sup>(-3)</sup>/ karo kangen putramu Raden Mas Dibya//
34. //Kangjeng sultan nauri ngandika arum/ kabeh keslametan/ lami gawa tinggal iki/ ora ana sangkutane apa-apa//
35. //Ya mulane bok ayu ingsun arawuh/ ngampiri pun kakang/ sun ajak neng Tuban nagri/ ana kraman wus akeh telukanira//

---

<sup>67</sup> Silap tulis dari *bungah*.

36. //Panembahan turnya sarwi gumuyu<sup>(-1)</sup>/ tan susah jeng sultan/ atindhak<sup>68</sup> neng  
Tuban nagri/ kula piyambak kang mapagaken ing yuda<sup>(+1)</sup>//
37. //Kangjeng sultan lereh ngriki apan sampun/ ngantos dhateng kula/ sapinten  
kraman ing Tubin<sup>69</sup>/ sagah ngethoki ting jangganira//
38. //Nanging kula inggih gadhah ing panuwun/ sikepi Mataram/ supados  
dhongkel ing ngriki/ sikepipun pan kenging kawula sambat//
39. //Manthuk-manthuk kangjeng sultan ngandika rum/ gih prayogi kangmas/  
kula jarine pribadi/ gawa pinten siti mung kedhik punika//
40. //Pra prajurit Mataram bungah sedarum/ nora akangelan/ wus ana kang  
anyaruhi/ mungsuh yuda nelukaken kraman Tuban//
41. //Pra prajurit Mantaram parasan turun/ kabeh enak-enak<sup>(+1)</sup>/ nora melu marang  
Tubin/ nadyan perang amungsuh bari lemah//
42. //Panembahan dadya dhawuh mongtong<sup>70</sup> wedhus/ kebiri pan gangsal/ mragat  
gudel tiga iji/ sampun mateng genira masak-masak<sup>(-1)</sup>//
43. //Dhasar rikat koki saking ing Mentarum/ koki Jenang nama/ anulya dhaharan  
mijil/ pan dhaharan tiga raden ayu retna//
44. //Bakda dhahar linorotken abdinipun/ prajurit arata/ sikep gamelan pakathik/  
apan radin datan wonten kelangkungan//

<sup>68</sup> Silap tulis dari *atindak*.

<sup>69</sup> Variasi lain dari kata ‘*Tuban*’. Digunakan untuk memenuhi *guru lagu*.

<sup>70</sup> Silap tulis dari *motong*.

45. //Sareng dalu dhalang tinimbalan sampun/ kinen aringgitan/ akathah tiyang ningali<sup>(-2)</sup>/ ingkang ngili aneng wana sampun prapta//
46. //Tan kawarna wuwusen ing dalunipun/ kawarnen ing enjang<sup>(-1)</sup>/ panembahan nulya pamit/ dhateng sultan kula bidhal dhateng Tuban// //o//

### **Pupuh XI (Durma)**

- //o// 1. //Dyan rinilan panembahan sampun bidhal/ mung bekta rencang kalih/ kumpul kina lunga/ pan sarwi berukira/ ecise bar mulih anenggih/ naminira<sup>(-1)</sup>/ panembahan teken icis<sup>71(+1)</sup>//
2. //Rencang kalih bekta beruk kalih pisan/ panembahan lumaris/ mampir mring Miyana/ pamit bok ayunira/ Nyai Banjur sampun ngimpi/ lamun kapanggya/ kelawan ingkang rayi//
3. //Boten dangu panembahan rawuhira/ dhateng Miyana nenggih/ Nyai Banjur amapag<sup>(+1)</sup>/ aneng pelataran<sup>(-1)</sup>/ sarwi muwus aris<sup>(-2)</sup>/ lajeng asigra/ esuk temen sira prapti<sup>(+1)</sup>//
4. //Dara dasih kelawan supenaningwang/ wus atate yen angipi (+1)/ lamun kapanggih esuke teka (+1)/ panembahan anauri /bak ayuningwang/ ingsun bakal ing Tubin//<sup>72</sup> (-1)
5. //Dyan ingutus Jeng Sultan Agung Mentaram/ methukna kraman Tubin/ iya kangjeng sultan/ isih ing wismaningwang/ parajurit sasikepneki/ iya labotan/ sun kongkon dhongkel sabin//

<sup>71</sup> Silap tulis dari *ecis*.

<sup>72</sup> ‘*pada*’ ini kekurangan satu baris ‘*gatra*’.

6. //Pan sedalu panembahan neng Miyana/ wernanen sampun enjing/ panembahan pamitan<sup>(+1)</sup>/ dhateng bok ayunira/ supados dipunidini/ ing lampahira/ pan sampun anglilani//
7. //Tan winuwus panembahan lampahira/ Sultan Agung winarni/ nenggih sapungkurnya/ kang raka dhateng Tuban/ dyan dhawuh mantri sireki/ lan sikepira/ kinen andhongkeli sabin<sup>(+1)</sup>//
8. //Sikepira kathahnya satus sawidak/ ingkang sami dhongkeli/ mantri tindhihana/ akarya tetaruban/ wonten ing griya satunggil/ kinarya pinarakana<sup>(+2)</sup>/ yen kangjeng sultan mriksani<sup>(+1)</sup>//
9. //Saben dina tiyang dhongkel gih punika/ kinirim tedhaneki/ jeng sultan amriksa/ tan arsa akundura/ mundhut dhahar teng sabin<sup>(-1)</sup>/ wus ingaturan/ adhahar sultan aglis//
10. //Kapinujon raden ayu genira kelan<sup>(+1)</sup>/ jangan asem puniki/ tambah klungsunira/ kakalih dereng binucal<sup>(+1)</sup>/ jeng sultan amundhut aglis/ klungsu punika/ tinanem aneng sabin//
11. //Kapernahnya pojok sabin kang kaler wetan<sup>(+1)</sup>/ gening nanem puniki/ kinarya pertandha/ lamun iki dukul<sup>73</sup> kakang<sup>(+1)</sup>/ asem ing ngriki<sup>(-3)</sup>/ dugi injangnya/ klungsu pun thukul nenggih//
12. //Kinen nyrumbung kanan kering rinajegan/ wus tigang dinten nenggih/ asem tiningalan/ sadedeg inggilira/ Sultan Agung dhasar sekti/ sabarang cipta/ pesthi iya adadi//

<sup>73</sup> Silap tulis dari *dhukuh*.

13. //Nengena rasul lan agung tan kocapa/ panembahan winarni/ wus prapta ing Tuban/ anulya campuhing mring/ brandhal ambedhili<sup>(-2)</sup>/ rame ayu<sup>(-1)</sup>/ rarebut rok silih<sup>(-1)</sup>//
14. //Panembahan beruk den gasangane<sup>(a)(-1)</sup>/ kinarya nadhahi mimis<sup>(+1)</sup>/ nulya binalekna/ anempuh kraman ika/ kraman kang kenging gusis<sup>(-1)</sup>/ tatu sedaya/ lumayu ngengsi<sup>74</sup> urip//
15. //Kepalanya sekawan wus kinethokan/ endhase pipanjer nuli<sup>(+1)</sup>/ pan sareng uninga/ kepalanya wus pecah/ sadaya wus nungkul sami/ atur mratobat/ manembah asung bukti//
16. //Panembahan anulya malebeng pura/ mundhut jarahan nenggih/ wus katur sadaya/ wonten gangsal gotongan/ panembahan aneng masjid/ mriksani mimbar/ wrananira abecik//
17. //Lajeng dhawuh mimbar kinen ambikaka/ sampun cinikak<sup>75</sup> aglis/ ing ngriku anulya/ miranteni rembat pan/ sampun kinumpul nenggih<sup>(-1)</sup>/ lan raja brana/ sadaya wus rumakit//
18. //Wonten ketib nenggih nagari ing Tubannya/ seguruh westaneki/ putranya sajuga/ langkung ayu utama/ Pandhanarum naminireki<sup>(+1)</sup>/ ingaturena/ dhateng panembahan nenggih<sup>(+1)</sup>//
19. //Panembahan duk kala sareng amirsa/ seneng ingkang galih<sup>(-1)</sup>/ pan lajeng binekta/ numpak dhateng jempana/ panembahan kondur nuli/ tiyang ing Tuban/ kawan dasa ingkang ngiring<sup>(+1)</sup>//

<sup>74</sup> Silap tulis dari *ngungsi*.

<sup>75</sup> Silap tulis dari *binikak*.

20. //Pan rembat tan gegotong neng arep pisan/ tiyang Tubin kang ngiring/  
sawidak kathahnya/ kelayan lurahira/ datan kawarna ing margi/ wus prapta  
wisma/ dhepok Landhoh kang desi//
21. //Kangjeng sultan tumedhak aneng plataran/ methukken rakanteki/ sampun  
kaslametan/ pan sampun pinarak kaliyan<sup>(+2)</sup>/ panembahan matur aris/ punika  
sultan/ anggen kawula jurit//
22. //Inggih mimpang saking pangestu paduka/ tumenggungira nenggih/ keraman  
punika/ jangannya<sup>76</sup> tiga sekawan<sup>(+1)</sup>/ kula panjeri<sup>(-3)</sup>/ kapalanira/ kang kantun  
teluk sami//
23. //Gih punika raja brana saking Tuban/ rolas rembat gunggung neki<sup>(+1)</sup>/ inggih  
katur sang nata<sup>(+1)</sup>/ kawula inggih derma/ alumampah kiwaneki/ ngemban  
dhawuh sang/ aji sumanggeng karsi//
24. //Kangjeng sultan alon pangandikanya<sup>(-1)</sup>/ kakang ambil pribadi/ sekathahing  
dunya/ ingkang saking ing Tuban/ punika kakang nglampahi/ ingkang  
kangelan/ bak ayu kang darbeni//
25. //Gone dhongkel sabin inggih dereng dadya/ ingkang nglurug sampun  
prapti<sup>(+1)</sup>/ angsal baboyongan/ panembahan aturira<sup>(+1)</sup>/ yen makaten Sultan  
inggih/ ing benjangira/ Guder namining sabin//
26. //Sawek Guder kawula ing laminira/ sabin dereng adadi/ kula sampun prapta/  
pun sabin dereng dadya/ jeng sultan inggih ngamini/ sakarsanira/ mila karan  
semangkin//

---

<sup>76</sup> Silap tulis dari *janggannya*.

27. //Kangjeng sultan alon wijiling wecana/ kakang kula suwuning/ nanem asem punika<sup>(+1)</sup>/ binjangipun dipunkandhang/ damel peken kemis<sup>(-2)</sup>/ nikang kinarya/ madhangan yen wonten ingkang kapti<sup>(+3)</sup>//
28. //Kangjeng Sultan Agung genira ing Landhoh<sup>(a)</sup>/ nenggih pan sampun lami/ pan satengah wandra<sup>77</sup>/ siyang ratri binoja/ dhateng kang raka anenggih/ ing saben dina/ tan pegat motong kambing// //o//

### **Pupuh XII (Sinom)**

- //o// 1. //Kangjeng sultan pamitan<sup>(-1)</sup>/ gih kakang kula lilani/ lan malih bok ayu Retna/ ingsun uga den lilani/ den ayu anauri/ iya sakethi jumurung/ selamet selawasira/ aku kirim salam taklim/ mring garwamu Raden Ayu Kencana<sup>(-1)</sup>//
2. //Kangjeng sultan sigra budhal nitih kuda/ jragen nenggih<sup>(-4)</sup>/ kambil lan ireng kancana/ laratipun bludru abrit/ sinulam jene pinggir/ sanggawedhi jene sepuh/ ebegira garodana/ rinajut kudaneke<sup>(-1)</sup>/ kura kedhuk dya gambar warnanira<sup>(-1)</sup>//
3. //Prajurit ing ngajeng samya/ samya sami nitih wajik/ tan kocap aneng ing marga/ sampun rawuh neng nagari/ malebeng dalem puri/ prajurit pan samya mantuk/ inggih sowang-sowangan/ dhateng wismaning pribadi/ enengena Jeng Sultan Agung Mataram//
4. //Duk kalaning panembahan/ lumampah kasatan warih/ Ki Praya kang asung toya/ legen kalih bumbung nenggih/ mila Ki Praya prapti/ sowan panembahan wau/ Ki Praya aturira/ apan sarwi ngasih-asih/ panembahan mila kawula sowan<sup>(-1)</sup>//

---

<sup>77</sup> Silap tulis dari *candra*.

5. //Manawi paduka karsa/ inggih anak kula estri/ kula turaken sampeyan/ dados gih para nyai<sup>(-1)</sup>/ inggih sampaun ing ngriki/ punika ing wernanipun/ Bakirah namanira/ panembahan mriksani<sup>(-1)</sup>/ kaduk sae warnane rare punika//
6. //Anulya kaningkah pisan/ pan dados selir sireki/ kang garwa kinempalna<sup>(-1)</sup>/ tanana rengu ing galih/ rukun samya ngladeni/ pan sami mesem gumuyu/ pan ajrih dhateng raka/ nglakoni tindake estri/ tri tetelu punika ingkang linaknyan//
7. //Amantep dhateng ing priya/ agemi kayaning laki/ satiti barang pratingkah/ ngati-ati lamun angling/ aben semune laki/ mantep idhup<sup>78</sup> amituhu/ mantep temen ing priya/ idhep caosaning laki/ guyub anut kelawan printahing priya//
8. //Tuhu asih dhateng priya/ datan malih<sup>79</sup> tingalneki/ ajrih lamun aduraka/ yen wong wadon tingkah juti/ melik liyaning laki/ siniksa dening Hyang Agung/ malebeng ing naraka/ ula klabang kalajengking/ angantupi badane gebel sadaya//
9. //Jerit-jerit sambatira/ tanana ingkang nulungi/ nora kena maidoa/ wus kacetha dalem dalil/ milane ing wong estri/ den abekti marang kakung/ iku pangeranira/ ing dunya tumekeng akir/ temen-temen amasthi munggah suwarga//
10. //Wong wadon saiki arang/ ingkang temen dhateng laki/ sewu siji nora ana/ kang kadya sinebut nginggil/ yen nora den kayani/ belasar ing tindakipun/ ngupados lanang liya/ sok ugi angsala dhuwit/ nora enget lamun dandane bejat<sup>(-1)</sup>//

<sup>78</sup> Silap tulis dari *idhep*.

<sup>79</sup> Silap tulis dari *malik*.

11. //Satengah kesah pacinan/ dya pamit dhamateng<sup>80</sup> ingkang laki/ jengandika pados dagangan<sup>(+1)</sup>/ leksana apados jibing/ kang jaler tan udani/ yen kang estri rare beruk/ nadyan wau ningwang/ sawab nora kalong iki/ (coka ruliya?) arta damel tumbas madat<sup>(+1)</sup>//
12. //Apan ta sampun akathah/ wong wadon ingkang nglakoni/ anenggih jaman punika/ aja nganti sira ceki/ lamun dhemen priyayi/ kang jaler bingah kelangkung/ sun emba mati lena/ turune amrihe becik/ lanang alus raden ayu warnanira//
13. //Sampun maido ing serat/ sakabat sampun ningali/ duk kalane amelana/ dhateng ing liya nagari/ uninga pribadi<sup>(-1)</sup>/ lelakon kang kaya iku/ mila (ananjangna?)<sup>(-1)</sup>/ supados sampun nglakoni/ sampun kantos tumindak kadi punika//
14. //Boten sande ambabekta/ temahan ngisab-isabi/ gegandheng mring bapa biyang/ buyut canggah kaki nini/ ngaku turune wong becik<sup>(+1)</sup>/ belasar ing tingkahipun/ dadi atingal nama/ dudu turuning wang<sup>81</sup> becik/ yen becik kang mangka lakune belasar//
15. //Simidi ingkang carita/ wuwusen ingkang winarni/ panembahan sampun lama/ gene dalem Landhoh nenggih/ sampun inggih sabin<sup>(-1)</sup>/ kathahipun mung nem buhu/ Guder sabin kang nama/ dadose dhadhongkel sabin/ aca tanem pan iya puput sadina//
16. //Ananging kuciwanira/ dereng wau anggadhahi/ mahesa kang damel garap/ mangkana warnanen enjing/ panembahan lumaris/ ngupados mahesa wau/

---

<sup>80</sup> Silap tulis dari *dhumateng*.

<sup>81</sup> Silap tulis dari *wong*.

saben dhusun thinanya/ ana mahesa puniki/ pan dumugi dhusun (losen kana?)  
punika<sup>(+1)</sup>//

17. //Wonten tiyang mayu griya/ kathahipun pitung iji/ tinakon panembahan<sup>(-1)</sup>/  
bagus ingkang mayu sami/ punapa dhusun mriki/ wonten tiyang sade wau/  
mahesa kula tumbas/ tiyang mayu anaauri/ boten wonten kalamun dika karsa  
(-1)//

18. //Kidul ngriku wonten mesa/ ananging mahesa mati/ saweg wingi gene pejah/  
ajaler ageng nglangkungi<sup>(+1)</sup>/ sungune angnenggih<sup>82(-1)</sup>/ dhateng ngara-ara  
ngriku/ kang ngriku katingalan/ panembahan amurugi/ estu leres yen wonten  
mahesa pejah//

19. //Dipi caket panembahan/ ing pernahira niki<sup>(-1)</sup>/ angungun sajroning driya/  
eman temen kebo iki/ dene gedhe nglangkungi/ sunganya<sup>83</sup> branggah abagus/  
mendah lamun urip<sup>(-2)</sup>/ gedhene ta angungkuli/ kopet-kopet kupingira buntut  
dawa//

20. //Dyan pipiksa panembahan/ kalayan dipuncepengi/ angungun sajroning  
driya/ eman temen kebo iki/ gedhene angluwihi/ sarta bapang sungunipun/  
bok bisa urip mana/ eman temen lamun mati/ panembahan nanuwun dhateng  
Hyang Suksma//

21. //Kasalat<sup>84</sup> kalih rekangat/ sakathahe den tutupi/ anenggih babahan sanga/  
sumepa kadya ngemasi/ ngeningaken tingalneki/ kang sinedya ciptanipun/ tan  
liyan maring Hyang<sup>(-1)</sup>/ kang sipat rahman puniki/ kang ngratoni kauripan  
sadaya<sup>(-1)</sup>//

---

<sup>82</sup> Silap tulis dari *anenggih*.

<sup>83</sup> Silap tulis dari *sungunya*.

<sup>84</sup> Silap tulis dari *asalat*.

22. //Inggih Allahutangala/ ingkang damel bumi langit/ ingkang nora jaman makam/ kang sipat langgeng tan gingsir/ saking panuwun dasih/ mugi tinurutan ingsun/ inggih panuwun hamba/ alis<sup>85</sup> kang sampun kalis<sup>(-1)</sup>/ kang supados sageta gesang aweta//
23. //Tan wonten alaranira/ wus katrima genya muji/ riseksana panembahan/ mahesa dipuncepengi/ singate kanan kering/ cinablek ambal ping telu/ lah mara atangia/ lembon temen gonmu guling/ nulya kaget mahesa nglabet buntutnya//
24. //Kplek-kplek kipingira/ buntutira jenthat-jenthit/ mripatipun byar-byaran<sup>(-1)</sup>/ andhangak sarwi anglirik/ panembahan muwusi/ lah mara ngadeg sireku/ mahesa pancen gelak/ jenggereng sarwi atangi/ nulya ngadeg sampun gesang kadya lama//
25. //Tiyang mayu pitu ika/ sami kaget aningali/ wong ika dene kuwasa/ kebo mati bisa urip/ payo padha marani/ anjaluk ngapura iku/ mau sun sentak-sentak/ tiyang putu<sup>86</sup> mudhun sami/ amurugi dhateng ngarsa panembahan//
26. //Tiyang pitu aturira/ galap gangsul kula Kiyai<sup>(+1)</sup>/ kawula nuwun ngapura/ anembah angasih-asih/ kawula boten uning/ dhateng ing sampeyan wau/ panembahan ngandika/ ora dadi apa iki/ wus jamake wong wadon ana nasibnya// //o//

### **Pupuh XIII (Megatruh)**

//o// 1. //Yata wau panembahan nulya kondur/ mahesanipun angiring/ tiyang pitu atut pungkur/ nyegati kanan kering<sup>(-1)</sup>/ lampahira alon-alon//

---

<sup>85</sup> Silap tulis dari *kalis*.

<sup>86</sup> Silap tulis dari *putu*.

2. //Tan winarna prapteng dhusun saking wau/ kapinujon wonten (kila?)/ panembahan dhawuhipun/ mahesa kinen ngedusi/ tiyang pitu guyang kosok//
3. //Sampun bersih tiyang pitu guyang wau/ panembahan amriksani/ ing granane singatipun/ dene dhaplang angluwihi/ kaya amedeni uwong//
4. //Sesek lawang yen mungguh lawang aciyut/ sadhap sisih tur lincip<sup>(-1)</sup>/ yen den angon bocah iku/ amesthi padha awedi/ yen isih sungu mangkono//
5. //Panembahan riseksana singatipun/ cinepeng ing kanan kering/ anulya wau thinuthuk/ dhateng icik sekar mulih/ singat lajeng amangisor//
6. //Dyan mahesa lajeng singatnya adhungkul/ anuju dhateng ing siti/ malah yen anedha rumput/ lamun biten<sup>87</sup> dhateng rawi/ datan saget lamun nyenggot//
7. //Cangkemipun boten saget nyenggut rumput/ margi singat nujah bumi/ mahesa wus karan dhungkul/ ireng mulus wernanekei/ putihe gulu tan katon//
8. //Panembahan pangandika arum<sup>(-2)</sup>/ dhateng tiyang pitu nenggih/ wis padha sireku<sup>(-2)</sup>/ asanget panrima mami/ gonmu padha ngatur mring ngong//
9. //Pan wis tutug kali tengah iya ingsun/ wong pitu ngater mring mami/ wis padha baliya iku/ besuk bae tilik mami/ iya marang enggon ingong//
10. //Tiyang pitu nembah sareng pamitipun/ sedaya pan samya mulih/ panembahan lajeng kondur/ mahesa dhungkul ing wingking/ sampun rawuh wismeng Landhoh//

<sup>87</sup> Silap tulis dari *boten*.

11. //Garwanira kapang-kapang apan methuk/ sami bingah ing tyasneki/ dene  
angsal kebo dhungkul/ agengnya pan anglangkungi/ dyan mahesa dhungkul  
manggon//
12. //Enjangipun nenggih wau kebo dhungkul/ arsa binekta ing sabin/ badhe  
kadamel maluku/ mahesa dhungkul tan apti/ gobag-gobig irunge empros<sup>(+1)</sup>//
13. //Klirak-klirik mecicil ing mripatipun/ (pajer?) sanga durung tangi/ sabet  
praya abdi wau/ asanget genira ajrih/ manawi gunung gedhang yektos<sup>(+1)</sup>//
14. //Selamine mahesa dhungkul puniku/ boten purun karya sabin/ yen enjang  
kesah puniku/ dhateng sabin rawi iki/ yen mantuk wayah bar surop<sup>88</sup>//
15. //Yen terkadhang dugi rawi nedha wau/ kantos dugi Sokawati/ tigang wulan  
boten mantuk/ ing sagurug-purugneki/ sapurun enggone manggon//
16. //Wau dhungkul yen wonten tandur sinenggut/ sabine medal nglangkungi/ yen  
siyang gupakanipun/ sawetannya Landhoh singgih/ labetipun kongsi balong//
17. //Mergenipun mahesa dhungkul winuwus/ yen nedha dhateng ing rawi/ dados  
kali nami Bandhung/ yen mantuk saking ing rawi/ singate katutan  
kangkong<sup>89</sup>//
18. //Yen amanggon dhateng asem ngandhap wau/ dadya asem dhampit<sup>(-2)</sup>/ punika  
cancanganipun/ yen kesah ucul pribadi/ nora ngangge dipunangon//

<sup>88</sup> Variasi lain dari kata ini adalah *surup*.

<sup>89</sup> Silap tulis dari *kangkung*. Ditulis *kangkong* karena untuk memenuhi guru lagu.

19. //Enengena gantya ingkang winuwus<sup>(-1)</sup>/ Sultan Agung ing Mentawis/ adhawuh mring gandhekipun/ lah gandhek sira sun tuding/ sun utus marang ing Landhoh//
20. //Kebo lanang sepasang ya karo iku/ aturna mring kang mas puniki<sup>(+1)</sup>/ supaya ginawe iku/ garap sabin Guber iki/ sira matura mangkono//
21. //Gandhek munjuk sandika gusti sang prabu/ wus anembah lengser ngarsi/ gandhok<sup>90</sup> budhal pantes lantun/ tan kocap aneng ing margi/ sampun prapta dhusun Landhoh//
22. //Gandhek matur dhateng panembahan wau/ kawula ingutus gusti/ dhateng kangjeng sultan agung/ mahesa kalih puniki/ kang satunggal nami Totor//
23. //Mangsatunggal malih wau namanipun/ katur ing sampeyan ngriki/ panembahan wuwusipun/ iya gandhek wus sun tampi/ abanget panuwuningngong// //o//

#### **Pupuh XIV (Asmaradana)**

- //o// 1. //Gandhek sampun den paringi/ panekulan sampun nedha/ bakda nedha pamit mulih/ wus rinilan panembahan/ tan kocap aneng ing marga<sup>(+1)</sup>/ sampun prapta ing Mentarum/ munjuk ngarsa sri narendra//
2. //Wus katur ing solahneki/ mahesa sampun katampa/ ing raka dalem sang rajeng/ kangjeng sultan dhawuhira/ wis gandhek amuliha/ gandhek nembah lengser mundur/ parapteng dhateng wismanira//

---

<sup>90</sup> Silap tulis dari *gandhek*.

3. //Mahesa saking Mentawis/ inggih ingkang damel sawah/ Totor klayan ing kalihe/ pun dhungkul saben dinanya/ anglam<sup>91</sup> pra priyangga<sup>(-1)</sup>/ terkadhang yen mantuk surup/ enjange lajeng akesah//
4. //Kang sabin klangkung wedaling/ gelenge<sup>92</sup> tanemi kacang/ yen angundhuh ing kacange/ katuraken ing Mantaram/ tuwin kintun kang putra/ dhateng Cerbon putranipun/ Ketib Trangkil kang dinuta//
5. //Sakedhap pan sampun prapti/ Ketib Trangkil ing lampahnya/ dumugi dhateng Cerbone/ kacang sampun tinampanan/ Rahaden Mukmin ika/ Ketib Trangkil pamit mantuk/ sampun prapta Landhoh ika//
6. //Wernanen den ayu singgih/ garwanira panembahan/ umatur dhateng rakane/ kawula matur sampeyan/ amung putra paduka/ Rahaden Mukmin puniku/ bok inggih tinimbalan<sup>(-1)</sup>//
7. //Kula emong tiyang kalih/ dhateng ing ngriki kewala/ sampun mantuk ing Cerbone/ kawula tan gadhah putra/ kenging katingalan<sup>(-1)</sup>/ sinten kang darbeni wau/ barang sumakawis ika//
8. //Panembahan ananuruti<sup>(+1)</sup>/ enjange lajeng utusan/ abdi Praya Tib Trangkil/ wus prapta aneng ing ngarsa/ panembahan angandika/ Tib Trangkil sira sunutus/ iya karo abdi Praya//
9. //Marang Cerbon sira iki/ amboyongi putraningwang/ si kulup gawaa mrene/ Tib Trangkil matur anembah/ lan sabat abdi Praya/ sampun lengser aneng ngayun/ amintar lajeng lumampah//

---

<sup>91</sup> Silap tulis dari *alam*.

<sup>92</sup> Silap tulis dari *galenge*.

10. //Abdi Praya lan Ketib Trangkil<sup>(+1)</sup>/ lampahira gegancangan/ tan kocap aneng  
margine/ sakedhap sampun prapta<sup>(-1)</sup>/ dhumateng Cerbon nagara<sup>(+1)</sup>/ anulya  
wau umatur/ ngarsanireng jeng sultan<sup>(-1)</sup>//
11. //Manembah ing ngarsaneki/ Tib Trangkil alon aturnya/ dhuh Gusti kula  
dinuteng/ dhumateng putra paduka/ ing Landhoh panembahan/ inggih kinen  
nuwun iku/ dhateng putra wayah tuwan//
12. //Raden Ayu Retna Jinoli<sup>(+1)</sup>/ garwa kang saking Metaram/ apan sanget  
panuwune/ ping kalih badhe wuninga/ dherek ngemong kewala/ pan boten  
(adner besumu?)/ sami ugi garwa ing Tuban<sup>(+1)</sup>//
13. //Dipunemong garwa kalih/ Mataram kelayan Tuban/ wira-wiri ing akire/  
lamun kangen kangjeng sultan /kawula kang ngaterena<sup>(+1)</sup>/ kalih abdi Praya  
wau/ punika atur kawula//
14. //Jeng sultan ngandika aris Tib/ Trangkil sakarepira/ aku amung dungakake/  
kang wayah tinimbalannya/ wus cundhuk aneng ngarsa/ Mukmin melua  
sireku/ Tib Trangkil lan abdi Praya//
15. //Sira iku den timbalii/ myang ramamu panembahan/ budhal ing dina kiye<sup>(-1)</sup>/  
sawab becik dugnyanira<sup>93</sup>/ dina temu nem belas/ santosa wateke kulup/  
rahayu ana ing marga//
16. //Kang wayah anulya pamit/ sinebul bunbunanira/ tinimbul ing sejatine/  
inggih sampun kantos sasih/ tapak tilas gurenda/ Tib Trangkil anembah matur/  
lengser saking ngarsa sultan//

---

<sup>93</sup> Silap tulis dari *dunyanira*.

17. //Raden Mukmin lan Tib Trangkil/ abidhal lajeng lumampah/ embanira  
ngetutake/ sekawan ing kathahira/ pan datan kenging pisah/ duk alit sanget  
wongipun/ ingga yuswa wolung warsa//
18. //Emban sekawan pawestri/ sarupane pan binekta/ Raden Mukmin titihane/  
kuda jragen wulunira/ larabipun sangkelat/ telisire sutra biru/ respati  
lampahnya kuda//
19. //Kangjeng sultan ambektani/ mantri sekawan punika/ ngaturaken ing wayahe/  
tiyang kuwu kalih dasa/ wonten ingkang bekta tumbak<sup>(+1)</sup>/ tameng lawan  
pedhang sunduk/ gumruduk ing lampahira//
20. //Kang den iring taksih alit/ nembe yuswa wolung warsa/ katingal amung  
cahyane/ amindhaknya<sup>94</sup> sasongka<sup>(-1)</sup>/ abagus lurus utama<sup>(+1)</sup>/ kathah samar  
kang andulu/ ing marga dadya tingalan//
21. //Datan kawarna ing margi/ Raden Mukmin sampun prapta/ dhateng Landhoh  
ing desane/ kang rama sampun miyarsa/ sedhatenge kang putra/ sawek dugi  
saler dhusun/ kang ibu aken methuka// //o//

### **Pupuh XV (Kinanthi)**

- //o// 1. //Raden Mukmin sampun medhun/ Tib Trangkil kang mondhong nenggih/ pan  
saking inggil turangga/ ibu kalih melajengi/ cinandhak ing astanira/ kinanthi  
ing kering<sup>(-2)</sup>//
2. //Raden Mukmin nulya agung/ dhatengi ingkang rama nenggih<sup>(+1)</sup>/ ibu kalih  
ingujungan/ anulya atata linggih/ mantri kang ngiring sakawan/ kuda sampun  
den othaki//

---

<sup>94</sup> Silap tulis dari *amindhanya*.

3. //Panembahan ngandika wus/ anenggih dhateng kang siwi/ kulup sira apa krasan/ aja mulih ta sireki/ sire bacute wala<sup>(-1)</sup>/ karsane ibumu iki/
4. Kang putra alon umatur/ sumangga sakarsaneki/ lamun embena kangena<sup>(-1)</sup>/ kawula ingkang nuweni/ tan dangu dhaharan medal/ rerampatan warni-warni//
5. //Wus sru ta sedayanipun/ mantri kelawan kang ngiring/ sarta ing sakancanira/ sampun pinaringan bukti/ sampun bakda gening dhahar/ linoroten rencangneki//
6. //Warnanen ing dalunipun/ Raden Mukmin yen aguling/ tunggil lawan ibunira/ den keloni ibu kalih/ saben dalu tan pisah<sup>(-1)</sup>/ ibu kalih langkung asih//
7. //Kadi yoganya satuhu/ putri Mataram lan Tubin/ dhasar datan mutra samya/ Raden Mukmin kang den ambil/ kinarya ing pangauban/ supados darbeya siwi//
8. //Anulya ingkang winuwus/ mantri Cerbon wau nenggih/ sekawan ing kathahira/ ingkang ngiring Raden Mukmin/ dene lereh wus sawulan/ pamit mantuk lan marengi//
9. //Warnanen ing enjangipun/ mantri Cerbon nuwun pamit/ dhumateng ing panembahan/ wus lengser saking ing arsi/ panembahan kintun kacang/ dhateng sultan Cerbon nenggih//
10. //Gangsal rembat kathahipun/ wus kabekta sikepneki/ anulya samya budhalan/ tan kocap aneng ing margi/ wus prapta Cerbon nagara/ mantri munjuk aneng ngarsi//

11. //Mantri sakawan umatur/ tinutur sapolah neki/ jeng sultan sampun atampa/  
sakehe ature mantri/ dadya sultan lon ngandika/ wus mantri sira amulih//
12. //Sedaya pan sampun mantuk/ alengser saking ing ngarsi/ aneng marga  
sowang-sowang/ wus prpta ing wisma mami/ nengena ingkang kocapa/  
panembahan kang winarni//
13. //Sampun yasa masjid wau/ pan namung kajeng satunggil/ kinarya masjid  
punika/ sarta lumbung kang satunggil/ pucuke kajeng winarna/ kadamel  
lesung wus dadi//
14. //Lumbung wau naminipun/ lengkara sinaren idi/ lesungipun nami banyak/  
warnanen wayah enjing<sup>(-1)</sup>/ garwanira panembahan/ saking Gebanganom  
singgih//
15. //Ambabar wawratipun/ miyos jalu langkung pekik/ panembahan angandika/  
padha kulup ana iki/ mila kulup naminira/ panembahan kang dhawuhi//
16. //Dyan ganti kang winuwus<sup>(-1)</sup>/ anenggih rahaden Mukmin/ putranipun  
ingkang tuwa/ pan yuswa limalas warsi/ panggalihnya panembahan/ apan  
karsanipun supit// //o//

### **Pupuh XVI (dhandhanggula)**

- //o// 1. //Yata wau panembahan anenggih<sup>(+1)</sup>/ pun rahaden si Mukmin punika/ pan  
sampun sinupitake/ dhikir Nabi sadalu/ raringgitan ingkang sahari/ bakdanya  
sinupitan/ antawis nem taun/ Rahaden Mukmin punika/ imah-imah pan angsal  
Carbon nagari/ pikantuk sanaking sanak<sup>(+1)</sup>//
2. //Datan kocap pirengganing panggih/ dyan kang garwa pan sampun binekta/  
dhateng ing Landhoh desane/ Rahaden Mukmin winuwus<sup>(+1)</sup>/ ingkang rama

dadya paring nami<sup>(+1)</sup>/ Raden Tirtakusuma/ inggih sampun kabul/ Pangeran Tirtakusuma/ sampun atut genira palakrami<sup>(-1)</sup>/ tan wonten sulayeng karsa<sup>(+1)</sup>//

3. //Datan winarna ing nguni<sup>(-2)</sup>/ panembahan pan tungkula denira<sup>(+1)</sup>/ pan nenggih saben warsane/ mengsa<sup>95</sup> rendheng macul<sup>(-1)</sup>/ sabin Guder punika nenggih/ kathahnya nem bahu ika<sup>(+1)</sup>/ ingkang kangge garap wau<sup>(+2)</sup>/ mahesa totor kalihnya/ mung punika ingkang damel garap sabin/ saking sultan ing Mantaram<sup>(+1)</sup>//
4. //Sampun tanem kados adat lami/ inggih ugi amragat mahesa/ kadamel ingon tiyange/ tiyang kang samya dhaut/ abanjur rinempahi sabin/ sampun adat ing kuna/ sabin guder wau/ yen tanem Guder kemplang/ yen atanem nora nganggo den ingoni/ panen suda long-longanya<sup>(+1)</sup>//
5. //Duk semana galeng Guderneki/ katanemi anenggih kacang<sup>(-1)</sup>/ lanjaran rangkep tiga pananeme<sup>(+3)</sup>/ anenggih lanjaranipun<sup>(+1)</sup>/ kajeng talok patuwin deling/ geng-geng lamun sanawang/ saking liya dhusun/ kadya ngadegaken rames rumbat/ memper baris wernanen pangeran singgih/ nagari pasiraman//
6. //Lamun Landhoh pacak baris iki/ pan katingal anenggih kang Kudus ika<sup>(+2)</sup>/ pan katingal jejer-jejer/ kalayan malihipun/ panembahan yasa manjat nora permisi<sup>(+4)</sup>/ ika jeng pangeran<sup>(-1)</sup>/ Kudus<sup>(-4)</sup>/ nulya utusan<sup>(-3)</sup>/ animbali dhateng panembahan singgih/ tan kocap aneng marga//
7. //Gandhek kalih sampun matur aris/ inggih dhateng ngarsa panembahan/ kula ingutus wiyoze/ dhateng pangeran Kudus/ yen sampeyan dipuntimbali/ sareng salampah kula/ panembahan muwus/ gih gandhek kula atanya/ wonten napa kula ngangge den timbali/ pangeran pasiraman//

---

<sup>95</sup> Silap tulis dari *mangsa*.

8. //Gandhek matur kula mireng warti/ yen sampeyan amacak baris<sup>(-1)</sup>/ pan katingal saking Kudus waos ngadeg<sup>(+4)</sup>/ supenuh dhawuhipun/ pangeran nenggih<sup>(-4)</sup>/ sareng kula sampun prapta<sup>(+1)</sup>/ tan wonten puniku/ punika kang katingalan/ saking Kudus kados tiyang macak baris/ panembahan ngandika//
  
9. //Kanca gandhek inggih bokmanawi/ kula nandur ing kacang punika/ anggeng-geng pan lanjarane/ katingal saking Kudus/ kados tiyang amacak baris/ gandhek bok dipriksaa/ neng sabin puniku/ sarta ngundhuh kacangira/ gandhek kalih anulya lumampah gipih<sup>96</sup>/ prapta sabin kacangnya//
  
10. //Gandhek kalih eram ningali<sup>(-1)</sup>/ samya ngundhuh woh kacang punika/ satunggil wit amendhet/ satunggil kacangipun/ kempali radi pupa pranteni<sup>(+1)</sup>/ pikantuk kalih kendhang/ gandhek kalih wau/ prapta ngarsa panembahan/ sami matur kasinggihan gih puniku/ sayektos lanjaran kacang<sup>(+1)</sup>//
  
11. //Panembahan kairit lampahnya iki<sup>(+2)</sup>/ dhateng Kudus pan sarwi bekta sakabat<sup>(+2)</sup>/ Ketib Trangkil wau namane<sup>(+1)</sup>/ anenggih kalihipun/ sakarana ingkang tut wingking/ tan kocap aneng marga/ sampun prapta ing Kudus<sup>(+1)</sup>/ pangeran nuju pinarak/ panembahan ingacaran sampun linggih/ saha atur pranata//
  
12. //Dipunadhep pra santana neng ngarsi<sup>(+1)</sup>/ saha mantri sapunggawanira/ supenuh jejel ngarsane/ pangeran ngandikarum/ jebeng Landhoh kula timbali/ kula sampun wuninga/ kala wingenipun/ macak baris katingalan/ saking ngriki waos geng-geng anglangkungi/ napa nedya angraman//
  
13. //Panembahan nulya matur aris/ inggih kula tan nedya punapa/ eca-eca atetanem/ yen mangsa rendheng macul/ wedalipun kang kula bukti/

<sup>96</sup> Variasi lain dari kata tersebut adalah *gupuh*.

amulanjuran<sup>97</sup> kacang /menawi puniku /kados waos katingalan/ saking ngriki pangeran pamriksaneki/ kula datan rumangsa//

14. //Jeng pangeran wuwus saha manis/ jebeng Landhoh inggih jeng ngandika/ punapa inggih sababe/ ayasa masjit iku/ jengandika datan permisi/ napa tan mireng warta/ pasisir sedarum/ kang nyepeng adil kula<sup>(-1)</sup>/ inggih kula jengandika agegampil/ datan lapur manira//
15. //Jengandika kula ukum pati/ sabab sira atingkah belasar/ tinggal udanegarane/ panembahan umatur/ pan sumangga sakarsaneki/ sisipe jasat kula/ sumangga ingukum/ panembahan sinuguhan/ jenang blowok sapengaron kathahneki/ kinen wau nedhaa//
16. //Sanes jenang sajatine gamping/ panembahan lajeng aparentah/ Tib Trangkil kinen madhange/ Tib Trangkil nyandhak gupuh/ jenang blowok sigra binukti/ pangaron dinilatan/ saking gurehipun/ priyayi ingkang tumingal/ samya ngungun dhateng sabat Ketib Trangkil/ kirang panedhahanira<sup>(+1)</sup>//
17. //Datan dangu wonten rawuh nenggih/ panembahan ing Kadilangu ika<sup>(+1)</sup>/ putra jeng sultan kalane/ rawuh aneng Kudus<sup>(-1)</sup>/ jeng pangeran Kudus tumuli/ anembah ngaras pada/ kedhatengan guru/ anulya sami pinarak/ panembahan Kadilangu ngandikaris/ jebeng Kudus ta sira//
18. //Arep apa kersanira iki/ Pangran Kudus alon aturira/ jebeng Landhoh ing wiyose/ badhe kawula ukum/ ukum pati sabab asisip/ piyambak nglenggana<sup>(1)</sup>/ tan sumingga ngayun/ lepate sampun kadhadha/ damel masjid pan datan permisi<sup>(-2)</sup>/ punika sababira//

---

<sup>97</sup> Silap tulis dari *amalanjaran*.

19. //Panembahan angandika aris/ ja mangkono kersa pekenira/ ora sapira salahe/ kang sarta maning puniku<sup>(+1)</sup>/ jebeng Landhoh kapernahi<sup>(-1)</sup>/ Sultan Agung Mentaram/ Landhoh pernah sepuh/ yen ing buri krungu/ sultan nora wurung bakal/ ambudakalani<sup>98(-6)</sup>/ sira kang ingsun emban//
20. //Ing becike uga olah wakes/ baturira jebeng Landhoh ika/ iya salah sawijine/ nulya pangeran Kudus/ ngatag dhatengi Ki Landhoh nenggih<sup>(+1)</sup>/ inggih kenging wakila/ Ki Landhoh sabdanya rum<sup>(+1)</sup>/ pan wakilipun punika/ Ketib Trangkil kinejepan sampun uning/ umareg ing sultannya//
21. //Panembahan sigra ngatag nuli/ Ketib Trangkil cumaos ing ngarsa/ apasrah pati uripe/ gya likasan<sup>99</sup> sampun<sup>(-1)</sup>/ tukang tuwek sampun ngawiti/ kang erah nyamburat<sup>(-1)</sup>/ gandanira arum/ nanging taksih erah abang/ panembahan ing Landhoh wuwusnya aris/ jamak putih rahira//
22. //Datan dangu rah pethak kang mijil/ gandanira amrik angambar<sup>(-1)</sup>/ sedaya eram tingale/ wonten rarasan gumun/ iku sabat ran Ketib Trangkil/ bisa mati sampurna/ sampurnane kewuh/ pakewuhe dhateng paran/ uwis awas marang panggonaning ati/ patitising ulihira<sup>(+1)</sup>//
23. //Sampun pejah Ketip Trangkil puniki<sup>(+1)</sup>/ layonira inggih gilang-gilang/ panembahan lon wuwuse/ Ketib Trangkil sireku/ kebat sira mulih dhingin<sup>(-1)</sup>/ den cuthik ing ecisira<sup>(+1)</sup>/ Tib Trangkil sumeprung/ layone datan katingal/ sampun musna dhawah Pasuruan nenggih/ ler kilen Landhoh ika//
24. //Aran kubur makam dawa semangkin gih<sup>(+2)</sup>/ punika gancange carita<sup>(+1)</sup>/ Tib Trangkil iku kubure/ sedaya kang andalu/ sami eram dhateng Tib Trangkil/

---

<sup>98</sup> Silap tulis dari *ambadakalani*.

<sup>99</sup> Silap tulis dari *linekasan*.

inggih dados penginan/ musna layonipun/ erahipun saget pethak/ sarta ngambar arum wangi amrik wangi/ tandha minggah suwarga//

25. //Inggih sampun bibaran mulih<sup>(-1)</sup>/ Pangeran Kudus malebeng pura/ panembahan ngandikane/ kundur ing Kadilangu/ panembahan Landhoh winarni/ mantuk ing dalemira<sup>(-1)</sup>/ parapteng dalemipun/ panembahan amersapa/ besuk bae iya anak putu mami/ aja ana babesanan//

26. //Kangro<sup>100</sup> turun Kudus dina buri/ luhung ngalap ja kongsi dialap/ puniku wau purwane/ kantos punika wektu/ lamun nrajang pesthi bilahi/ tan wonten kuwarasan/ kang nrajang waler iku<sup>(+1)</sup>/ nembah<sup>101</sup> salah satunggal/ yen terkadhang kalih pisan angemasi/ iku duk purwanira//

27. //Milanipun kang sami miyarsi/ sanak-sanak ingkang amirengna/ punika ing sedalane/ dipunsami mituhu/ mituhoni wawaler dhimin/ aja ana sembrana/ tan wande tinemu/ aluhung den singkirana/ ing wewalar amesthi manggih basuki/ selamet selaminira<sup>(+1)</sup>// //o//

### **Pupuh XVII (Gambuh)**

//o// 1. //Nengena ingkang winuwus<sup>(+1)</sup>/ amangsuli carita rumuhun/ nalikane panembahan duk rumiyin/ dereng lelana anglangut/ taksih ing Miyana katon//

2. //Sampun gadhah garwa wau<sup>(+1)</sup>/ tiyang saking Kering dhusun<sup>(-2)</sup>/ inggih sampun gadhahi putra satunggil/ amiyoj jaler abagus/ ngestanira rahaden Momok<sup>(+1)</sup>//

---

<sup>100</sup> Silap tulis dari *karo*.

<sup>101</sup> Silap tulis dari *nemahi*.

3. //Raden Momok inggih sampun<sup>(+1)</sup>/ imah-imah tiyang saking dhusun/ Pakeringan panggih nak sanak pribadi/ garwane kabekta sampun/ dhateng Miyana kang enggon//
  
4. //Raden Momok winuwus/ tinimbalan dhateng ramanipun/ panembahan utusan nimbali siwi/ Raden Momok sampun tumut/ garwanya dherek binoyong //
  
5. //Raden Momok praptanipun<sup>(+1)</sup>/ nenggih dhateng dhusun Landhoh kidul/ ingkang rama inggih sampun angiringi/ griya kalih bagus-bagus/ Raden Momok sampun enggon//
  
6. //Rahaden Momok puniku<sup>(+1)</sup>/ namining garwa sing andhusun<sup>(-1)</sup>/ lajeng nami panenggak peparabneki/ Tirtakusuma puniku/ inggih ibu putri Cerbon//
  
7. //Putri saka Mentarum/ Raden Ayu Retnajinoliningrum<sup>(+1)</sup>/ apan nenggih datan darbeni sasiwi/ pinasthi tan gadhah turun/ sampun takdire Hyang Manon//
  
8. //Garwa saking Tuban wau<sup>(+1)</sup>/ nami Raden Ayu Pandhan Arum/ sami ugi inggih datan darbe siwi/ sampun takdire Hyang Agung/ garwa Tubin<sup>102</sup> lan Mentaos<sup>103</sup>//
  
9. //Garwa ing Palembang wau<sup>(+1)</sup>/ putranipun estri langkung ayu/ nanging boten kabekta ing Landhoh singgih/ panembahan yen kangen sunu<sup>(+1)</sup>/ tinjo mring Plembang mawon<sup>(-1)</sup>//

<sup>102</sup> Bentuk baku dari kata ini adalah ‘Tuban’ nama sebuah daerah di Jawa.

<sup>103</sup> Selain *Mataram*, *Mentawis*, *Metarum*, *Mentaram*, dan *Mantaram* dalam teks juga ditulis ‘Mentaos’. Kata-kata tersebut digunakan sesuai kebutuhannya untuk memenuhi *guru lagu* dan *guru wilangan*.

10. //Putranya wuragilipun<sup>(+1)</sup>/ ingkang nama nenggih Raden Kulup/ ibu saking Gebanganom ing Semawis/ sampun imah-imah wau/ garwanipun ayu anom//
11. //Cinekak cariyosipun<sup>(+1)</sup>/ panembahan inggih sampun sepuh/ sampun kraos badhe wapat roh lan jisim/ sampun pinaringan tuduh/ yen badhe kondur amanggon//
12. //Warnanen satunggal wektu<sup>(+1)</sup>/ panembahan pinarak ing bangsul<sup>104</sup>/ putra tiga ngadhep aneng ing ngarsi<sup>(-1)</sup>/ garwanipun Raden Ayu/ Retnajinoli tan adoh//
13. //Raden Ayu Pandhan Arum<sup>(+1)</sup>/ inggih ngadeg aneng wingkingipun/ Gebanganom angadeneng<sup>105</sup> ing kori<sup>(-1)</sup>/ sabet pra samya ing ngayun/ sentana pepak dhumaos //
14. //Panembahan alon muwus<sup>(+1)</sup>/ sakabehe iya putraningsun/ iya lamun besuk sapungkur mami<sup>(-1)</sup>/ yen ingsun<sup>(-5)</sup>/ uwis asurut aja na tukar werdon<sup>(+4)</sup>//
15. //Karo dulur ingkang rukun<sup>(+1)</sup>/ poma-poma aja na tukar padu<sup>(+1)</sup>/ lan maninge iya desa Landhoh iki/ bakal ingsun dum per telu/ kakangmu iya si Momok//
16. //Iya saksanduman iku<sup>(+1)</sup>/ kang saduman Tirta Kusumeku/ kang saduman iya Kulup kang nampani/ Raden Momok alon matur/ asanget panuwuningngong//
17. //Rama kawula tan ayun<sup>(+1)</sup>/ boten remen kula printah dhusun/ tampekaken gih adhiku kalih<sup>(-2)</sup>/ Raden Tirta Kusumeku/ saha Raden Kulup mawon//

<sup>104</sup> Varian lain dari kata ini adalah *bangsal*.

<sup>105</sup> Silap tulis dari *angadeg aneng*.

18. //Rama kula namung nuwun<sup>(+1)</sup>/ paring idi inggih dhateng ngayun/ bang supados kaliyan dunya ing ngriki/ ngungkuli sapadha ulun/ kang rama ngandika alon//
19. Sun ingdini sira iku<sup>(+1)</sup>/ iya Momok sugiha nunjul<sup>106(-1)</sup>/ angungkuli marang samaning janmi<sup>(-1)</sup>/ katekana panuwunmu/ langkung bingah Raden Momok//
20. //Panembahan ngandika rum<sup>(+1)</sup>/ mring kang putra Tirta Kusumeku/ yen mangkono desa Landhoh ingsun palih/ sira ingkang wetan iku/ adhimu si Kulup kulon//
21. //Desa kang selawe iku<sup>(+1)</sup>/ kang telulas sira kang gadhuh<sup>(-1)</sup>/ ingkang rolas adhimu Kulup kang darbeni<sup>(+1)</sup>/ amung kacek siji dhusun/ sebab kula paring kang anom<sup>(+1)</sup>//
22. //Lan malihe wekasingsun<sup>(+1)</sup>/ kelangenaningsun kebo dhungkul/ jeng gonmu ngurmati ya ingkang<sup>(-1)</sup>/ yen ingsun apan wis surut/ gawenen sidhekahe wong//
23. //Yen ingsun<sup>(-4)</sup>/ uwis asurut sira kubur kidul<sup>(+1)</sup>/ masjit ingsun singget gedhong gonmu gawe ingkang becik<sup>(+4)</sup>/ kabeh ing wasiyatingsun/ kumpulna sajrone gedhong//
24. //Kiyai Penamar ngedug<sup>(+1)</sup>/ Kyai Panji iya kudhi sangu/ sekar mulihe wis bathokku ra isin/ dhesthar wulung payung agung/ simpenen sajrone gedhong//
25. //Aja na wani sireku<sup>(+1)</sup>/ anyimpeni utawa ing anggaduhu/ nora nana manira sira idini/ yen ana gawe kang perlu/ kena kasilih dianggo//

---

<sup>106</sup> Silap tulis dari *punjul*.

26. //Poma-poma wekasingsun<sup>(-1)</sup>/ aja na kang wani mrajang iku/ lamun wania  
apes ing dina buri/ abot sanggane tinemu/ mung iku pitutur ingong//
27. //Kang putra tiga umatur<sup>(+1)</sup>/ gih sandika rama dhawuhipun/ sekathahing jeng  
rama dhawuhneki<sup>(-1)</sup>/ kawula inggih mituhu/ enget-enget jroning batos//
28. //Anulya bibaran sampun<sup>(+1)</sup>/ panembahan lumebet ing dalemipun<sup>(+2)</sup>/ ingkang  
putra bubaran pra sami amulih/ wus prapta ing dalemipun/ garwa methuk ayu  
anom// //o//

### **Pupuh XVIII (Sinom)**

- //o// 1. //Panembahan enjangira/ pamit dhateng garwaneki/ tindak dhateng ing  
Mentaram/ sabat kalih atut wingking/ tan kocap aneng margi/ sakedhap  
Mentaram rawuh/ Sultan Agung pinarak/ panembahan cundhuk ngarsi/  
nulya lenggah ajajar lawan jeng sultan//
2. //Sultan Agung angandika/ kiraka wonten punapi/ dene teka siyang-siyang/  
punapa wonten kang ati/ inggih anyalawadi/ panembahan alon matur/ milanya  
kula sowan/ pinanggih sultan mariki/ caos atur kawula nedya pamitan//
3. //Ing tembe mangsa panggihya/ temtu sapisan puniki/ kula nuwun idi sultan/  
mantuk ing rahmatolahi/ jeng sultan slameta ugi<sup>(+1)</sup>/ kula manggiha rahayu/  
ing ngalam kalanggengan/ ingkang boten owah gingsir/ mung punika jeng  
sultan atur kawula//
4. //Saha kaping kalihira/ kawula inggih atitip/ amung raka jeng paduka/ den ayu  
Retnajinoli/ yen kirang tedhaneki/ Sultan Agung ingkang kintun/ kalih anak  
kawula/ Tirta Kusuma kang nami/ mangsaborong jeng sultan sakarsanira//

5. //Sultan Agung angandika/ Ingsak Allah robil ngalamin<sup>(+1)</sup>/ anulya dhaharan medal/ lampat tan awarni-warni/ sinuba-suba ngenting/ sultan dhateng rakanipun/ bakdanipun dhaharan/ kang raka nulya kinanthi/ dipunajak malebeng ing dalem pura//
6. //Saratri sami raosan/ gunem raos ngelmi gaib/ wernanen ing ejangira/ panembahan sampun pamit/ jeng sultan angamini/ panembahan tingal sampun/ terus dhateng Palembang/ panggih putranipun estri/ tan antara lami sakedhap prapta Plembang<sup>(+1)</sup>//
7. //Wus panggih sultan Palembang/ jeng sultan nuju siniwi/ ingacaran sampun lenggah/ jeng sultan arum ngandikaris<sup>(+1)</sup>/ wonten punapa adhi/ napa wonten karyanipun/ panembahan aturira<sup>(+1)</sup>/ mila kula sowan ngriki/ badhe pamit mantuk dhateng Rahmatullah//
8. //Jeng sultan lon muwusira/ kula inggih angamini/ panembahan aturira/ kawula amung atitip/ putra sampeyan estri/ wayah sampeyan puniku/ yen kirang tedhanira/ mangsaborongga sang aji/ mung punika prelunya gen kula sowan//
9. //Sultan Palembang ngandika/ adhi sampun walangalih/ putrane estri punika/ sampun kula kramakak<sup>(i)</sup>/ pikantuk samya ngriki/ apanggih sanak-sadulur/ putra ing kepatihan/ panembahan matur aris/ sakelangkung kabeh panuwun kawula//
10. //Panembahan apamitan/ pinanggih lan garwaneki/ kelayan panggih kang putra/ pan sampun pinarak kalih/ kang putra angujungi/ kang rama nyebul kang embun/ pan sarwi angandika/ lah nini sapungkur mami/ ingkang atut genira apalakrama//

11. //Paitane wong akrama/ amung eling iku nini/ idhep mantep marang priya/  
bekti setiti ing laki/ gemi angati-ati/ iku nini wekasingsun/ tegese eling ika/ ja  
belasar tingkah juti/ ingkang eling yen sira winengku priya//
12. //Tegese idhep ta nyawa/ idhep yen darbe laki/ nyaosi sakarsanira/ nadyan  
kakung remen mring<sup>(-1)</sup>/ lakinira sira saosing<sup>(+1)</sup>/ nini ngupaya wanudya  
ayu<sup>(+2)</sup>/ saos derapon bingah/ kang ati<sup>(-5)</sup>/ iya iku gonira loba mring priya//
13. //Yen akeh rarobanira/ mesthi sira den asihi/ sira kang kinarya garwa/ tinuwa  
wawrat ing galih/ galih trisnaning laki/ kadya sinungging ing embun/ asih  
welas marang sira<sup>(+1)</sup>/ sabab sira anglegani/ sekabehe wong wadon belasar  
tindak//
14. //Batoso mring lakinira/ boten suka kesah tebih/ sandhang pangan sampun  
kirang/ besele dipuntuwuki/ iku lega tyasneki/ abingah mesem gumuyu/ iku  
wadon keparat/ pan dudu trahing wong becik/ saben dina lakine tan kenging  
lunga//
15. //Iku sira aja nelat/ wong wadon kang kaya iki/ nora wurung nemu sasar/ yen  
sira besuk ngemasi/ pan ora den aku yekti<sup>(+1)</sup>/ marang umat Kangjeng Rasul/  
umate Dewi Patimah<sup>(+1)</sup>/ dinokok neraka benjing/ kalajengking kelabang  
ngantup sedaya//
16. //Yen wadon madhep mring priya/ madhep temen maring laki/ tan meper  
karsaning priya/ sembarang printahing laki/ siyang dalu tan gingsir/ anurut  
printahing kakung<sup>(-1)</sup>/ nora suwaleng teng karsa<sup>(+1)</sup>/ bingah terus lair batin/ yen  
wong lanang den anggep pangeranira//

17. //Bekti iku tegesira/ awedi marang ing laki/ yen den kengken lakinira/ ingkang bingar ulatneki/ kang kebat semu ririh/ aja tumindak sugrusu/ ana gawe sapira/ yen den panggil ingkang laki/ nuli enggal tinilar maju ing priya//
18. //Setiti ing tegesira/ sebarang darbekting laki/ ingon-ingon myang pekakas/ saben dina angraweruhi<sup>107(+1)</sup>/ pitik iwen lawan peksi<sup>(+1)</sup>/ kebo jaran bebek wedhus/ sapi utawa banyak/ aja kurang gone bukti/ saben dina gonira atiti priksa//
19. //Tegese gemi punika/ gemeni kayaning laki/ tegese setiti ika/ niteni dhaharing laki/ apa sakarsaneki/ mubarang klangenanipun/ sambele trasi abang/ lombok trutul jangan menir/ ebi urang petis gerih lalap kacang//
20. //Lan maninge wekas manira<sup>(+1)</sup>/ aja clula-clulu nini/ welathu<sup>108</sup> marang lakinira<sup>(+1)</sup>/ aja grunek jroning ati/ aja ngaban-abani/ ing sakduwur tenggak iku/ pan gedhe durakanira<sup>(+1)</sup>/ sasat mungsuh mring Hyang Widi/ lamun mati besuke ora nemu imam<sup>(+1)</sup>//
21. //Yen nini angesthokena/ goning sun mulang puniki/ aslamet donya ngakerat/ samangsa benjang ngemasi/ ngungkuli widadari/ pun bapa wani ananggung/ mesthi cinadhing-cadhang/ marang Hyang Maha Suci<sup>(-1)</sup>/ sinung cahya angungkuli widadari//
22. //Agedhe ganjaranira/ ana maning iku nini/ wong wadon wayuh maring priya<sup>(+1)</sup>/ nora esuk nora serik/ arukun becik kapti/ saben dina runtung-runtung/ kang tuwa wruh tuwanya/ kang nom weruh nomneki<sup>(-1)</sup>/ wus pinasthi cinadhing munggah suwarga//

<sup>107</sup> Silap tulis dari *angaweruhi*.

<sup>108</sup> Silap tulis dari *celathu*.

23. //Panembahan gening mulang/ dhateng putranipun estri/ wus telas pamulangira/ kang putra matur ngabekti/ jeng rama kula amundhi<sup>(+1)</sup>/ gih dhawuh sampeyan kaembun<sup>(+1)</sup>/ inggih rama idinya/ kula pundi rama inggih/ kacancang apuking kawula<sup>(-2)</sup>//
24. Mugi saget nglampahana/ kados dhawuh rama nenggih/ kang rama alon ngandika/ iya nini sun ideni/ muga pinaringa eling<sup>(+1)</sup>/ jinurunga sakarepmu/ kang putra matur manembah<sup>(+1)</sup>/ asanget pamundhi mami/ panembahan karsa sare lan kang garwa//
25. //Enjangira panembahan/ pamit garwa lan kang siwi/ kundur sampun abidhalan/ sakedhap netra wus prapti/ dhateng Cerbon nagari/ sowan dhateng para sepuh/ sultan Cerbon pinarak/ panembahan prapta ngarsi/ sultan Cerbon alon denira ngandika//
26. //Napa sami kaslametan anak/ lami boten ngriki/ si thole Tirta Kusuma/ punapa sami basuki/ boten diajak mriki/ panembahan alon matur/ inggih pangestu sampeyan<sup>(+1)</sup>/ sadaya sami basuki/ mila kula sowan ing ngarsa sampeyan//
27. //Kawula badhe pamitan/ mangsa panggih-panggih malih/ kula nuwun badhe wapat/ mantuk ing Rohmatullahi/ sultan alon nauri/ inggih sakethi jumurung/ angamini manira/ selametan ing alam gaib<sup>(+1)</sup>/ sampun samer<sup>109</sup> kang sinedya ciptanira//
28. //Panembahan apamitan/ abudhal lampah lestari/ lajeng terus dhateng Mekah/ pinanggih Imam Sapingi/ Kanapi lan Kambali/ Maliki sekawanipun/ nulya sami sasalaman<sup>(+1)</sup>/ panembahan matur aris/ mila kula sowan ing ngarsa sampeyan//

---

<sup>109</sup> Silap tulis dari *samar*.

29. //Mangsa saget apanggiha/ sowan mriki malih<sup>(-2)</sup>/ kantun sapisan punika/ kula badhe nuwun pamit/ mantuk ajal ngibandi/ Imam Sapingi amuwus/ Insak Allahutongala<sup>(+1)</sup>/ manira inggih ngamini/ inggih suka ring Robilngalamin<sup>(-2)</sup>//
30. //Anenggih nulya salaman/ panembahan sampun pamit/ budhal lampahe wus prapta/ Miyana dhukuhe lami/ Nyai Banjur winarni/ kang rayi sigra rinangkul/ sarwi alon atanya/ neng ngarep adhiku iki/ siyang-siyang apa ana karyanira//
31. //Panembahan muwusira/ bok ayu kula apamit/ mantuk dhateng ing kamuksan/ Nyi Banjur alon nauri/ iya Alkamdulillahi<sup>(+1)</sup>/ ya dhi apura dosamu/ pinaringan iman<sup>(-1)</sup>/ iya maring Maha Suci/ gonmu mulih marang alam kelanggengan//
32. //Anulya sami dhaharan/ bakda dhahar goning pamit/ sakedhap netra wus prapta/ dhateng Landhoh kidul nenggih/ kang garwa methuk sami/ aneng pelataranipun/ panembahan pinarak/ kang putra tiga wus prapti/ sami seba dhateng ngarsane kang rama/
33. //Sakabat sekawan ing ngarsa<sup>(+1)</sup>/ Kertasana kang satunggil/ abdi Praya kalihira/ Wonarinda tiganeki/ sekawan Praya abdi/ sentana aglar supenuh/ panembahan ngandika/ priyayi printah sujanma dadi<sup>(+2)</sup>/ dhuwur ngungkuli sapadha-padha<sup>(-2)</sup>//
34. //Gawa makna loro ika/ kang siji makna nagari/ lorone ing tegesira/ sabara alaku tani/ macul sira temeni/ aja maro tingalipun/ wareg sandhang lan pangan/ wong tani iku bekti<sup>(-1)</sup>/ amratani iya marang sama-sama//
35. //Nanging yen tani ta sira/ aja sira cukeng bengis/ jakat pitrah aja ora/ yen sira arep abecik/ kisase jakat iki/ samet sade papan iku/ aja ta ngganggo eman kalonge wau kang pari ing/ tegese wong eman nora kaduman//

36. //Ginarap apan tan berkat/ pari beras nuli enting/ mega nora gelem jakat/ isih reget durung bersih/ dadi akeh kang wani/ seluman padha angerbut/ tikuse melu mangsa/ bubuk bang melu tut wuri/ ander munoh melu mangan parenira//
37. //Yen sira anyambut karya<sup>(+1)</sup>/ pan namung tigang prakawis/ iku sira adhepna<sup>(-1)</sup>/ maca macul lawan ngaji/ netepi salah siji/ nora kurang panganipun/ tegese wong amaca/ suwi<sup>110</sup> ta sira temeni/ bokmanawa dadi ta sira<sup>(-3)</sup>//
38. //Senadyan nora dadiya/ asal ugi wus nglakoni/ dadiya carik desa<sup>(-1)</sup>/ bisa alus pundhakneki/ macul sira temeni/ sawah akang amba iku/ ta iku ratuning dunya<sup>(+1)</sup>/ yen akeh ulihe pari/ amalira saben dina aja pegat//
39. //Ngaji sira temenana/ supaya dadiya santri/ menawa ginanjar bekja/ yen mangerti dadi naib/ sukur bisa adadi/ guru santri wisma dhusun/ yen wisma aneng desa/ bisa dunga dadi modin/ pundhak alus anampani jakat pitrah//
40. //Dadi olih pangasilan/ kinarya nikahing rabi/ esuk-esuk pinaringan/ kaundang tangga ngendhuri<sup>111</sup>/ ana kang bacut tahlil/ olih berkat lawan bandhul/ wong siji patang uwang/ tansah sira angingoni/ dhateng rabi tuwin anak rayatira//
41. //Lan malih wekas manira/ padha gagulanga benjing/ pra tingkahe wong agesang/ padha alurua ngelmi/ ngelmi rasa sejati/ wekasan ing pati iku/ perlune wong agesang/ weruha enggone pati/ basa pati petitising<sup>112</sup> pernahira//
42. //Yen ora weruh asira/ temah sasar gonmu mati/ mulih nora weruh wisma/ dadi semut werjit cacing/ sira kang ngati-ati/ wong urip iku aperlu/ aja

<sup>110</sup> Silap tulis dari *kuwi*.

<sup>111</sup> Silap tulis dari *kendhuri*.

<sup>112</sup> Silap tulis dari *patitising*.

angeman dunya/ dunya nora karo mati/ amung ngelmu rasa kang kena ginawa//

43. //Oli<sup>113</sup> wanudya sapira/ yen ora weruh ing elmi/ sarta nora gawe amal/ iku tambah ngrubedi<sup>(-1)</sup>/ tan durung bingena<sup>(i)</sup>/ amurungake ing laku/ dunya ginawe amal/ dadi sarate wong urip/ uripira murakabi sama-sama//

44. //Lanang wadon iya padha/ sira ing luru ngelmi/ sira salat lakonana/ sembahyang wedi Hyang Widi/ iku lakune ngelmi/ aja tinggal salat iku/ salat kajate badan/ lamun nora den jakati/ isih reget durung suci yen lastri<sup>(-1)</sup>//

45. //Upamane yen wus tuwa/ remanipun werni kalih/ nganggoa ambeg utama/ barang polah kudu becik/ beciking sesame<sup>(-1)</sup>/ narima ing batinipun/ sabar tawekal sira/ aja ecak aja serik/ abisaa selamet dunya ngakerat//

46. //Angaku turun manira/ panembahan sira iki/ nora mangerti ing sastra/ Jawa Arab nora sami/ ora gaguru ngelmi<sup>(-1)</sup>/ tandha dudu turuningsun/ yen tandha turuningwang/ mesthi gegulanga ngelmi/ nora arsa gagulang tindak maksiyat//

47. //Kang putra tiga (argunya?)/ asanget panuwun mami/ dhawuhipun kangjeng rama/ sayekta<sup>114</sup> kawula pundhi/ kacancang rema mami/ kangjeng rama dhawuhipun/ jeng rama idenana/ supados saget nglampahi/ ing dhawuh jeng rama sadaya<sup>(-3)</sup>//

48. //Kang rama alon ngandika/ dawanira idini<sup>(-1)</sup>/ panembahan gerahira/ gangsal dinten lamineki/ sarwi mulang kang siwi/ wus telas pamulangingsun/ garwa laman kaputra/ siyang dalu datan tebih/ anjagini kang rama genira gerah//

---

<sup>113</sup> Silap tulis dari *olih*.

<sup>114</sup> Silap tulis dari *sayekti*.

49. //Pituwin para sentana/ pepakan sami ngadhepi/ tan purun sami mantuka/  
nenggih wau jaler estri/ sadaya angladeni/ panembahan gerahipun/ sampun  
dhateng takdirnya/ dinten Ahad age ugi/ sasi Rajab tanggalipun gangsal  
welas//
50. //Taune Alip nika<sup>(-1)</sup>/ sengkalane ingkang warsi/ tri rasa angina narendra<sup>(+1)</sup>/  
panembahan sedaneki/ kang garwa sami nangis/ putra tiga ting sarenggruk/  
layon sampun ingangkat/ siniraman sampun suci/ sinatatan binekta aneng  
kuburan//
51. //Sakidul (gancit?) pernahnya/ panembahan sampun meling/ dhateng ingkang  
putra tiga/ gedhonge sampun adadi/ ngajeng pinasang nuli/ wasiyatnya  
sampun kumpul/ kasimpen gedhong ika/ bakdanya bibaran mulih/ dalunipun  
angaji sami tahlilan//
52. //Dugi kawan dasa dina/ saben dalu sami tahlil/ telas mahesa sedasa/ mahesa  
dhungkul ngesahi/ sentana amadosi/ mrika-mriki tan pinangguh/ lami-lami  
semana/ sewu dina dhungkul prapti/ nedha ruwat wus parak genira kajat//

### **Pupuh XIX (Maskumambang)**

- //o// 1. //Sewu dina den ayu Retna Jinoli/ gerah lajeng seda/ pinetak aneng Jawi<sup>(-1)</sup>/  
boten tunggil ingkang raka//
2. //Kenging ukum margi boten darbe siwi/ garwa saking Tuban/ gerah lajeng  
angemasi/ anenggih lajeng pinetak//
3. //Garwa saking Gebanganom anututi/ gerah lajeng seda/ garwa tiga wus  
ngemasi/ pinetak jawi sedaya//

4. //Putranipun panembahan ingkang kalih/ wus nama Pangeran/ Raden Tirta Kusumeki/ anama Pangeran Tengah//
5. //Raden Kulup Pangeran Dagan kang nami/ Raden Momok ika/ ingkang sepuh datan apti/ jumeneng nama pangeran//
6. //Raden Momok amung dunya den senengi/ langkung sugihira/ kang wau anuwun idi/ dhateng rama panembahan//
7. //Raden Momok pinanggih tan darbe siwi/ tanpa turun ika/ pan wus karsaning Hyang Widi/ datan anggadhahi putra//
8. //Gih Pangeran Tirta Kusuma winarni/ sampun darbe putra/ jaler warnanya apekik/ Raden Amir namanira//
9. //Raden Amir sampun supit nulya krami/ pikantuk Madura/ buyut sultan Madureki/ den ajeng Ayat namanya//
10. //Raden Amir sampun pinaringan nami/ dhateng ingkang rama/ Raden Tirta Menggaleki/ garwanya angetutena//
11. //Dhateng Landhoh atut gening palakrami/ dyan Pangeran Dagan/ sampun anggadhahi siwi/ jaler warnane apeleg//
12. //Ingkang rama inggih sampun paring nami/ Raden Iskak ika/ sampun supit nulya krami/ pikantuk garwa Semarang//
13. //Anak dulur pernah kapanakaneki/ kalyan ibunira/ nanging sugih anglangkungi/ sudagar ageng Semarang//

14. //Raden Iskak garwanya naminireki/ mas ajeng Sulbiyah/ nalikanya den boyongi/ kathah gening bekta dunya//
15. //Sinjang kelng arta perak miwah jeni/ sedasa gotongan/ sekala jeng asugih <sup>(-1)</sup>/ nenggih pangeran punika//
16. //Putra jaler tinumbas dhateng pawestri/ lajeng damel bandha/ Raden Iskak ngalih nami/ Pangeran Natakusma//
17. //Nengena nenggih wau kang winarni<sup>(-1)</sup>/ agenti kocapa/ wonten tiyang dagang sapi/ kang wisma nagari Wangga//
18. //Lereh mondhol lere<sup>115</sup> dhusun Landhoh nenggih/ wonten ara-ara/ tiyang Wangga Sokawati/ ing ngriku lerehanira//
19. //Saking kidul bekta bawang nila werni/ winade Juwana/ mantukipun bekta trasi/ winade dhateng Mataram//
20. //Tiyang Wangga sampun mantuk ping gawani/ lembu tigang dasa/ lereh ngaran ara-ara nguni<sup>(+2)</sup>/ sareng dalu tan wuninga//
21. //Amben cecal cinolang<sup>116</sup> ginigit anjing/ enjang arsa bidhal/ den padosi tan kepanggih/ gandhek lereh datan bidhal//
22. //Kepalanya ingkang minangka nglurahi/ nami Santawignya/ malebet ing Landhoh neggih/ asowan Pangeran Tengah//

---

<sup>115</sup> Silap tulis dari *lereh*.

<sup>116</sup> Silap tulis dari *cinolong*.

23. //Sampun prapta aneng ngarsa atur bekti/ matur melas arsa/ manawi inggih marengi/ anenggih karsa sampeyan//
24. //Kula nuwun cucal mahesa sakedhik/ satebah kewala/ panjangipun kawan kaki/ kinarya amben kewala//
25. //Wau dalu emban kula ginigit anjing/ milane kawula/ nuwun cucul<sup>117</sup> yen marengi/ asanget panuwun kula//
26. //Pangeran Tengah pangandikanira manis<sup>(+1)</sup>/ pundi wisma<sup>(-2)</sup>/ ing dhusun apa negari<sup>(+2)</sup>/ Santawignya pernata<sup>(-1)</sup>//
27. //Gih pangeran griya kula ing nagari/ nagari ing Wangga/ hamba dagang brambang gusti/ kula wade ing Juwana//
28. //Mantuk kula inggih bekta gereh trasi/ yen nyipeng kawula/ salere dhusun puniki/ ana arane kang wiyar//
29. //Caket balong ngembekaken lembu gusti/ pituwin angguyang/ mila hamba kelangeni/ pangeran alon ngandika//
30. //Dhateng sabat Praya abdi aneng ngarsi/ sira abdi Praya/ angiris walu lang sitik/ anaa teka satebah//
31. //Abdi Praya amintar sarwi angiris/ nuju cecalira/ mahesa dhungkul den iris/ pan lajeng den paringen<sup>118</sup>//

---

<sup>117</sup> Silap tulis dari *cucal*.

<sup>118</sup> Silap tulis dari *paringen*.

32. //Dhateng tiyang Wangga sampun den tampani/ anulya pamitannya<sup>(+1)</sup>/  
Pangeran sampun nglilani/ wus mundur saking ing ngarsa//
33. //Santawignya sampun panggih rencangneki/ dhateng ngara-ara/ lembu lajeng  
den momoti/ cucal dhungkul ambenira//
34. //Bidhal momot sadaya lembu ing ngarsi/ lembu tigang dasa/ sadaya  
dipungenthani/ arame suwaranira//
35. //Pating kaleneng gentha wonten ageng alit (+1)/ selur lampahira/ lare angon  
aningali/ arantab samarga-marga//
36. //Datan kocap lampahira aneng margi/ sampun prapta wisma/ dhateng ing  
Wangga nagari/ kocapa lembu satunggal//
37. //Lajeng ngamuk momotane kocar-kacir/ kantun cekathakan/ taksih kanthil  
aneng geger/ lembu kadya katempelan//
38. //Mangilen ngaler-ngidul ngetan nenggih/ binendrong wong kathah/ wonten  
ingkang nyejatani/ datan busik wulunira//
39. //Angamuke lembu saya anemeni/ nunjang sarta nyundhang/ akathah tiyang  
kang kanin/ lembu mlajeng mlebet wana//
40. //Tinututan sadaya datan nguntapi/ serap wayahira/ tiyang sami wangsl  
mulih/ tan kawarna dalunira//
41. //Sareng enjang Santawignya matur aris/ ing bendaranira/ Pangeran Wangga  
winarni/ wus prapta aneng ing ngarsa//

42. //Wus umatur awit purwanireng nguni/ dumugi wekasan/ Santawignya aturneki/ pangeran alon ngandika//

43. //Dhateng demang rangga bekel lan ngabehi/ kinen ngupayaa/ lembu kang mlebeng wanadri/ kang tampi dhawuh dyan mintar//

44. //Samya bekta sanjata pedhang lan keris/ kadya nglurug perang/ wana dipunkepung nuli/ tiyang kathah samya culat//

45. //Lembu kagyat janggirat kirig-kirig<sup>(-1)</sup>/ macicile neutranya<sup>(+1)</sup>/ lajeng nempuh amburoni/ binendrong waos sanjata// //o//

### **Pupuh XX (Durma)**

//o// 1. //Pengamuke lembu sangsaya agalak/ kathah kang samya ngisis/ tan purun nyaketa/ ajrih yen dipungondhang/ anenggih yen kadi mantri/ kang kanin punika<sup>(+1)</sup>/ singa pejah ugi//

2. //Wayah asar lembu pan sampun asayah/ kengingnya dipunjaring/ kabekta mantuk enggal<sup>(+1)</sup>/ katur dhateng pangeran/ cekathakan taksih kanthil/ pangeran dhawuhnya<sup>(+1)</sup>/ pan kinen bukak aglis//

3. //Gya binukak cekathakanira ika/ pangeran dhawuh nuli/ dhateng Santawignya/ eh mara sanjataa/ Santawignya nyandhak aglis/ senjatanira/ lembu kenging ngemasi//

4. //Pangeran Wangga alon denira ngandika<sup>(+1)</sup>/ Sontawignya sireki/ apa purwanira/ pasah sira sanjata/ mau binendrong bedhil<sup>(-1)</sup>/ nora tumama/ kongsi ngabisna mimis//

5. //Santawignya wau alon aturira/ kawula kinten gusti/ cucul ambenira/ kados saget digdaya/ gen kula nuwun rumiyin/ dhateng Pangeran Tengah<sup>(+2)</sup>/ ing Landhoh dalemneki//
6. //Jeng pangeran kinen mendhet kuda<sup>(-2)</sup>/ lajeng dipunkalungi/ cucul amben punika<sup>(-1)</sup>/ lajeng dipunsanjata/ kaping gangsal boten busik/ kinen anumbak/ inggih boten ngemasi//
7. //Dipunpindhah kinalungaken mahesa/ binendrong dipunbedhili<sup>(+1)</sup>/ pan inggih tan pasah/ pangeran dhawuh sigra/ cucul lajeng dipunbagi/ samerang-merang/ anenggih agengneki//
8. //Sampun radin binagi tiyang sawangga/ kinarya jimat nenggih/ kabuntel ing sanjang<sup>119</sup>/ kange susupe sedaya<sup>(+1)</sup>/ wonten kang kinarya sabuk kaulesi<sup>(+4)</sup>/ pethak<sup>(-3)</sup>/ anenggih pundhi-pundhi//
9. //Antarane wonten satengah wulan<sup>(-1)</sup>/ katur jeng sultan Mantawis<sup>(+1)</sup>/ pirengnya jeng sultan/ saking aturira<sup>(-1)</sup>/ bala pangeran Wangga tur uning<sup>(+2)</sup>/ mring Kanjeng Sultan/ Agung inggih Mentawis//
10. //Purwanipun miwiti tekeng wekasan/ Sultan Agung nimbali/ klayan pamajegan/ sekawan kathahira/ ingutus mring Landhoh singgih/ amundhi nawala<sup>(+1)</sup>/ inggih saking gri<sup>120</sup> bupati<sup>(+1)</sup>//
11. //Sultan Agung alon denira ngandika/ mantri sira sun tuding/ marang Landhoh ika/ Pangeran Tirta Kusuma<sup>(+1)</sup>/ paringen surat mami/ jabuning layang/ tutur anak mami<sup>(-1)</sup>//

<sup>119</sup> Silap tulis dari *binjang*.

<sup>120</sup> Silap tulis dari *sri*.

12. //Lulangira kebo dhungkul lan sungunya/ sun pundhut ing Mentawis/ sira gawa pisan/ sarta kirim manira/ ganjaran rong pangadeg iki<sup>(+1)</sup>/ pengagemingwang/ paringena putra mami<sup>(+1)</sup>//
13. //Wis bidhal saiki becik kinarya<sup>(-1)</sup>/ nulya lengser sing ngarsi/ sarta mundhi serat/ mantri sekawan nya budhal<sup>(+1)</sup>/ rewang dharat kalih (dadasi?)<sup>(+1)</sup>/ mantri sekawan/ pra samya nitih wajik//
14. //Gegancangan lampahira aneng margia/ kawan dinten wus prapti/ inggih Landhoh desa/ Pangeran Tirta Kusuma<sup>(+1)</sup>/ semu kaget ingkang galih/ wonten caraka/ saking Mentaram nagri//
15. //Sami lenggah mantri sakawan punika/ Pangeran Tengah aglis/ tedhaken ing lenggah/ nyakiti gandhek duta/ Pangeran Tengah nampeni/ kang nawala<sup>(-1)</sup>/ enggal pan bika aglis// //o//

### **Pupuh XXI (Sinom)**

- //o// 1. //Iki pangeran layangewang<sup>(+1)</sup>/ teka ramamu Sang aji/ Sultan Agung kang kuwasa/ Ngabdulrahman Yasayidin/ Panata Agama ugi<sup>(+1)</sup>/ ingkang ngedhatyan Mentarum/ kang mengku Tanah Jawa/ kalakengkat ing sabumi/ pan telatah pasisir urutira<sup>(-1)</sup>//
2. //Iya puji donganingwang/ tumekaa ingkang siwi/ Rahaden Tirta Kusuma/ satriya anom apekik/ ingkang seneng amukim/ omah desa Landhoh iku/ sawiji tur sembada/ tetani panggawe suci/ sucinira anyrambahi sakulawarga<sup>(+1)</sup>//
3. //Sawuse puji pandonga/ iya ora apa maning<sup>(-1)</sup>/ nalika tanggal lima las/ lan jrone Sawal kang sasi/ sira katekan iki/ wong ing Wangga dagang lembu/

kang aran Santawignya/ jaluk tulang<sup>121</sup> sira wehi/ mung satebah kawan kaki panjangira//

4. //Menawa lega tyasira/ lulang sarta sungu ngubiki<sup>(+1)</sup>/ ingsun pundhut mring Mantaram/ gawakna utusan mami/ aja kaliru kaki/ kang sun pundhut tulang dhungkul/ sarta sungune pisan/ poma-poma putra mami/ saisihe lulang dhungkul gawakena//
5. //Kajabane iki iya/ sira thole sun kirimi/ sapadege<sup>122</sup> busana/ keris sapendhoke iki/ dhestar lan kelambi<sup>(-1)</sup>/ sangu gedhog sutra alus/ kampuh lan jarit amba/ epek renda lawan berji/ iya iku lorotan agemanira//
6. //Wus titi ponang nawala/ tinulis ing Rebo Legi/ pan wolu likur tanggalnya/ anenggih Sawal kang sasi/ apinuju ingkang arsi<sup>(+1)</sup>/ anenggih Dal taunipun/ sengkalannya kang warsa/ kirim blanja ingkang rayi/ limang atus pitung dasa pitu ika//
7. //Pangeran Tirta Kusuma/ sareng maca ingkang tulis/ (sunuk?) neng jroning wardaya/ wus kadhadha semuneki/ marwata sultan Banten mring<sup>(+1)</sup>/ kang rama Sultan Agung<sup>(-1)</sup>/ dene paring busana/ rong pengadeg agemneki/ mila gandhek utusan sinuba-suba//
8. //Pangeran Tirta Kusuma/ pra sentana den timbali/ tuwin wau ingkang raka/ Raden Momok den aturi/ Pangran Tirta kusumeki<sup>(+1)</sup>/ sedaya wus prapta ngayun/ manggihi mantri duta/ ingkang saking ing Mentawis/ saben dalu genipun sami jagongan//

---

<sup>121</sup> Silap tulis dari *tulung*.

<sup>122</sup> Silap tulis dari *sapangadhege*.

9. //Serat saking Mentaram<sup>(-1)</sup>/ inggih sampun den wangsuli/ ingkang nyerat putranira/ Raden Amir sampun wasis/ kang rama paring lit<sup>(-1)</sup>/ kabeh purwaning kang tembung/ memanising bebasan/ ngasoraken jiwa ragi/ aja kaduk ngegungaken sarira<sup>(-1)</sup>//
10. //Sultan Agung ingkang kwasa/ pernah sepuh dhasar sekti/ dadi ratu Tanah Jawa/ sinembah para bupati/ pira-pira wak mami/ den sruwe marang sang prabu/ mulane putraningwang/ gonmu nulis ingkang becik/ aja kongsi aksara pegat kalimah//
11. //Destun temen yen wong desa/ kurang tata kurang titi/ nora mangerti sujana/ ja kongsi ngisabi-sabi/ yen den guyu wong nagari<sup>(-1)</sup>/ tandha tedhak saking dhusun/ kang putra aturira/ kados boten nguciwani/ boten benten nalar ngriki lan Mentaram//
12. //Temtu wonten kacekira/ ing dhusun klayan nagari/ dipunulig saben dina/ asanyah<sup>123</sup> tembungireki/ bok inggih tiyang nagari<sup>(+1)</sup>/ kinen gantheng ameluku<sup>124</sup>/ mangsa silih nyandhaka/ kalayan tiyang ing desi/ nadyan dhusun boten sembarang dhusunnya//
13. //Kang rama alon ngandika/ iya bener sira iki/ serat sampun tinulisan/ sampun dadya gening nulis/ katur kang rama aglis/ winaca sinukmeng tembung/ sadaya tandukira/ rakiting aksara titi/ sampun leres aksara arayak-rayak//
14. //Dipi enjang seratira/ tinampekaken tumuli/ dhateng gandhek ing Mataram/ gandhek sampun anampeni/ sarta umatur aris/ pangeran kawula nuwun/ mumpung enjang abidhal/ tigang dinten dhateng ngriki/ sakelangkung ingajeng rama jeng sultan//

<sup>123</sup> Silap tulis dari *atanyah*.

<sup>124</sup> Silap tulis dari *amaluku*.

15. //Pangeran Tirta Kusuma/ pangandikanira aris/ inggih sumangga kewala/ gandhek lengser sakingarsi/ wus bidhal lampahneki/ tan kocap aneng marga gung/ wus prapta ing Mentaram/ Sultan Agung duk siniwi/ gandhek cundhuk tumamengarsa narendra//
16. //Sarta wau mundhi serat/ ingaturaken sang aji/ sang nata sampun atampa/ pinijet binuka aglis/ tata titining tulis/ menggah ing manising tembung/ kanjeng sultan grahita/ pan mesem sajroning galih/ dene bisa udanagara utama//
17. //Punika serat kawula/ mugi konjuk jeng ramaji/ Sultan Agung kang kuwasa/ Ngabdulrahman ya Sayidin/ Panatagama ugi/ kang sudibya wibawa gung/ kang dalem kitha Mataram<sup>(+1)</sup>/ kang mengkoni Tanah Jawi/ pra bupati pasisir takluk sadaya//
18. //Pan masur ing tanah sabrang/ para raja siyan<sup>125</sup> nagri/ dene ambek kawula<sup>(+1)</sup>/ setya legawa ing tyasneki<sup>(+1)</sup>/ digdaya dhasar sekti/ kasubing rat Jawi punjur/ ber pradhah lila ing dunya<sup>(+1)</sup>/ bojakramaning sesami/ pra bupati wedi asih suyut samya//
19. Sampun ing kadya punika/ awiyos boten punapi/ kawula sampun amundhi<sup>(a)</sup>/ inggih paparing tulis<sup>(+1)</sup>/ saking kangjeng rama aji<sup>(+1)</sup>/ panjenengan dalem wau/ amundhut cecal lan singat<sup>(+1)</sup>/ cecalipun dhungkul nguni/ klangenaning kala swargi kangjeng rama//
20. //Jeng sultan sampun aduka/ singatipun dhungkul gusti/ inggih sampun telas sadaya<sup>(+1)</sup>/ tan kantenan kang bektani/ wonten ingkang taksih kidhik<sup>(+1)</sup>/ damel

---

<sup>125</sup> Silap tulis dari *liyan*.

badhe jungkas<sup>126</sup> wau/ lepen<sup>127</sup> pituwin belabah<sup>(+1)</sup>/ jujulipun kantun kidhik/  
gih punika kang sareng serat punika//

21. //Mugi konjuk kangjeng rama/ wiyaripun kalih kaki/ panjangnya namung  
sekawan/ sumangga jeng rama aji/ kajawinipun malih/ kangjeng rama sultan  
kintun/ lorotaning busana/ asanget pamundhi mami/ kang supados anyrambah  
kulawarga//

22. //Supados anurunana/ anak putu buyut mami/ dhuwung paring jeng sultan/  
kalokengrat ing sabumi/ amung punika gusti/ unjuk kawula sang prabu/  
kapundhi ing mastaka/ kacancang ing remamami/ dunya kerat kawula datan  
suminggah//

23. //Pan namung bekti kawula/ kaunjuk dhateng sang aji/ serat saking ingkang  
putra/ Tirta Kusuma kang nami/ Landhoh wismanya desi/ adipati papa  
wilangun<sup>(+1)</sup>/ narima titah ing Suksma<sup>(+1)</sup>/ mugi Hyang Widi ngasihi/ embu-  
embunan printahireng suksmanasa//

24. //Nalikanira sinerat/ nuju dinten Senen Legi/ tanggalnya kaping sakawan/  
Dulkangidah ingkang sasi/ taun dal kang winarni/ sengkalannya warsanipun/  
kali sabrang angin kisma<sup>(+1)</sup>/ sampun tamat tembung titi/ ingkang sampun  
kasebut nawala patrah<sup>128</sup>//

25. //Sultan Agung mesem ing tyas/ garjiteng jroning galih<sup>(-1)</sup>/ nora mambu weton  
desa/ pasanging aksara kita<sup>(i)</sup>/ tembunge memes manis/ mendah aneng praja  
agung/ ngungkuli wong Metaram/ nora uman ing pangerti/ nadyan desa tlitine  
wong bek sujana//

---

<sup>126</sup> Silap tulis dari *jungkat*.

<sup>127</sup> Silap tulis dari *slepen*.

<sup>128</sup> Silap tulis dari *patra*.

26. //Sultan Agung angandika/ marang mantri catur nenggih/ eh mantri sira muliha/ mantri sekawan tur bekti/ pan lengser sing ngarsi<sup>(-1)</sup>/ mantri sekawan wus mantuk/ jeng sultan angedhatyan/ ingiring parekan selir/ ingkang garwa amethukaken den asru// //o//

### **Pupuh XXII (Kinanthi)**

- //o// 1. //Nengena jeng Sultan Agung/ agantar ingkang winarni/ Santawignya tiyang Wangga/ awangsul mring Landhoh nenggih/ anuwun cucal mahesa/ panunggilira rumiyin//
2. //Amatur sayektosipun/ wucal<sup>129</sup> damel amben sapi/ dugi Wangga lajeng meta/ binendrong tumbak lan bedhil/ lembunipun datan pasah/ margi cucal saking ngriki//
3. //Santawignya matur galur/ purwaning kawiting nguni/ cucal sampun damel jimat/ tiyang sa Wangga gawe radin<sup>(+1)</sup>/ walulang kaduman samerang<sup>(+1)</sup>/ kadamel jimat pribadi//
4. //Menggah wau hikmahipun/ kawula sampun ngayoni/ den waos tiyang sedasa/ boten busik awak mami/ nanging supe panganggenya/ sampun nangge sombong iki//
5. //Kang dulu eram sedarum/ ature Santawignya Ki/ Pangeran Tirtakusuma/ pangandikanira aris/ inggih paman Santawignya/ cucal dhungkul sampun abis//
6. //Kapundhut Jeng Sultan Agung/ sapungkure paman nguni/ Santawignya aturira/ bok manawi taksih kidhik/ balung pituwin teracak/ untunya manawi taksih//

---

<sup>129</sup> Silap tulis dari *cucal*.

7. //Yen taksih cucale dhungkul/ wontena sailir alit/ kawula ngaturi arta/ gangsal atus arta ringgit/ punika pangeran Wangga/ bektani arta mring mami//
8. //Pangeran Tengah gumuyu/ daya-daya lamun taksih/ kula niki basakena/ kados (lengak?) ri busik<sup>(-1)</sup>/ boten wuninga ing warta/ sampun andika mariki//
9. //Lah inggih dika umatur/ mring Surya Kusuma adhi/ pangeran ingkang mardika/ dalem Wangga ing nagari/ yen cecal dhungkul wus telas/ Santawignya angabektani<sup>(+1)</sup>//
10. //Pan inggih kawula nuwun/ pamit mantuk mumpung enjing/ Pangeran Tengah ngandika/ lah paman kula lilani/ Santawignya sampun bidhal/ tan kocap aneng ing margi//
11. //Anenggih sapungkuripun/ Pangeran Tengah winari/ Raden Momok Ketip ngandika<sup>(+1)</sup>/ Pangeran Dagan kang rayi/ tuwin kang para santana/ pangulu ketib myang modin//
12. //Sami papakan sedarum/ cecal dhungkul kantuneki/ binagi para sentana/ balungnya kang den pendhemi/ kinen wau andhudhuka/ sedaya wetah atasih//
13. //Binage sadherekipun/ damel jimat den ulesi/ tatiron tiyang ing Wangga/ ingkang akathah pribadi/ Pangeran Tirtakusuma/ singate datan binagi//
14. //Singat cecal balung untu/ damel jimat den blingkahi/ boten benten dijayanya/ boten pasah tumbak keris/ sarta nebihaken godha/ gendruwo kebokemali//

15. //Milanya mahesa dhungkul/ singat cucal balungneki/ akenging damel  
jimatan/ sabab mahesa wus mati/ nging nugah ing panembahan/ saget gesang  
kadi nguni//
16. //Pan dadi klangenanipun/ panembahan kang suwargi/ sedaya pratikelira/  
dhungkul sampun kadi janmi/ kacek boten saget ngucal/ pinasthi karsa Hyang  
Widi//
17. //Akathah lamun cinatur/ gancange caritaneki/ Raden Momok sampun seda/  
pinetak sakilen masjit/ boten tunggilan kang rama/ sampun karsane pribadi//
18. //Warnanen ingkang winuwus/ Raden Tirtamenggaleki/ kalih wau putranira/  
sami jalu pekik-pekit/ ingkang bajeng Raden Rahmat/ ingkang rayi Raden  
Sahid//
19. //Kinasihan kalihipun/ dhateng eyang pangeran nenggih<sup>(+1)</sup>/ siyang ratri datan  
pegat/ sapurugnya den tut wingking/ kang putra dinamadana/ wolung warsi  
yusawaneki//
20. //Pangeran Dagan winuwus/ putranya ingkang winarni/ Rahaden Ayu  
Kusuma/ Ki Ageng Banyol wismeki/ inggih sampun darbe putra/ pepitu  
kathahnya siwi//
21. //Ingkang bajeng jaler wau/ Raden Sadat ingkang nami/ kang nenem samya  
wanudya/ tan kocaping namineki/ salebet seratnya ilang/ mila tan kacriteng  
nami//
22. //Pangeran Tengah cinatur/ gerahira sampun lami/ kalih dinten sakitira/ anulya  
wau ngemasi/ Pangeran Dagan winarna/ anuweni raka singgih//

23. //Gening seda lingsir dalu/ dintenipun Kemis Paing/ nuju tanggal gangsal welas/ wulane Jumadilakir/ Jimakir sengkala warsa/ watu nendra bale bumi//
24. //Garwa putra nangis sadarum<sup>(+1)</sup>/ tuwin wayah sami nangis/ pituwin para sentana/ sabab ingkang lami<sup>130</sup> asih/ pan wus lumampah tiyang palasatra<sup>(+3)</sup>/ prayogine den tangisi//
25. //Teka kurang sedhepipun/ yen garwa putra ngemasi/ lamun nora tinangisan/ rinasan liyaning janmi/ wong tuwa dulur palasatra<sup>(+1)</sup>/ sami bingah temen iki//
26. //Tur mundhak metengi kubur/ yen wong mati den tangisi / malah padha sukeng tyasnya/ duk kalane bayi lahir/ wong tuwa dulur abungah/ kaurmatanireng entig//
27. //Yaiku umpanenipun/ wong mati iku amulih/ marang ngalam ora-owah/ sabab apa den tangisi/ marang wismanya pribadya/ abakal mungguh<sup>131</sup> suwargi//
28. //Mulane wajib maguru/ weruh sangkan paran pati/ kang patitis ulihira/ aja kasasar ing margi/ ja kena godha rencana/ iku bakal bilaeni//
29. //Pira lawase wong dunung/ ora wurung bakal mulih/ jaler estri padha-padha/ nama Cina Landa Bugis/ ora wurung yen palasatra<sup>(+1)</sup>/ wajib padha istiyar<sup>(a)</sup><sup>(-1)</sup>//
30. //Weruha panggenanipun/ kang bakal singra<sup>132</sup> parani/ apa baya wernanira/ apa ireng ijo putih/ apa wungu kuning abang/ apa rungrut<sup>133</sup> padhang bersih//

<sup>130</sup> Silap tulis dari *sami*.

<sup>131</sup> Silap tulis dari *munggah*.

<sup>132</sup> Silap tulis dari *sira*.

<sup>133</sup> Silap tulis dari *rungkat*.

31. //Iku uga luwih perlu/ aja tungkul dunya iki/ aja mati sasar<sup>(-2)</sup>/ mulih nora weruh mergi/ dadi kinjeng tanpa soca/ mungguh dadi cacing iki//
32. //Yen dadi cacing bengkanglung/ dimangsa iwen lan pitik/ mulane wong urip padha/ elinga penggawe becik/ weruha ingkang sinedya/ sedya weruh gone pati//
33. //Akathah lamun winuwus/ sareng waktu wayah enjing/ Pangeran Tirta Kusuma/ layone dipunsirami/ sampun wau sinalatan/ lajeng modin ketip santri//
34. //Amragat mahesanipun/ kalih totor gih serakit/ nalika taksih agesang/ sampun dhawuh putraneki/ mila totor lawan kala/ sampun pasrah ngesthi pati//
35. //Layone binekta sampun/ aneng pesareyanneki/ sinare wetan kang rama/ angangge gedhong pribadi/ ing awit iku kalihnya/ ingkang putra anengahi//
36. //Anulya bibaran sampun/ kaji santri ingkang ngiring/ sami den adhep sadaya/ boten pareng lamun mulih/ pitung dinten kajatira/ tahlil kawan daranira//
37. //Kang putra pangeran wau/ Raden Tirtamenggaleki/ anggentosi ingkang rama/ Pangeran Wetan kang nami/ asuyut para sentana/ paprintahan kados lami//
38. //Wus telas ing kajatipun/ Pangeran Dagan kang rayi/ agerah pan lajeng seda/ sami ugi kurmat neki/ sabab putrane akaya/ Ki Ageng Bogol winarni//
39. //Sinare sakidulipun/ aneng pager banon Jawi/ margi dhawuhe keng rama/ nalika taksih suwargi/ gening ngubur Jawi bata/ cinaketaken rameki//

40. //Tan kocap ing kajatipun/ agenti ingkang winarni/ Pangeran Wetan winarna/  
kang putra jaler kakalih/ Raden Rahmat ingkang tuwa/ Raden Sahid ingkang  
rayi//
41. //Raden Rahmat pamit wau/ dhateng ingkang rama nenggih/ kesah ngaji  
dhateng Dengmak/ kang rama wus anglilani/ enjangipun bidhalira/ bekta  
punakawan kalih//
42. //Anjujug griya pangulu/ anenggih Demak nagari/ Raden Rahmat sampun  
lama/ gening ngaji sampun bangkit/ winulang pangulu Demak/ yen mangsa  
pasa winarni//
43. //Dipunkarsakaken darus/ aneng daleming bupati/ santri tan pareng mantuka/  
santri pinaringan bukti/ asaur nalika pajar/ datan pegat saben ratri//
44. //Anulya satunggal wektu/ rahaden ayu bupati/ kaleres malem Jumawah<sup>134</sup>/  
amaos aneng ing Jawi/ lumampah dugi pandhap<sup>(-1)</sup>/ wonten murup kang  
kaeksi//
45. //Den ayu kaget anjumbul/ den awasaken tumuli/ santri tilem inggalarah/  
ingkang murub den perpiki<sup>135</sup>/ anenggih santri satunggal/ sinuwek bebetnya  
mijil// //o//

### **Pupuh XXIII (Mijil)**

- //o// 1. //Raden Ayu malebeng jro puri/ umatur raka lon/ ingkang raka  
dipunwungokake/ adipati sigra wungu aglis/ kang garwa pinanggih/ metek  
sukunipun//

<sup>134</sup> Silap tulis dari *Jumuwah*.

<sup>135</sup> Silap tulis dari *perpeki*.

2. //Adipati angandika aris/ saparan rinengong/ ingkang garwa alon ing ature/  
inggih kula umatur sayekti/ kula saking awi/ gerah badan ulun//
  
3. //Wonten murub mencorong kaeksi/ ulubipun ijo/ kula injen pan dugi cakete/  
santri kathah kang samya guling<sup>(-1)</sup>/ inggih mung satunggil/ kang kadulu  
murub//
  
4. //Kula sawek sinjangnya sakedhik/ kalih kilan kados/ ingkang raka alon  
ngandikane/ mengko esuk sun priksane iki/ endi ingkang ciri/ suwek  
bebepipun//
  
5. //Adipati amiyo ing Jawi/ angandika alon/ marang ketip pangandikane<sup>(-1)</sup>/  
sira ketip modin lawan santri/ kabeh aja mulih/ nganti mengko esuk//
  
6. //Lurah ketip umatur wotsari/ sandika kemawon/ adipati malebeng daleme/  
nulya dhawuh teng kokineki<sup>(-1)</sup>/ santri kinen maringi<sup>(+1)</sup>/ bukti sami atur//
  
7. //Kathahipun kalih welas santri/ modin pitu kang wong/ ketib kalih satunggal  
lurahe/ bakda sahur ketip amrintahi/ sakabehe santri/ aja mulih iku//
  
8. //Padha bareng mulih maring mami/ anganti kang dhawoh<sup>136</sup>/ adipati iya  
timbalane/ modin santri sandika turneki/ wernanen ing ratri/ sareng  
enjangipun//
  
9. //Adipati amiyo tinangkil/ garwa dherek miyos/ apan sarwa kekanten astane/  
ketip modin pan samya ngabekti/ alenggah pendhapi/ angantos kang dhawuh//
  
10. //Adipati angandika aris/ dhumateng ketib anom<sup>(+1)</sup>/ eh ta ketip santri pira  
kehe/ ingkang tilem aneng ing pendhapi/ iya mau bengi/ ketip anom matur//

<sup>136</sup> Ditulis ‘dhawoh’ karena untuk memenuhi guru lagu. Kata yang seharusnya adalah ‘dhawuh’.

11. //Santri amung kalih welas gusti/ ageng alit anom/ modine nem tiga ing ketibe/ kapetengen magersari<sup>(-2)</sup>/ hamba datan uning/ kathah kedhikipun//
12. //Raden ayu angandika aris/ iya ketip anom/ santri rolas iya kiraba kabeh<sup>(+1)</sup>/ sarta mudin kiraba sami<sup>(-1)</sup>/ krana mau bengi/ akelangan ingsun//
13. //Yasupe ingsun tibeng pendhapi/ bokmanawa weruh/ ana ingkang jupuk ngumpetake/ ketip anom sigra ngadeg aglis/ modin lawan santri/ akirab sedarum//
14. //Kinen ucul sabuk sedayaneki<sup>(+1)</sup>/ kantun bebet mawon/ Raden Rahamat ucul sabuke/ mingkas-mingkus genira nguculi/ batos semu isin/ suwek bebetipun//
15. //Tan uninga suweke ing wengi/ osikira batos/ dipunkinten dipunsuwek rencange<sup>(+1)</sup>/ santri kathah manawa ana kang jahil<sup>(+2)</sup>/ apanas kang ati/ sebab kasihing pangulu<sup>(+2)</sup>//
16. //Raden ayu anjawil dipati/ sarwi bisik alon/ gih punika kang suwek sinjange/ boten samar wau dalu niki/ pan kula sulohi<sup>137</sup>/ ceceg<sup>138</sup> wernanipun//
17. //Dyan dipati angandika aris<sup>(+1)</sup>/ iya becik anom/ santri siji kuwi gawa mrene/ ketip anom sigra nyandhak astanireki<sup>(+3)</sup>/ dyan Rahmat kinanthi/ umarek ing ngayun//
18. //Angandika den ayu dipati/ eh santri sun takon/ iya sira ing endi wismane/ lawan sapa jenengireki<sup>(-1)</sup>/ sapa darbe siwi/ ngendi asalipun//

---

<sup>137</sup> Silap tulis dari *suluhi*.

<sup>138</sup> Silap tulis dari *cocog*.

19. //Raden Rahmat umatur ngabekti/ kula umatur yektos<sup>(+1)</sup>/ nami kula Rahmat wiyose<sup>(-1)</sup>/ dhusun Landhoh wisma kula gusti/ Tirta Manggaleki/ bapak namanipun//
20. //Dyan dipati angandika aris/ apa printah uwong/ bapakmu apa mlaku gawe<sup>(-1)</sup>/ Raden Rahmat matur ngabekti/ inggih prentah des<sup>i</sup><sup>139</sup>/ demang Landhoh dhusun//
21. //Den dipati angandika malih/ aja lunga adoh/ sira ingsun andheng aneng kene/ ingsun pundhut anak sireki<sup>(-1)</sup>/ yen esuk sira ngaji<sup>(+1)</sup>/ omahe pengulu//
22. //Raden Rahmat manembah tur bekti/ sumangga kemawon/ mung paduka wontena kersane/ utusan dhateng Landhoh gusti<sup>(-1)</sup>/ aparing udani/ inggih bapak ulun//
23. //Angandika rahaden dipati/ liya dina ingong/ ya utusan ing Landhoh bakale/ wus bibaran malebeng jro puri/ Raden Rahmat nunggil/ putra sentana sampun<sup>(+1)</sup>//
24. //Saben dina golong-golong ngaji/ ing masjit pangulon/ bakda ngaji amantuk kadipaten<sup>(+1)</sup>/ putra santana sedaya asih/ Raden Rahmat nenggih/ andhap asor wau//
25. //Datan winursita nguni<sup>(-2)</sup>/ wus lami cariyos/ dyan dipati utusan mantrine/ dhateng Landhoh sarwi bekta tulis/ tan kocaping margi/ prapta Landhoh sampun//

---

<sup>139</sup> Kata yang seharusnya adalah *desa*, tetapi untuk memenuhi guru lagu penyalin naskah menulis *desi*.

26. //Pangeran Wetan Tirta Menggaleki<sup>(+1)</sup>/ dyan kaget Wiranom/ aningali kuda kathah dipunkinten<sup>(+2)</sup>/ utusan Mentawis<sup>(-4)</sup>/ nulya den pangghi/mantri Demak cundhuk//
27. //Kang nawala sampun den tampani/ mring Raden Wiranom/ gya pinijet binuka elake/ tembungipun arum amanis<sup>(-1)</sup>/ dhasar kadhus manis/ barang solahipun// //o//

#### **Pupuh XXIV (Gambuh)**

- //o// 1. //Assalamungalaekum<sup>(+1)</sup>/ warahmatullah wabar katuhu/ salam kula katura dhateng pun adhi/ Raden Tirta Menggaleku/ Pangeran Wetan ing Landhoh//
2. //Serat saking rakanipun<sup>(+1)</sup>/ adipati Demak prajanipun/ ajejuluk Patmanagara dipati/ anenggih ing wiyosipun/ yen pareng ekas ing batos//
3. //Yen seneng kaliyanipun<sup>(+1)</sup>/ putranira anenggih puniku/ Raden Rahmat ingkang taksih ngaji<sup>(-2)</sup>/ dhateng griya pangulu<sup>(-1)</sup>/ ing Demak kauman enggon//
4. //Badhe kula pendhet mantu<sup>(+1)</sup>/ apinantu anak kula wau/ bajeng kula Raden Ajeng Rara Kuning/ yen tinakdir Hyang Agung<sup>(-1)</sup>/ dinadosaken ing jodho//
5. //Nenggih Raden Rahmat putranipun<sup>(+3)</sup>/ nenggih sampun tigang taun kula/ ajar dhateng kadipaten nulis Jawi/ Arab sampun putus<sup>(-2)</sup>/ tan wonten ingkang winaos//
6. //Atelas titining tembung<sup>(+1)</sup>/ serat ingkang kasebat puniku/ mugi adhi serimbit samya anggalih/ kula nuwun angsul<sup>(-2)</sup>/ serat esaning ing batos//

7. //Raden Tirta Menggaleku<sup>(+1)</sup>/ sampun tamating pemaosipun/ mlebeng dalem sarwi bangking serat neki/ pirembag lan garwanipun/ bubukaning cinariyos//
8. //Keng rayi bingah kelangkung<sup>(+1)</sup>/ ingkang putra badhe kapendhet mantu<sup>(+1)</sup>/ kangjeng Demak inggih dipati<sup>(-3)</sup>/ pikantuk semboyanipun/ estri wernanireng tanggon//
9. //Karya serat aangsul-angsul<sup>(+1)</sup>/ sampun dadya pinaringaken wau<sup>(+1)</sup>/ dhateng mantri ing Demak sampun tinampi/ pun mantri apamit mundur/ rinilan budhalnya alon//
10. //Tan kocaping marga agung<sup>(+1)</sup>/ sampun prapta ing Demak prajagung/ dyan dipati pinuju sawek siniwi/ mantri duta sampun cundhuk/ mundhi serat wus cumaos//
11. //Serat ingaturaken sampun<sup>(+2)</sup>/ gya pinijet pan binuka sampun/ serat aangsul anenggih saking kang rayi/ Raden Tirta Menggaleku/ Pangeran Wetan ing Landhoh//
12. //Urmat ingkang taklimipun<sup>(+1)</sup>/ serat katuring panjenenganipun<sup>(+1)</sup>/ dhateng kangjeng adipati<sup>(-4)</sup>/ Patmanagara kang mengku/ dalem kitha Demak kaot//
13. //Sampuning kadya puniku<sup>(+1)</sup>/ ingkang wiyyosing sekathahipun/ apan kula inggih sampun anampeni/ ijemaning srat sedarum/ kang kasebat jro wiraos//
14. //Prakawis pun Rahmat wau<sup>(+1)</sup>/ gih sumangga pan dados kersanipun<sup>(+1)</sup>/ tan rumaos kawula aderbe siwi/ mung paduka ingkang gadhuh/ sumangga karsa<sup>140</sup> kemawon//

<sup>140</sup> Terdapat bentuk lainnya berupa dialek yaitu ‘kersa’.

15. //Dadosa ing jodhonipun<sup>(+1)</sup>/ ingkang putra Rara Kuning wau/ adhatengaken nini-nini<sup>(-1)</sup>/ supados sageta lulut/ tan wonten suwaleng batos//
16. //Mung punika atur ulun<sup>(+1)</sup>/ ing titining serat winuwus anuju<sup>(+2)</sup>/ tanggal ping kalih desa pinarenging sasi<sup>(+1)</sup>/ Mulud taun<sup>(-4)</sup>/ Je ingkang gumantos<sup>(-2)</sup>//
17. //Raden dipati ngedhatun<sup>(+1)</sup>/ wus bibaran punggawa sedarum/ den dipati dhawuh dhateng garwaneki/ critanya bebunipun/ serat wangulan ing Landhoh//
18. //Den ayu bingah kelangkung<sup>(+1)</sup>/ sampun lami dados karsanipun/ kang panggalih den ayu karsa yektoni/ nalika dalu amurub/ aneng pandhapa mancorong//
19. //Nengena ingkang winuwus<sup>(+1)</sup>/ nenggih Raden Tirta Menggaleku/ Pangran Wetan utusan mring Dengmak nagri/ ngaturi mahesa selangkung<sup>(+1)</sup>/ abumbung ulam ing pawon//
20. //Kinarya sugating tamu<sup>(+1)</sup>/ lan pituwin kinarya ulam tayup<sup>(+1)</sup>/ kangjeng Demak adhawuh kinen nampani/ mahesa inggih selangkung/ ingkang saking besan Landhoh//
21. //Dyan Dipati adhawuh/ animballi dhateng ki pangulu/ kang ingutus nimbali pangulu prapti/ wus prapta aneng ingayun/ dyan dipati ngandika alon<sup>(+1)</sup>//
22. //Sira Nursalim pangulu/ nikahena iya putrulingsun/ Rara Kuning iya karo Raden Rahmat mas kawinnya<sup>(i)(+4)</sup>/ Kur'an iki<sup>(u)(-4)</sup>/ rolas tail emas keton//
23. //Pangulu alon umatur<sup>(+1)</sup>/ gih sandika punapa keng dhawuh/ Raden Rahmat nulya dipunjanjeni<sup>(-1)</sup>/ cinepeng ing astanipun/ sineksenan ketib anom//

24. //Bakda ningkah kajatipun<sup>(+1)</sup>/ ambengane wali ngatur ngurus/ dyan kinepang ketib modin lawan santri/ kaji mantri punggawa gung/ pra sentana ingkang saos//
25. //Gumerah suwaranipun<sup>(+1)</sup>/ ambengane sami dipunkepung/ tyas atunggil bandhulnya nenggih saringgit/ lan saptangan sutra alus/ sedaya bingah ing batos//
26. //Anulya bibaran sampun<sup>(+1)</sup>/ Raden Rahmat dherek ki pangulu/ dhawuhira anenggih raden dipati/ wayah asar pinaesan iku<sup>(+2)</sup>/ ngangge cara kaji mawon//
27. //Adat cara Demak iku<sup>(+1)</sup>/ nenggih cara kaji wau<sup>(-2)</sup>/ cara Arab ingkang dipunirib-irib/ amrih nyawabana iku/ nyawabi sageta tiron//
28. //Sampun asar wayahipun<sup>(+1)</sup>/ Raden Rahmat binusanan sampun/ dhasar santri binusanan cara kaji/ kathah samar samya dulu/ dhasar sigit bagus anom//
29. //Yen ta sampun abagus/ rare dhusun Landhoh pundhut mantu/ pan pinilih dipati Demak nagari/ eleta sagara gunung/ yen jodho sandhing sumaos// //o//

Tamat

//Kang yasa layang iki: ingsun Seh Jangkung panembahan dalem ing desa Landhoh kabupaten nagara Pathi sarta wus pirembug mupakat lawan penggalih dalem Kangjeng Sultan Agung kuwasa ing Mataram paedahé sapungkuringsun anak putu padha wajib tumindak klakuwan kang becik dadya utamaning badan adunya tumengkeng-angakerat//

